12+

3

2017


'2010



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

# МАХ ДУГ

3
2017

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

## НОМЫРЫ ИС:


**ТЫБЫЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 АЗЫ**

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр.* **Уацтæ** 6

**ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 80 АЗЫ**

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар.* **Æз – хæхты фырт.** Æмдзæвгæтæ, цыбыр хъуыдытæ 12

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Æмфæндаггонтæ.** Роман. Дарддæр 21

**ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 75 АЗЫ**

*БУТАТЫ Эльзæ.* **Æргом ныхасы къæм нæй.** Интервью 85

**ТЪЕХТЫ ВАЛЕНТИН: 75 АЗЫ**

*ТЪЕХТЫ Валентин.* **Цæстысыджы æртæхтæ.** Новеллæ 104

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Æмбæхст зæлтæ.** Æмдзæвгæтæ 108

*ОТАРТЫ Гиуæрги.* **Уæныкæсæг.** Æцæг цаутæ 113

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 115

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Зианхæссæг чиныг** 125

**АРВИСТОН** 133


*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

# ТЫБЫЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 АЗЫ



*XX ӕнусы райдайӕны ирон литературон критикты ‘хсӕн уӕлдай стырдӕр сгуыхтытӕ равдыста Тыбылты Алыксандр. Уый нодженг уыди зынгӕ ӕхсӕнадон кусӕг, ирон адӕмы фидӕныл иттӕг зӕрдиагӕй чи тыхст, ахӕм патриот. Райгуырди 1887 азы Хуссар Ирыстоны хохаг хъӕу Залдайы. 1910 азы каст фӕци Калачы лӕппуты гимназ, фондз азы фӕстӕ та – Новороссийскы университеты историон-филологион факультет ӕмӕ райста фыццаг къӕпхӕны диплом.*

*1915–1918 азты куыста уырыссаг ӕвзаджы ахуыргӕнӕгӕй Калачы, йӕхӕдӕг цы гимназ каст фӕци, уым. Уый фӕстӕ ‘рбацыди Цхинвалмӕ ӕмӕ райдыдта ӕхсӕнадон куыст кӕнын, удуӕлдайӕ архайдта Хуссар Ирыстоны советон хицаудзинад ӕрфидар кӕныныл.*

*Афтӕ иузӕрдионӕй куыста газет «Хурзӕрин»-ы дӕр, фӕстӕдӕр та – журнал «Фидиуӕджы». Литературон ӕмӕ ӕхсӕнадон темӕтыл йӕ уацтӕ арӕх цыдысты Хуссар ӕмӕ Цӕгат Ирыстоны периодикон мыхуыры.*

*Уалынджы ралӕууыд «ӕвыд-дывыдоны дуг»: ивгъуыд ӕнусы ӕртынӕм азты ахсын ӕмӕ сафын байдыдтой адӕмы хуыздӕрты. Дзырдхӕсджыты азарӕй Алыксандр дӕр бахауди буржуазон националистты, адӕмы знӕгты номхыгъдмӕ ӕмӕ йӕ 1937 азы фехстой.*

## ИРОН ӔВЗАГ

* * *

Фыццаг рӕстӕджы дӕр стыр аргъ кодтам уырыссаг ӕвзагӕн. Дзӕбӕх ныхас зӕгъын нӕ-иу куы фӕндыдис, уӕд-иу загътам: «Дӕ лӕппу уырыссагау базонӕд». Кадджын нӕм уыдис гуырдзиаг ӕвзаг дӕр. Ӕрмӕст нӕ цӕсты нӕ уыдис ӕрдуйы бӕрц дӕр нӕ фыдӕлты ӕвзаг, ирон ӕвзаг.

Уыйадыл нӕ уд лӕвӕрдтам уырыссаг ӕвзагмӕ ӕмӕ нӕ ирон ныхасыл нӕ фӕцайдагъ стӕм нӕ скъолайы, нӕ бинонты ‘хсӕн.

Сæдæ азæй фылдæр рацыдис, ирон æвзагыл чиныг куы сæвзæрдис, фæлæ уадиссаг ницы ма сцырын ис ирон чиныг. Цæмæн нæ хъуыдис чиныг ирон æвзагыл? Цас ирон æвзаг тагъддæр ферох кодтаиккам æмæ тагъддæр сдзырдтаиккам уырыссаг æвзагыл, уыйас рæвдздæр уыдис паддзахы дуджы хицауады политикæ дæр кæройнаг къаннæг мыггæгты 'хсæн.

Революци асаста, паддзахы къухы цы адæмтæ уыдис, уыдон рæхыстæ. Алы адæмæн, алы дзыллæйæн бар ис сæ зонд, сæ хъару æмæ се 'гъдæуттæм гæсгæ саразой сæ цард кæрæй-кæронмæ. Куыд араздзыстæм мах нæ царды бындур? Æмдзу кæндзыстæм дунейы кусæг адæмимæ, уыдонæй нын хицæнгæнæн нæй, куыд иунæг æртахæн нæй фæхицæнгæнæн стыр денджызæй. Фæлæ уыцы кусæг адæмæн дæр фæдисонæн не сбæздзыстæм, нæ сæрæн куынæ уæм, нæ къахыл æдæрсгæ куынæ лæууæм. Цæмæй нæ къахыл слæууæм, уымæн та йæ сæйраг амæлттæй сæ иу у не 'взаг. Æрмæст æвзаджы руаджы райхъал уыдзæн нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары æрхæсгæ хæзнатæй. Размæ нæ ацæудзыстæм, нæ зонд не стыхджын уыдзæн, йæ фисынтæ йын нæхи æвзагыл куынæ самайæм, йæ уидæгтæ йын нæхи æвзагыл куынæ сфидар кæнæм.

* * *

Нæ бон у, не скъолайы бындур сæвæрæм нæ царды домæнтæм гæсгæ. Нæ бон у саразын ног скъола. Ахæм скъола, нæ фæсивæд æнцонæй кæм бамбарой дунейы æгъдæуттæ, кæм сфæлтæрой нæ фæсивæд кусын æмæ сæрибар цард аразын. Æмæ уыцы скъола <...> æрмæст уæд сырæздзæнис, æрмæст уæд ракæндзыстæм нæ кусæг адæмы талынгæй рухсмæ, скъолайы нæ сывæллæтты ахуыр куы кæнæм сæ мадæлон æвзагыл.

* * *

Нæ ахуыр фæсивæдæн паддзахы заман сæ зонд уырыссаг æвзагмæ фæцарæзта æмæ ирон æвзагыл нал арæхсынц. Æмæ нæ кæд фæнды нæ адæмы 'хсæн кусын, уæд хъуамæ æркæсæм нæ ирон æвзагмæ, уæд хъуамæ нæ хъæуккон адæмимæ се 'взагæй дзурæм. Райдианы нын зын кæй уыдзæнис, уымæй тæрсын нæ хъæуы: асины къæхтыл радыгай фæхизынц. Æрмæст фæстæмæ нал хъæуы хæцын хъуыддагыл, афон у йæ саразынæн. <...>

Нæ кусджытæй иу къорд ирон æвзаг нæ зоны. Кæд сæ фæнды нæ адæмимæ цæрын, нæ адæмæн кусын, уæд хъуамæ сахуыр уой ирон æвзагыл. Æндæр фæрæз нæй.

## МУССÆ НÆМА АМАРД

Айразмæ калакаг газет «Заря Востока»-йы иучидæр Татишвили фыста нæ ног графикы тыххæй. <...>

Йæ фыстытæй æрмæст иу хабар радта сагъæс нæ зæрдæйæн: Цæгат Ирыстоны Татишвили фембæлдис иу ахæм ирон интеллигентыл, ног ирон фыстытæ чи нæ зыдта, Татишвили йæхæдæг кæмæн бакастис ирон ныхæстæ латинаг дамгъæтæй. Æцæг, бирæ ис махмæ, тынгдæр Цæгат Ирыстоны, ахæм «интеллигенттæ» æмæ æрдæг интеллигенттæ. Нæ хъæууон фæсивæд, скъолайы къæсæрæй мидæмæ чи никуы бакаст, уыдон базыдтой иронау кæсын æмæ фыссын. Фæлæ уыцы «интеллигенттæ» уыйбæрц бæрзонд ахуыр сты, æмæ ныр дыууæ азы дæргъы сæ сæрмæ нæ бадардтой ирон ног дамгъæтæм æркæсын. Елбыздыхъойы уæрæседзау Муссæйау, уыдон дæр кæмдæр уырыссаг культурæйы фæскъулты фæхаттысты, æмæ сын ирон æвзаг, ирон чиныг æвзæр тæф кæнынц. Уыцы интеллигенттæ ирон æвзаг сæ сæрмæ кæй нæ хæссынц, уымæй ирон кусæг лæг къаддæр нæ фæуыдзæн. Дис нæм уый кæсы, æмæ уыцы «стыр ахуыртæ» сæ ных цæмæн æрбатæрынц Ирыстонмæ, цæмæн æрбалæсынц цæрынмæ æмæ «кусынмæ» ирон адæмы æхсæн!!! Æнæхъæн ирон кусæг адæм æрмæст сæ мæгуыр ирон æвзагæй кæй дзурынц æмæ æндæр культурон æвзæгтæ кæй не ‘мбарынц, уый ма уæд рох уыцы интеллигенттæй! Уæрæседзау Муссæйы цæстæй куы кæсой уыдон ирон кусæг адæммæ, уæд ницы бæркад уыдзæн сæ куысты дæр. Ирон адæмæй кæй ницы уырны, уый сын аразгæ дæр ницы скæндзæнис.

Ирон адæмы рис кæй зæрдæйы ис, ирон кусæг лæджы тыххæй бакусын кæй фæнды, уый нын нæ мæгуыр ирон æвзагыл дæр æмæ нæ саби-чиныгыл дæр хъуамæ баввæрса. Не ‘взаг æмæ нæ чиныгыл æлгъ чи кæны, уыдон та нæ сæхи дард айсæнт: сæхæдæг дæр сæ миты хуызæн «культуронтæй» баззайдзысты, æмæ сыл ирон кусæг лæг дæр иттæг фæсмон нæ фæкæндзæн. Муссæйы сæр нæ нæ хъæуы...

# КЪОСТАЙЫ ÆВЗАГ

Къоста ирон «сау» адæмæн равзæрди сæ туг, се стæгæй. Йæ цæргæ-цæрæнбонты Къоста тох кодта мæгуыр адæмы сæрыл.

Къостайы хуызæн никæуыл фидауы «адæмон поэты» ном.

Æцæг «адæмон поэт» кæй уыд Къоста, уый зыны йæ ныхас æмæ йæ зарджыты кондыл дæр. Къоста дзуры сыгъдæг ирон кусæг лæджы æвзагæй. Ирон мæгуыр æмæ къуымых æвзагæн цыдæр хинтæ зоны Кьоста. Цыфæнды арф æмæ бæрзонд хъуыдытæ сæвзæры Кьостайы сæры, уæддæр сæ зæгъы хуымæтæджы ирон æвзагæй. Иунæг тыхаразгæ ныхас нæ разындзæн Къостайы зарджыты.

Къостайы фæстæ ирон фысджытæй чи зарыди ахæм ирон æвзагæй?

*Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн хъарæг,*
*Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх?*
*Кæй фæндыр ысцæгъддзæн мæ иунæджы зарæг?*
*Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх?*

Йæ зарджыты цы рæсугъд нывтæ æвдисы Къоста, уыдон иууыл систа ирон цардæй, ирон кусæг лæджы зæрдæйæ, ирон хæххон дунейæ.

Къостайы зарджытæй бирæтæн сæ сæр рацыдис ирон хуымæтæджы зарæгæй, ирон хуымæтæджы аргъауæй. Къостайы ахсджиаг хъæбул «Æфсати» кæрæй-кæронмæ равзæрди ирон хуымæтæджы зарæгæй.

Къоста дзуры сыгъдæг ирон æвзаджы алгъæй. Къостайы ныхасы хуызæн никæй дзырд ныццæвы ирон лæджы зæрдæйы уидæгтæ. Къостайы хуызæн никæй уарзынц ирон кусæг адæм.

Къоста у æцæг «сау» адæмы фæндырдзæгъдæг.

* * *

Цæгат Ирыстоны нарты эпосау, Хуссар Ирыстоны нарты кадджыты разагъддæр геройтæ сты – Уырызмæг, Хæмыц, Созырыхъо, Сослан, Батырадз, Сырдон æмæ Сатана. Уыдон сты домбай, айнæг къæдзæхæй конд фæлгондзтæ. Уыдонæн сæ нæмттæ æмбисондæн баззадысты. Зæронд ирон типы мыггæгтæ бацыдысты уыцы геройты хуызты. Уырызмæг – уынаффæйы лæг, мыггагон æгъдæуттæ уый хъахъхъæны. Сатана – сылгоймæгтæн сæ зондджындæр; сæ уынгæг сахаты нартæ зондæй уый фæрсынц.

Хæмыц – рогзонд, хæтаг лæг: нарт хъæлдзæг фынгыл куы бадынц, уæд кафт æмæ хъазты сæр Хæмыц вæййы. Сырдон – цыргъзонд, фæлитой адæймаг, алы фыдбылызтæ уый мысы нарты уæздæтты ныхмæ; йæ ахастытæй Сырдон хæстæг лæууы Гомеры Терситмæ. Батырадз – дунейы титантæй сæ иу: грекъаг Прометейау уый дæр тох кæны хуыцæуттимæ. Кадджыты иуæй-иу ран зыны цагъарты зæрдæйы уаг. Зыны дзы, куыд цыди мыггагон цард, æмæ дзыллæ классгай куыд дих кæны. Зыны дзы, классты æхсæн тох куыд цырын кæны. Хуссар Ирыстоны нарты кадджытæ афтæ зæгъынц Сосланæй: «Сослан æлдарæй ныллæууыди нарты хъæуы, Сослан фыдуаг æлдар рацыди... Нарты хъæуы Бурæфæрныг управ. Бурæфæрныг бонджын лæг уыди. Бонджынæн йæ куыдз дæр хорз вæййы, æндæра цæй лæг уыди!»

Нарты эпосæй Хуссар Ирыстоны уæлдай уарзт кодтой Батырадзы æмæ Сырдоны кадджытæ. Мыггагон цардæн йæ æгъдæуттæ куыд хуымæтæг æмæ карз уыдысты, афтæ хъайтар уыд йæ ахаст нарты эпосæн дæр. Уыцы ахаст зыны нарты эпосæн йе 'взагыл дæр: нарты кадджытæ дзурынц æлвæст æмæ фатау цыргъ æвзагæй. Уыцы æвзагæй хуыздæр дæ зæрдæйы уаг, дæ хъуыдытæ ницæмæй райхалдзынæ. Хуссар Ирыстоны нарты кадджыты бирæ ис рагон ныхæстæ, архаизмтæ; «Нарт *стæры* ацыдысты», «Уæ разы *цам дæн*», «Йæ быны йын *бурæмæдз* акодтой».

## ИРОН ЗАРÆГ

Нæ адæм зарыны йас ницы уарзынц. Дзæбæх зарæгыл сæ уд дæр ратдзысты.

Йæ уæззау куыстæй куы бафæлмæцы нæ кусæг лæг, уæд æнцонæмбарæн театрмæ куы кæсид кæнæ искуыцæй рæсугъд зарæг куы хъусид, уæд æй уымæй хуыздæр хæрзиуæг цы хъæуы!.. Йæ зæрдæ уыдоныл фæлæууид, йæхи уыдоныл ирхæфсид.

Тынгдæр бахъарид йæ риумæ хорз зарæг. Иу рагон æмбисонды зарæджы тых хъæды сырдты дæр бадомдта.

Не 'намондæн рох байдыдтам мах нæ рагон ирон зарджытæ. Афтæмæй зæронд ирон зарæгæн арф у йæ апп, бæрзонд йæ хъуыды. Нывыл арæзт куы æрцæуой нæ рагон зарджытæ æмæ сæ дæсны лæгтæ куы зарой, уæд уыдонæй дзæбæхдæр адæймаг ницæмæ байхъусдзæн.

Нæ зæронд зарæг куы фесæфа, уæд ног зарджытæ дæр нæ зæрдæйæн æхцон нал æрымысдзыстæм: ирон зарæгæн сæрмагонд уд, сæрмагонд хатт ис, ног зарджытæ нæм куы фæзына æмæ сæ нæ рагон зарæджы уд куынæ бауадзæм, уæд уыцы зарджытæ нæ зæрдæйыл нæ бахæцдзысты. Ныр нæ фæсивæд цы хуымæтæджы гуырдзиаг зарджытæ æмæ салдаттаг мотивтæ райстой, уыдон ницæмæн бæззынц. Уыдонæй нæ рагон зарæг бирæ рæсугъддæр у.

Айразмæ Дзæуджыхъæуы нæ зæронд зарджытæй иу къорды æххæст музыкалон æгъдæуттыл раивтой, æмæ сæм лæг хъусынæй не 'фсæстис. Уыцы куыст æрдæг фæндагыл уадзын нæ хъæуы. Нæ зæронд зарджытæй иунæг дæр хъуамæ ма фесафæм. Ныффыссын сæ хъæуы нотætæй, æмæ сæ стæй хъуамæ æххæст музыкалон æгъдæуттыл саразæм. Фарон Аракчиев цы зарджытæ ныффыста Хуссар Ирыстоны, уыдон дæр æрфæрсын хъæуы.

Рæсугъд арæзтæй куы фæзыной нæ зарджытæ нæ адæмы æхсæн, уæд уый стыр æхсызгон хъуыддаг уыдзæнис.

Фæлæ канд ныффыссынæй мах нæ бамбарын кæндзыстæм адæмæн рагон, сыгъдæг ирон зарæджы тых æмæ ад. Зарджытæ ног арæзтæй дæр, æрмæст фыстæй куы лæууой, уæд зæххы бын æмбæхст хæзнаты хуызæн рауайдзысты. Хъуамæ сæ нæ адæм зонгæ дæр бакæной æмæ сæ заргæ дæр кæной музыкалон æгъдауыл. Уый тыххæй хорз бакусиккой ныввыл конд зарджыты къордтæ, æгъдауыл æвæрд хортæ. Ахæм хортæ хъуамæ сырæзой центрты, фæлæ хъæутæм дæр арæх æфтой. Нæ фæсивæд алы хорз хъуыддагмæ рæвдз сты. Хъæуты уадидæгæн фæзындзæнис дæсны зарæггæнджытæ, уыцы хорты чи бафæзма æмæ зарæгæн ног рæсугъд сæрмагонд фæндæгтæ дарддæр чи акæна.

Афтæмæй нæ рагон ирон зарæг дæр нал амæлдзæнис, æмæ нæ зарæггæнджытæ дæр сæ сыгъдæг ирон ахаст нæ фесафдзысты.

Нæ кусæг лæгæн та уыдзæнис хорз æмæ зæрдæйæн адджын ирхæфсæн.

# ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 80 АЗЫ



*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар*

# ÆЗ – ХÆХТЫ ФЫРТ

## БÆЛЦЦОН

Мæ балцвæндаг – мæ хъуыдыты нывæзт,
Сæуæхсид æй йæ сырх базырты тухы.
Мæ сау нымæт – мæ уæхсчытыл æппæрст,
Мæ бæх – цæттæ æхтонгæлвæстæй дугъы.

Уынын цъæх фæлмы фидæн бонты рындз,
Æмæ куы срухс, куы фенкъард вæййы зæрдæ.
Уæ хъыг, уæ цин мын ног тыхтæ дæттынц,
Мæ чысыл адæм, не ʻнхъæлцау кæстæртæ!

Мæ зарæджы – уæ цардбæллицты уæз,
О, дард фæндаг, мæ амонды сæр разын!
Æз – хохбæсты æлвæстбазыр цæргæс,
Тæхыны размæ цъититы ʻхсыр нуазын.

*1963*

## НЫФС

Йæ рог бæллицтæй сонт зæрдæ фæцух та,
Уый хæтæнты фæндаггонау хæты.
Мæ ныййарæджы хъарм къухтæй хуыд цухъхъа
Цыдæр сусæг тых ме ʻуæнгтæн дæтты.

Гъей, гъей, уæдæ, сæрибары фæндæгтæ,
Сымах фаг мæм кæд разынид æхсар!
Зæгъут-ма ʻрмæст: лæппуйы сыгъдæг фæндтæ
Цæмæн æмбæрзы сау базыртæй тар?

Ныр дæр та, кæс, ныддæлгом и мæ фæндыл,
Фæлæ мын нæу йæ сæрты стæхын зын.
Æз æм кæсын сæрыстырæй æмæ йыл
Мæхинымæры худæгæй мæлын.

О, дымгæйыл кæд сæвæрдæуыд сахсæн? –
Хызæй кæд уыди уадтымыгъ æрцахсæн?

*1964*

* * *

Кæд лæгау лæг искæд хæхты ‘взаг зыдта,
Кæд лæгау лæг искуы хæхтимæ дзырдта,
Уæд æз дæр йæ фырт дæн – хуры ирд цæссыг.
Зæрдæйы ‘мбис цин у, зæрдæйы ‘мбис – хъыг.

Гъей, фыдæлты хорз зæхх, хурæфсæст – дæ тау,
Дунетæн фæзминаг – де ‘нусон æгъдау!
Хуымгæнды хъæбысы райгуырд хоры ‘взар,
Дард бонты æнхъæлцау, дард бонты æхсар.

*1962*

* * *

Халгæрдæгыл халгæрдæг æрфынæй,
Уыгæрдæны къахвæндаг нымбæхст.
Ризы дардмæ тар æндæргтыл цæст,
‘Ртæх æрхауд джыджынайы цъæх былтæй.

Зæрдæ ‘взонгæй ацы рæгътыл сахуыр,
Дидинæгау райхæлы изæр,
Стъалыты мынæг рухсмæ ныр дæр
Заргæ ‘рбадти хъарм хуымгæнды, хаххыл.

Æхсæвæн цы дзурдзæни, цы зæгъдзæн,
Чи зоны, фæлæ куы ‘рчъица бон,
Сыстдзæн уæд сæуæхсидау бæлццон,
Хуры тынтыл хæхты сæрмæ стæхдзæн.

Зæрдæ, зæрдæ, уадтымыгъ мын фестыс,
Де стыр ныфс мын ног тыхтæ дæтты.
Æз мæхæдæг – арвы ‘рттиваг денджыз,
Урсбазыр тæхæг ыстъалы – ды.

*1963*

## ФÆНДЫРДЗАГЪД

Æз хъусын фæндырдзагъд...
Æнæхин цæссыгтау – йæ зæлтæ.
Æз хъусын фæндырдзагъд...
Æнæнцой зæрдæйы уылæнтæ.

Æз хъусын фæндырдзагъд...
Æрхæндæг – дæ цæстыты ‘нгасау.
Æз хъусын фæндырдзагъд...
Хæрзаив – дæ уæздан ныхасау.

Æз хъусын фæндырдзагъд...
Кæй буц ном ысдзуры, тæхуды!
Æз хъусын... æмæ йæм
Мæ зæрдæ кæуы æмæ худы.

*1958*

## ФÆНДАРАСТ, МÆ ХУР

Фыдæлтæй нын фæрныг æмбисонд баззад,
Уырныдта-иу йæ растдзинад мæн дæр:
Зæрдæйæ, дам, куы узæлай, куы уарзай,
Уæд хус бæлас дæр рафтаудзæн сыфтæр.

Фæзындтæ ды сæууон хурау мæ сæрмæ,
Фæлæ мæ цин æрбайсæфти æваст;
Дæ иу ныхасæй фергом и мæ зæрдæ,
Дæ иунæг дзырдæй баталынг мæ уарзт.

Ныхасы тых... Уый диссаг у, хæлæрттæ,
Ныхас кæддæр ныфсы мæсыг уыдис.
Ис иунæг дзырдæй сдзæбæх кæнæн зæрдæ,
Зæрдæ асæттæн иунæг дзырдæй ис.

Зымæгон бæлас амондджын кæд вæййы,
Уæддæр куыд хорз у иу боны рæвдыд.
Дæ сау цæстыты уалдзыгон бæстæйы
Мæн дидинæгау райхæлын фæндыд.

Мæ сæрд фæци, мæ фæззæг дæр фæвæййы,
Мæ размæ хатын зымæджы къæсæр.
Сыгъдæг зæрдæты уалдзыгон бæстæйы
Мæ дидинæг нæ райхæлди уæддæр.

Фæндараст, мæ хур... Атæх уæдæ, атæх,
Дæ ном уæддæр мæ зæрдæйы хæссын.
Æмæ дæ лæвар къухдарæнмæ арæх
Мæ сабыр уаты джихцæстæй кæсын.

## ÆХСÆВ ХÆХХОН ХЪÆУЫ

Ныссабыр ком æхсæвы тары,
Хæххон хъæу – къуылдымыл ныхæст.
Йæ сæрмæ иу гыццыл ыстъалы
Ныкъулы гом арвæй йæ цæст.

Мæн та мæ хъуыды скъæфы дардыл:
Кæд стъалы амонд у, мыййаг.
Æз ыл нæ сæмбæлдтæн мæ царды,
Нæ йыл фæцин кодтон мæ фаг.

Уæд мæм æваст мæ зæрдæ сдзырдта,
Мæ удыл абадт цыма сой:
Кæд уый фыдæлтæм дæр æрттывта,
Кæд æй мæ фыдæлтæ уыдтой.

О зæрдæ, фест уæдæ уæларвон,
Æз та – дæ сагъæстæ фыссæг.
Æмæ мæм хохбæсты æнафон
Æмгæрон нал цыди хуыссæг.

Уæд хъæу та бафтыди фынæйыл,
Мæй зæхмæ худæнбылæй каст.
Æрмæст ма къæдзæхы зæрдæйыл
Æмбæлыд цъырцъырæгты уаст.

## ФÆЗЗЫГОН ÆМДЗÆВГÆ

Уарын ахъардта зæххы,
Фæлæ ма гæрстæ ауындзæн телыл
Иу æрвхуыз æртах баззад.

Сыфтæр азгъæлд,
Фæлæ ма сæнæфсиры къалиутыл
Иу бур сыф ферох.

Хур анығуылд,
Фæлæ ма йæ тынтæй иу
Дурты ‘хсæн бамбæхст.

Æз уыцы иу тын
Æрвхуыз æртахы тулын
Æмæ сæнæфсиры бур сыфыл фыссын...
Фæззыгон æмдзæвгæ.

## ТÆРККЪÆВДА

**1**

Хъуыдытæ кодта арв:
«Цымæ, мæ сау мигътæ
Æппын къæвдайы фаг нæма сты?»

**2**

Урс æртæхтæ зæххы
Сау нæмыгдзæфтæ фæкодтой.
Куыдз – чысыл урс æврагъ,
Сарайы
Багалæджы бынмæ балыгъд æмæ
Цалхы дæндæгты ‘хсæнты
Æрдæгцъынд цæстытæй кæсы
Доны лæсæнтæм.
Иунæг хъуыды йæ æнцой нæ уадзы:
«Афонмæ та буфеты хицау
Уынгмæ раппæрста замманай дзулы къæбæртæ,
Æмæ сæ ацы фыдбылызы дон
Исчердæм ласдзæн».

**3**

Булæмæргъ
Æнгузы сыфæй æрæмбæрзта йæхи æмæ,
Тæрккъæвдайы цыхцырджытæм кæсгæйæ,
Хъуыды кæны:
«Уарын ныртæккæ фæуыдзæн,
Сфардæг уыдзынæн арвы цъæхы.
Арвæрдыны авд къалиуæн
Абаддзынæн сæ тæккæ рæсугъддæрыл
        Æмæ зардзынæн,
зардзынæн,
                                        зардзынæн.
Мæнæн мæ тæхаг базыртæ
Ныххуылыдз кæнын чи нæ бауагъта,
Уыцы æнгузсыфы цæрæнбоныл
Зардзынæн».

**4**

Мæ уаты рудзынгæн
Йе стыр цæстытæ доны зилынц...
Цымæ, кæугæ кæны æви цин?

# ЦЫБЫР ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Фæрныг хистæр Торчынты Дзибулмæ йæ сыхаг дзуры: «Дзибул, уæртæ адæм куывдмæ куы тагъд кæнынц, рæвдздæр цом мах дæр». Уæд æм Дзибул разылд æмæ афтæ зæгъы: «Уадз æмæ тагъд кæной, æвзæрты разæй фæуыны бæсты хæрзты фæстæ бацæуæдзыстæм».

* * *

Цыбыр у цард, йæ уалдзæг та – ноджы цыбырдæр. Сæумæрайсомы иу æртах кæрдæджы зæнгыл æрызгъордта æмæ зæххы æрбайсæфт, афтæ цыбыр у цард.

* * *

Хуыцау адæймагæн йæ цæсгоммæ нæ кæсы. Хуыцау адæймагæн йæ зæрдæмæ кæсы.

* * *

Ис ахæмтæ, æгас дуне уыны, фæлæ, кæм райгуырд æмæ кæм схъомыл, уыцы гыццыл хæдзар нæ уыны. Дунейы кæрæттæм искæй хæрзты фены æмæ базоны, фæлæ йæ фарсмæ йæ хотæ æмæ йе 'фсымæрты нæ уыны æмæ нæ зоны. Хуыцау нæ ахæмтæй бахизæд.

* * *

Ахæм рæстæг ралæууыд, æмæ хорзæй хорз ничиуал зæгъы, æвзæрæй – æвзæр.

* * *

Сафайы сау рæхыс Ирыстоны дзуарджын зæхх уæларвимæ баста, æмæ нæ фыдæлтæ уымæн æмбæрстой зæххы зæрдæ, уымæн хъуыстой арвы хъæлæс.

* * *

Уæздан лæг уайдзæф ныхасæй куыд фæрисса, афтæ топдзæфæй нæ фæрисдзæн.

* * *

Лæджы йæ адæм цас уарзой, уыйас лæг у.

* * *

Хуызмиаты Хъауырбег фæцард фондз æмæ фондзыссæдз азы æмæ-иу афтæ загъта: «Фыццаг империалистон хæсты-иу æлвæстастæу ирон лæг йæ цухъхъайы куы фæзынд, уæд-иу ын йе 'гъдауы тыххæй уырысы урсзачъе булкъонтæ салам лæугæйæ лæвæрдтой».

* * *

Дыууæ саджы фахсыл хызтысты. Уæд, зæгъы, иу саг сæнчы сыф ратыдта æмæ йæ иннæмæ дæтты. Уый йæм дисхуызæй бакаст æмæ афтæ зæгъы: «О-о-о, æмæ ай фахс сæнчы сыфæй йæ тæккæ дзаг куы у, уæд мæм æй ды цы дæттыс?»

– Мæнæй йæ райс, – загъта саг, – уадз æмæ дын æхсызгон уа, æхцон уа дæ зæрдæйæн.

* * *

Сæдæ цъиуы иу бæласыл куы зарой, уæд уыцы бæлас йæхæдæг дæр заргæ кæны.

* * *

Иу хистæр йæ кæстæрæн ахæм уайдзæф бакодта. Сау хъæды уис дын, загъта, дыууæ михыл куы никуы аххæссыд, уæд æгас Ирыстонæн дæхи уынаффæгæнæг цы скодтай?

* * *

Нæ сыхаг Дзгойты Дæппæ-иу афтæ дзырдта: «Адæймаджы цард сыфтæрæй уæлдай нæу: бæласы къалиуыл атыр-тыр кодта æмæ зæхмæ æрхауд».

* * *

Царды фæндæгтæм дæ зæрдæйæ куынæ кæсай, уæд сæ цæстæй дзæбæх нæ фендзынæ.

* * *

Зæрдиаг ныхас кæнæн ис æрмæстдæр мадæлон æвзагыл.

* * *

Фæрныг сылгоймаг цы хæдзары ис, уыцы хæдзар йæ рудзгуытæй худы.

* * *

Артæй зынджы стъæлфæн фесхъиудта æмæ йæхицæй ныббуц: æз, дам, тæхгæ стъалы дæн!

* * *

Ивгъуыд бонтæй дæ фыдæлты зынг æрхæсс æмæ дзы дæ кæстæртæн арт скæн.

* * *

Æвæд дæр куыдта æмæ фыдвæд дæр, фæлæ, дам, фыдвæд иу хæкъуырцц фылдæр кодта.

* * *

Фыдæлтæ афтæ дæр дзырдтой: «Хæйрæг зæды уындæй рынчын кæны».

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ÆМФÆНДАГГОНТÆ*

*Роман*

## БАДДЖЕРИ

Бадджери шофырæй цал азы кусы? Авд æмæ ссæдз. Æфсадмæ ацæуыны агъоммæ курсытæ фæцис æмæ уæдæй абонмæ руль йæ къухæй нæма фæхицæн. Фылдæр куыста автобустыл. Дзæуджыхъæуæй Урсдонмæ, Мызурмæ, Елхотмæ... Æдзухдæр уыд адæмы æхсæн, бирæ цыдæртæ федта æмæ бавзæрста, фæлæ йыл ныр цы бæллæх æрцыд, ахæм никуыма: цæугæ-цæуын дæ бæлццон амæлæд. Æмæ дзы уый цы аххосджын у, фæлæ уæддæр... Зын ын у, тынг зын. Викæйæн, æвæццæгæн, йæ зæрдæ йæхиуыл нал хæцыд, стæмæссон, дзедзырой кодта æмæ Польшæйы арæнæй сæ таможняйы æхсæн фескъуыд. Кæнæ йе 'лхъывдад... Æндæр низтæй адæймаг афтæ æвиппайды йæ уд нæ сисдзæн. Бахъуаджы сахатмæ æхсызгондæр цы хостæ хъæуы, уыдон Бадджерийæн æдзухдæр сисынæввонг цæттæ сты. Йæ царды фылдæр хай фæндæгтыл арвыста æмæ сахуыргонд, спрофессор. Кæд исчи фæндæгты закъонтæ зоны æмæ сæ æххæст кæны, уæд Бадджери. Нæ ирон æгъдæуттæ дæр дзы рох не сты: ацæуыны агъоммæ йæхи Уастырджийыл ма бафæдзæхса, уый нæма уыд. Фæндагыл дæр скувы, куы

---

* Дарддæр. Райдайæн журналы ацы азы 2-аг номыры.

йæхимидæг, куы та хъæрæй. Дон нуазы, уæддæр йæхи бафæдзæхсы. Ахæм даргъ фæндагыл фыдбылыз гæппæввонгæй лæууы, дæ сæрæн ницы зоныс, афтæмæй дыл æвиппайды... Уый æнхъæл чи уыд æмæ Викæ автобусы йæ уд сисдзæн. Æмæ ныр, æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ се 'ппæтæн дæр стыр фæллойаг ссис. Хуыцау хорз, æмæ Польшæйы арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытимæ кæрæдзи бамбæрстой. Геор йемæ цыд кæй фæци, иумæ арæх рабалц кæнынц, сæрæн, дзырдарæхст у, дуры зæрдæмæ дæр фæндаг ссардзæн. Арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытæ ракæ-бакæ, радзур-бадзур кодтой, стæй сразы сты. Викæ цыма æгас у, афтæ йæ ауадздзысты, цæмæй мачи мацы базона, уый тыххæй, уыдоны рад куы уа, æстæм сентябры, фæстæмæ уæд рацæуæнт æмæ сæ Польшæйы арæнæй ахизын кæндзысты, дарддæр та, сæхæдæг куыд арæхсой, афтæ. Польшæйæгтæ сæ фæндыл афтæ тагъд сразы уыдзысты, Бадджери уый æнхъæл нæ уыд, фæлæ æхца цы нæ кæны. Ноджы Геор... сæ сæртæ сын разилын кодта, аргъ æмбисмæ æртардта. Фæндагыл ахæм адæймаг зæххон Уастырджи у, æдзухдæр Бадджериимæ куы цæуид.

Асфальт лæгъз фæндагыл автобус йæхи размæ æппары. Бадджери рулыл фидар хæцы, йæ къухты æхсæн æй нылхъывта, цыма йын фыдæнæн кæны. Æмæ уый цы аххосджын у? Тыхсы æмæ... Викæ хъуамæ йæ мæлæт æнæмæнг Бадджерийы автобусы ссардтаид? Рынчын дæ, уæд дæ хæдзары бад. Ацы хабар куы айхъуыса, æмæ йын æнæайхъуысгæ та нæй, уæд адæм цы зæгъдзысты? Æмæ Бадджери йæ автобусыл æнамонд автобусы ном æвæрын нæ бауадздзæн. Викæйы тыххæй йæ автобус хъуамæ æлгъыстаг фæуа? Шофыр йæ мидбадæны базмæлыд: куыд бафæллайы, куыд! Йæ цæнгтæ сисын нал фæфæразы, йæ уæнгтæ здыйы кæрстытау ныуузззау вæййынц, хуыссæг æм алырдыгæй йæхи фæивазы. Фæлæ Бадджери уыдонæй нæу æмæ фæллад æмæ хуыссæг сæ быны кæй æфсæрой, уыдон кæуыл фæтых уой. Цал æмæ цал азы кусы шофырæй æмæ сын уыцы бар никуыма радта, стæй нæ ратдзæн. Уæд уый Бадджери нал у, уæд уый шофыр нал у.

Бæлццæттæ сæ бадæнты сæхи фæстæмæ куы ауадзынц, куы фæфынæй кæнынц, уæд уымæ дæр хуыссæг уæлдай æмхицдæр вæййы. Фыдбылызæн хъæуы æрмæстдæр цалдæр секунды. Æмæ дæхæдæг авдтары ныххау, фæлæ адæм, адæм... Уыдон цæрынæн райгуырдысты æмæ сæ цард аскъуынын дæумæ нæ хауы. Ды дæ

бæрнон адæймаг. Бадджери шофыр æмбал, æххуысгæнæгимæ нæ цæуы. Кæддæрты афæлвæрдта, фæлæ-иу уæддæр автобус фылдæр йæхæдæг скъæрдта. Цалынмæ-иу бынатмæ бахæццæ сты, уæдмæ-иу йæ цæстытæ нæ бацъынд кодта, хуыссæг йæхицæй сырдта. Афтæ йæм каст, чысыл дæр куы афынæй уа, цыма уæд цыдæр бæллæх æрцæудзæн. Уый-иу шофыры фарсмæ фæлмæн бадæныл нæ бадт, фæлæ сындзытыл. Æмæ скарста: шофыр, æххуысгæнæг æмбал æй нæ хъæуы, цæудзæн йæхæдæг, йæхиуыл куыд æууæнды, афтæ никæуыл.

Бадджери фæндагæй йæ цæстытæ нæ исы. Цал æмæ йыл цал хатты ацыд! Алы чысыл фæзилæн, ныууайæн æмæ суайæн дæр ын зындгонд у, фæндаджы фæрстæм цал телыхъæды ис, уый дæр дын зæгъдзæн, уæддæр æппынæдзух у æлвæст хъандзалы хуызæн. Дæхи дæр æмæ искæй дæр хъахъхъæн, иу бæттинаг æрра, хæдтулгæйы рулыл куыд æрхæцын хъæуы, уый дæр чи нæ зоны, иу ахæм куы фæзына, уæд фыдбылыз цæттæ у. Уæлдайдæр нæхимæ – Уæрæсейы, уæлдайдæр Ирыстоны. Хæрдты тæхынц, ницы æвзарынц. Фæндæгтыл цæуыны закъонтæ цыма уыдонмæ ницы бар дарынц, Бадджеримæ афтæ кæсы.

Шофырæн йæ уæнгтæ æрлæмæгъ сты. Варшавæйы базармæ, кæнæ нæхимæ куы фæцæйхæццæ кæны, уæд ыл йæ даргъ фæндаджы фæллад тынгæй-тынгдæр æртæфсы. Фæхъуыды кæны: дыууæ-æртæ боны йæ сынтæгæй нал рахиздзæн, фæлæ дыккаг бон саг-сырды хуызæн вæййы æмæ та дæхи ног рейсмæ цæттæ кæн. Чи загъта, цы капеччытæ кусы, уыдон йæ къухы æнцонæй æфтынц? Йæ бинонты æнцонæй дары? Йæ зæрдæйы дзæбæхæн æхсæвæй-бонæй бæстæтыл зилы? Уæдæ уый та афтæ зæгъы: дæ фыдгул ацы фæндæгтыл фæцæуæд, уыдон сты удхары фæндæгтæ.

Автобус размæ тындзы. Хæдтулгæтæ тын нывæндæгау дыууæрдæм кæнынц.

Шофыр цыдæр уысм фæстæмæ ракаст, бæлццæттæн сæ фылдæр сæ бадæнты сæхи фæстæмæ ауагътой æмæ фынæй кæнынц, чидæртæ та сæ цæстытæ бахгæдтой æмæ улæфынц. Фæндаггонтæ дæр иннæ адæм куыд сты, афтæ: алы хуызæттæ, алчидæр дзы æндæр дуне, алкæйы зæрдæмæ дæр дзы ссарын хъæуы сæрмагонд фæндаг. Йæ бæлццæттæ æвзæр нæ рауадысты. Цыдæр къуызыр, тыхдзырд адæймаг дзы нæ уыны. Дæс хицæн дунейы. Дæс хицæн хъысмæты. Ныр дæс нал сты, фараст. Цыппары дзы рагæй зоны, Геор йемæ арæх рацæуы. Викæ, Асиат,

Æхсар... фыццаг хатт рацыдысты. Мæгуыр, Викæ нæ фæфæндараст. Рынчын дæ æмæ... Ахæм даргъ фæндагыл чи цæуы, уыдон æнæниз кæй сты, уый тыххæй сын гæххæттытæ куы дæттиккой, уæд цымæ уый куыд уаид? Викæйы тыххæй цæйбæрц рæстæг фесæфтой? Стæй, цæмæй йæ Польшæйы арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытæ ауагътаиккой, уый тыххæй цы æхца радтой, уый та? Уæдæ дæ автобусы мард лас, марды фарсмæ бад, уый дæр зæрдæйæн цас æхсызгон у? Бæлццон æнæниз у æви нæу, ахæм гæххæттытæ дæттынц, уæд дзы иу проблемæ дæр нæ уыдаид.

Бадджери адæмыл йæ цæстытæ ахаста: никæмæй сæ ницы зæгъы. Хатгай йæм ахæмтæ бахауы æмæ йын йæ сæр сдон кæнынц. Зоны йæ, иу мады цот дæр æмхуызон не сты, фæлæ... Шофыр хъуамæ психолог уа, Бадджери уый тыххæй чингуытæ дæр бакаст, афтæ амоны йæ куыст.

Дыуузæ сылгоймаджы фæрсæй-фæрстæм бадтысты. Сæ иу æрæхснырста, иннæ, йæ бакаст æмбаргæ, фендджын – скатай, йæхимидæг базмæлы, тыхсы. Сылгоймаг та æрæхснырста, ноджы зæрдиагдæрæй, æхсызгондæрæй. Йæ фарсмæ уый йæхи нал баурæдта, фестъæлфыд, йе 'мфæндаггонмæ æркъæдз æмæ дзы æхсидæвтæ ракалд:

– Кæд рынчын дæ, уæд дæ хæдзары бадтаис, мах та ма цы низджын кæныс?! – Уыцы ныхæстæ дæр æм фаг нæ фæкастысты æмæ ма сыл бафтыдта: – Ды барæй æхснырсыс, цæмæй мах дæр фæрынчын уæм, уый дæ фæнды, – æмæ йæ дзых æмæ йæ фындз йæ къухмæрзæнæй амбæрзта.

Сылгоймаг йæ бадæны къуыммæ йæхи нылхъывта, кæд ма йæ, мæгуыр, æрæхснырсын фæндыд, уæддæр йæхи ныффидар кодта, сулæфын дæр нал уæндыд.

Бадджери тарст: æнæрхъуыды, йе 'взагыл фыццагдæр цы ныхас абады, уый чи ныццæлхъ кæны, фæндаггонтæ уыцы сылгоймагмæ куы лæбурой, масты хай йæ куы бакæной, фæлæ табу Хуыцауæн – ничи ницы загъта. Рынчын, чи æрæхснырста, уый нæ уыд, фæлæ æнæхсæст ныхас чи кодта, уый: йæ нервытæ дзæбæхгæнинаг уымæн сты. Æмæ Бадджери ахæмтимæ æдзухдæр фæкæны лæгъз, фæлмæн, хъавгæ ныхас. Афтæ амоны йæ дæсныйад. Æнцон нæу йæ куыст, фæлæ хъæуы быхсын. Æмæ ма иу хатт дæр – быхсын! Иуæн æнтæф у, æнуд æмæ хъуамæ рудзынг базыххъхъыр, байгом кæна. Иннæ йæхи мары:

ницы хуызы! Дымгæ йæ ныццæвдзæн. Æмæ загъд-замана, хъæлæба, хъаматæ сæм разынд, уæд сæ, æвæццæгæн, кæрæдзимæ сласиккой. Ды се ‘хсæн бацу æмæ сæ исты хуызы æрсабыр кæн.

Адæм уындæй куыд алыхуызæттæ сты, афтæ зондæй дæр, удыхъæдæй дæр, ацу æмæ сæ бамбар. Кæйдæр, тагъддæр куы бахæццæ уаиккой, уый тынг фæнды. Цыма кæй нæ фæнды, æмæ дын дæ хъусы бадзурдзæн, дæ фарс дын цалдæр хатты бакъуырдзæн, стæй хъæрæй зæгъдзæн:

– Тагъддæр цæуæн нæй? Кæд бахæццæ уыдзыстæм?

Æмæ йын сабыр, фæлмæн ныхасæй бамбарын кæн: тагъддæр цæуæн нæй, автобус хæдтæхæг нæу. Æцæгдзинадæй та Бадджерийы фæфæнды: дæ хъæлæсыдзаг ыл ныхъхъæр кæн, нæ уыны, фæндаг йæ тæккæ дзаг у машинæтæй, сæ сæрты нæ атæхдзынæ, автобус цæуы куыд æмбæлы, афтæ.

Ахæмтæ дæр разыны æмæ дæм ныббыцæу уыдзæн: автобус æгæр тагъд скъæрыс, исты фыдбылызы куы бахауой. Æмæ йæ басабыр кæн: хорз, хорз, ма тæрсæд, ма тыхсæд. Бадджери истæмæ æрæвналы, æркæсы, ома автобусы цыд фæкъаддæр кодтон. Æцæгдзинадæй та хæдтулгæ куыд цыди, фæцæуы афтæ, фæлæ фæндаггон разыйæ баззайы. Хатгай, гæнæн куы вæййы, уæд автобус тагъддæр аскъæры. Ацы фæндæгтыл ныр æхсæвæйбонæй цал азы дыууæрдæм кæны æмæ йæ куыд цæуын хъæуы, уый нæ зоны? Йæ хæдтулгæ зæрдæйæ чи æнкъары, цы дзы риссы, уый йæ фыццаг сулæфтæй чи базондзæн, уый дохтыртæй дохтырдæр у, профессор, академик. Æмæ Бадджери ахæм у.

Цæуыл нæ фæбыцæу вæййынц хатгай фæндаггонтæ? Цыдæр ныхас, кæнæ йæм афтæ нæ бакаст æмæ загъд – цæттæ. Бадджерийы бынаты æндæр исчи мæстæй цыппар-цыппæрæм хайы ахауид, фæлæ уый фæразон у. Стæй... бæлццæтты æмбарын хъæуы: сæ хъалæй нæ рахау-бахау кæнынц ацы фæндæгтыл. Сæ фылдæрæн сæ цард катайаг, тыхст. Кæйдæрты дзы цалдæргай азтæ зоны æмæ уырыд æмæ тыхстæй афтæ бахус сты æмæ сæ стджытæ йеддæмæ ницыуал и. Алы капекк дæр сын нымад, цай æмæ дзулæй фырнæрдæй тъæппытæ куыд нæ ахаудзынæ? Уыдæттæ, бæргæ, цæрдтытæ не сты, фæлæ цы чындæуа?

Бадджери автобус æрурæдта. Æрбахæццæ сты. Варшавæйы стадион. Уый раздæр уыд стадион, ныр та Варшавæйы æппæты стырдæр базар. Табу Хуыцауæн, Табу Уастырджийæн – ныр ам сты. Викæ... Дзæбæх куы уыдаид æмæ... Æндæр амонд æй нæ

уыд. Бадджерийæн йæхицæн йæ фæндаг æвзæр нæ рауад: ницы фыдбылыз ыл æрцыд, йæ хæдтулгæ сахаты хуызæн куыста. Ныр баулæфдзæн, цалдæр сахаты змæлгæ дæр нæ фæкæндзæн, йæ даргъ фæндаджы фæллад ын хуыссæг йемæ ахæсдзæн.

## АФИНÆ

Афинæ цæуыл хъуыды кæны: алы адæймаг дæр хъуамæ йæхи зона. Викæ рынчын кæй у, уый нæ зыдта? Æмæ уæд кæдæм цæуыс? Дæхимæ базил, дæхи сдзæбæх кæн æмæ уый фæстæ мæймæ дæр атæх. Уымæн цы у, уый ницыуал зоны, фæлæ адæм... Ирон адæм уæздан сты, ничи ницы дзуры, фæлæ мидæгæй... Чидæртæ йæ сæхимидæг ма æлгъитой, уымæн гæнæн нæй. Æмæ дæхи цы ‘лгъыстаг кæныс? Цавæр адæм стæм, æмæ-гъа. Æви, адæймаг куы райгуыры, уæд йæ хъысмæт йæ ныхыл фыст вæййы æмæ дзы алидзæн нæй. Æвæццæгæн. Викæйæн Хуыцау ахæм хъысмæт скарста. Мæнæ Афинæйæн æндæр у йæ хъысмæт. Мурат... сылгоймаг йæ къух ауыгъта. Муратæй кæй фæхицæн, уый хуыздæр уыд. Хуыздæр цæмæн? Хорз, тынг хорз уыд уый. Уæддæр цæмæндæр зæрдыл æрлæууы. Уæлдайдæр сæ фæстаг бон, сæ фæхицæны сахат.

Афинæйы уæййаг дзаумæттæ – дыууæ дынджыр кæттаг хызыны. Иу уал дзы ахæсс æмæ йæ де ‘мбæлттæй искæйы бар бакæн, стæй та иннæуыл схæц, дæ фæстæ йæ алас. Дыууæ хызыны иумæ къамбец дæр нæ афæраздзæн. Æмæ уæдæ хъуамæ туристы цыдæй рацæуа? Йæ игæрæй зæхх цæй тыххæй хафы? Цæй тыххæй удхар кæны? Иу капекк хъуамæ ма бакуса? Дæ дзаумæттæ куы ауæй кæнай, уæд де ‘хца, арфдæр кæм у, уым бамбæхс, уым сæ нытътъыс, фæлæ уæддæр зыр-зыр кæн: мыййаг, автобусмæ исчи куы æрбалæбура. Дæ алы ацыд дæр карды комыл цæуæгау. Хæст æмæ хæст. Мурат... Мурат та йæ зæрдыл æрбалæууыд. Абон... Куы рахицæн сты, ууыл абон сæххæст авд азы, æмæ йын бæрæгбон у. Æнæферохгæнгæ бæрæгбон. Афинæ йæхи мин æмæ мин хатты бафарста æмæ та ныр дæр фæрсы: Муратмæ цæмæн смой кодта? Уый цæмæн равзæрста? Æмæ йын йæ бон дзуапп раттын нæу. Кæд, мыййаг, уарзондзинады гуыпгæнгæ арты сыгъд? Æмæ уæд уыцы арт цы фæци? Цы фесты уыцы уæлвонг æнкъарæнтæ? Уæддæр Муратимæ йæ цард цæмæн баиу

кодта? Цæмæн?.. Моймæ цæуын афон ын æрхæццæ, æви фæцæйивгъуыдта? Æмæ алцæмæндæр йæхи афон и. Уæдæ хъуамæ йæ фыды уæларт бадгæйæ баззадаид? Йæ амонд ма ссардтаид? Уæздан, æфсæрмджын, раст, сыгъдæг адæймаг, бинонты астæуккаг цæджындз. Ахæмæй уыдта Афинæ йæ фидæны сывæллоны фыды. Ахæм æм каст Мурат. Æмæ фæрæдыд. Театры сценæйы æмбæрзæн байгом æмæ федта бынтон æндæр адæймаг. Федта лæмæгъвад, фæлвых, хомбыл, йæхи «æз» кæмæ нæй, лæхъир, куыдфæнды адæймаджы.

Лæг хъуамæ йæ бинонты астæуккаг цæджындз ма уа? Мурат та?.. Цыма æппынæдзухдæр фынæй уыд, Афинæмæ афтæ каст. Æмæ уæд уый лæг у? Æмæ ма афтæмæй дæхицæй цыдæртæ араз. Цы уыд? Дæлæмæ дæр-уæлæмæ дæр шофыр æмæ æнцад дæ бынат зон. Æмæ шофыртæй амалджын чи у, дурæй дон чи рауадздзæн, ахæмтæ нæй? Мурат та? Афинæ йын æгæр бирæ дæр ма ныффæрæзта. Æмæ-иу афтæмæй йæхи Афинæимæ абарынмæ хъавыд. Чи дæ? Цы дæ? Афинæ медицинон институт каст фæци, дæумæ та цы ахуыргонддзинад и? Афинæ тагъд, цы афтечы кусы, уый хицау уыдзæн, директор, йæ куыст урс халаты. Дæумæ та цы æнхъæлмæ кæсы? Болтытæ æмæ лæсгæртæ здухын? Хъуамæ цæрæнбонты хæдтулгæйы бын хуыссай? Æмæ та йæ бынæй тавод æмæ соляркæйæ ахуырстытæ, змæстытæй, маймулийы хуызæнæй рабыр. Цыма-иу негр уыди.

Уæд, райдайæны, Афинæ сæ иумæйаг цард нæ ацæудзæн, уый нæма зыдта æмæ йæхимидæг скарста: цыфæнды зын ын куы уа, уæддæр цæрдзæн. Мураты ахуыры фæндагыл саразын хъæуы. Цæрæнбонты шофырæй кусдзæн? Институты иу бон дæр нæ сахуыр кæндзæн, уый зыдта æмæ равзæрста арæзтадон техникум. Фæсаууонмæ. Алцæуыл дæр баныхас кодта. Техникуммæ бацæуыны тыххæй дзы фæлварæнты иу ныхас не схауд, йæ тетрады иу хъуыдыйад нæ ныффыста, афтæмæй йын «цыппартæ» æмæ «фондзтæ» сæвæрдтой. Æхца алцыдæр кæны.

Фыццаг хатт техникуммæ куыд фæцæйцыдысты, уый Афинæйæн йæ зæрдыл арæх æрлæууы. Цыма йæ фарсмæ æртæ-цыппараздзыд сывæллон цыд, рæвдауæндонмæ йæ кæны. Æрмæст ын йæ къухыл нæ хæцыд, цыд йæ фарсмæ, æнæ дзургæйæ. Уæд техникуммæ Мурат нæ бацыд, фæлæ Афинæ. Æмæ йæ фыдæбæттæ – дон хиды бын. Фыццаг сесси райдайдзæн, зæгъгæ, афтæ лæг рафардæг. Йæ ручкæ æмæ тетрад стъолмæ баппæрста æмæ загъта:

– Кæй хъæуы, уый ахуыр кæнæд, мæн нæ хъæуы.

Афинæ зынг, æхсидав куыд нæ фестад. Йæ хъæлæсы дзаг ыл ныхъхъæр кодта:

– Мæнмæ хорз ахуыргонддзинад и, æз институт фæдæн, фæлæ ды къодах дæ æмæ къодахæй баззайдзынæ!

Æмæ донмарæн къодахæй баззад. Искуыдæм иумæ цæуынц – æмæ иумæ кæд цыдысты? Искуы-иу хатт, гæнæн-иу куынæуал уыд, уæд Мурат йæ фарсмæ кæй и, уымæй æфсæрмы кодта. Цыфæнды сыгъдæг, ног итувæрд дарæс ыл скæн, уæддæр-иу цыдæр æдзæллаг, ссæст хуыз уыд. Цыма æдзухдæр йæ соляркæйы тæф фындзыл æмбæлд, Афинæмæ афтæ каст. Æмæ мын афтæмæй йæхицæй лæг арæзта. Кæд исчи йæхиуыл хæцын фæразы, уæд Афинæ, фæлæ дур нæу, æмæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йæхи нал баурæдта, йæ маст-иу срæмыгъта, æмæ-иу ын фенцондæр. Худ хæссыс, æмæ дæм хъуамæ лæджы миниуджытæй мацы уа? Æмæ йемæ фæнды дзур, фæнды ма. Ды цæхæр калыс, мæстæй тъæппытæ хауыс, уый диваныл йæхи ауагъта æмæ телеуынæнмæ кæсы, кæнæ дæ дзургæ ныууагъта, ваннæмæ ацыд æмæ йæхи найы. Сахат, дыууæ сахаты. Доны хæл-хæлæй дæ хъустæ къуырма кæнынц æмæ ваннæйы дуар дæ тых, дæ бонæй ныххостай, фæлæ дæ уый нæ хъусы. Нæ! Йæхи нæ хъусæг скодта. Нæ фæлæ сæ раздæр рахицæн хъуыд, ахæм адæймагимæ уыйбæрц бабыхс? Афинæйæн Советон Цæдисы Хъæбатыры ном раттын æмбæлд.

...Æмæ та сæ фæхицæн сахат йæ цæстытыл ауад. Лæппу арæхстгай, хъавгæ йæ дзаумæттæ хызыны æвæры, цыма сæм тыхæвнæлд куы бакæна æмæ куы фæриссой, уымæй тæрсы. Йæ цæсгом æнцад, иу нуар дæр дзы не змæлы. Ахæм дурын адæймаг у, уый нæ зыдта. Афинæ йæм иу ныхас дæр не скæндзæн. Ацæуæд! Ацæуæд!

Мурат йæ дзаумæттæ шифанерæй исы. Мацы дзы ферох уæд. Йе 'нæхсад къухмæрзæнтæй, йе скъуыдтæ тæфгæнаг цъындатæй ам мацы баззайæд. Афинæйы фыдæнæн рæстæг ивазы. Ацæудзæн? Афинæйы нæ уырны. Ахæм лæгдзинад, ахæм ныфс æм хъуамæ кæцæй æрцæуа? Æмæ куы ацæуа, уæд цы фæуыдзæн? Йæ цæстытæй чи нæма ракаст, ахæм гæдыйы лæппын хъæды астæу куы аппарай æмæ уый куыд фесæфа, афтæ нæ фесæфдзæн? Тæригъæд у. Чи зоны, Афинæ йæм моймæ дæр, тæригъæд ын кæй кодта, уый тыххæй сразы. Афинæ дзы чысыл хистæр у –

ærtæ azы. Æмæ уым диссагæй цы ис? Йæ лæгæй дæс, фынддæс азы хистæр чи у, ахæмтæ иу æмæ дыууæ сылгоймаджы и? Æмæ тынг дзæбæх цæрынц. Стæй Афинæ Муратæй хистæр у, уый иу адæймаджы дæр нæ бауырндзæн. Нæ фæлæ дзы кæстæр хуыз у. Уыцы уæнтæхъилæй, цыма йæ рæуæд йæ хуылфы ныммард, афтæмæй куы фæцæйцæуы. Ныр дæр йæ фезмæлд... Барæй афтæ кæны. Æвæццæгæн, æнхъæлы: Афинæ йæ зонгуытыл йæ цуры æрхаудзæн, йæ къуыбар цæссыгæй йæхи æхсдзæн, Чырыстимæ куыд кæсай, афтæ йæм кæсдзæн æмæ йæ ныхас йæ хъуыры баддзæн, афтæмæй дзурдзæн:

– Ма ацу!

– Ма ацу!

– Цы фæуыдзынæн æз?!

– Цы фæуыдзæн нæ гыццыл Тимæ?

Æмæ афтæ дарддæр.

Афинæйæ иу ныхас дæр не схауд. Диваны иу кæрон æнцад бадт. Ахъавыд: йæ иу зæнг иннæуыл æруадза, цыма йæ æппындæр ницы æндавы, афтæ, фæлæ йæ фезмæлын нæ фæндыд.

Иу рæстæг йæ цæстытæ Мураты цæстытыл анызæвдысты. Цыдæр уысм æмæ та ногæй йæхи бафарста: «Уæддæр цы йæ зæрды и ацы æнамондæн? Сæхицæй æцæг лидзы, æви Афинæ спектакль уыны? Уæд та уал Афинæ сыхæгтæй искæмæ ацæуид: ацы раивазбаивазмæ кæдмæ кæсдзæн?». Никæдæм ацæудзæн. Йæ чызг Тимæ куы райхъал уа, уæд та? Иунæгæй йæ нæ ныууадздзæн.

Цас фæбадти Афинæ диваны иу кæрон? Сахат? Фылдæр? Уымæ фæкаст бирæ фылдæр. Чындзæхсæв сын нæ уыдзæн, уый куы базыдта, уæд дæр ма афтæ бадт. Диваны къуымы бандзыг, нынныгъуылд, йæ бон фезмæлын, дзурын нæ уыд. Афинæйæн йæ рухс бæллицтæ атадысты. Чындзæхсæв нæ, фæлæ æртæ кæрдзыны дæр не скодтой. Мурат цы 'хцатæ бакуыста, цы 'хцатæ фембырд кодта, уыдонæй иумæйаг кæрты фатер балхæдта. Æмæ йын уый раст хъуыды уыд: дæ фыдгул искæй къуымты рахаубахау кæнæд. Муратæн хæдзар нæй, зæгъгæ, уæд... уæд æм цымæ Афинæ смой кодтаид? Чи зоны, смой кодтаид, чи зоны – нæ. Алцæмæндæр афон и, амонд ссарынæн дæр æмæ... Йæ сывæллон фенын цы сылгоймаджы нæ фæнды? Фæндыд æй йæхи чындздзон дарæсы фенын. Æмæ Мураты бинонтæн сæ бон чындзæхсæв саразын нæ уыд? Хъуццытæ сæм, фыстæ сæм. Уый Афинæ æмæ йæ мад Тамарæйæн сæ бон ницы уыд, фæлæ уыдон та?.. Цæй,

ныр ма цы, уыдæттыл ма цы хъуыды кæны. Табу Хуыцауæн, йæ цард, куыд æй фæнды, афтæ аразы, ницæмæй хъаст кæны. Æрдæг фæндагыл не 'рлæудзæн. Абонмæ æнцон фæндæгтыл фæцыд? Медицинон институты къæсæрæй бахизыныл цал хатты афæлвæрдта? Æмæ та-иу фæсыкк.

Æппынфæстаг бамбæрста: æхца куы нæ ратта, уæд арвæй стъалытæ куы скъæфа, уæддæр институт цæсты кæронæй дæр нæ фендзæн. Æмæ мадимæ капекк капеккыл æфтыдтой, цай æмæ дзулæй цардысты.

Афинæ фæлварæнты агъоммæ æхца бахаста йæхæдæг. Йæ къухты зыр-зыр тыххæй урæдта. Æхца чи иста, уый – йæ былтæ сырх-сырхид ахуырст сылгоймаг, фæлмæн бандоныл йæхи ауагъта æмæ инæлары хъæлæсæй загъта:

– Ымад сты?

– Ымад.

– Ымайын сæ нал хъæуы?

– Нал.

Диссаг, тæрсгæ та куыд нæ кодта. Æхца бирæтæй фæиста, уый бæрæг уыд. Уыд ын ахæм бакаст, цыма уый йæ куыст уыд. Æмæ, æвæццæгæн, йæ куыст уыд.

Афинæ æхцайы цъæпæра стъолыл æрæвæрдта æмæ йæ сæры атахт: уыцы цъæпæра сис æмæ дзы сылгоймагæн йæ сырх-сырхид ахуырст былтыл цъыкк-цъыккæй ралæуу, ноджы куыд фæсырхдæр уой, сæ туг куыд акæла, стæй йын сæ йæ æдзæсгом цæсгомыл ныццæв. Фæлæ уымæн гæнæн нæ уыд: уый уыдаид æвирхъау, æнæсæрфат ми. Æхца йæ куыст бакодта. Афинæ медицинон институтмæ бацæуыны тыххæй фæлварæнтæ æнтыстджынæй радта. Цард алцæмæй фæндон уа, уымæн гæнæн нæй, фæлæ дзы уæддæр разы у. Мурат кæй ацыд, кæй дзы фервæзт, уаргъы хуызæн ын уыд. Уæззау уаргъ. Æвæццæгæн... Æвæццæгæн æй зæрдæйæ нæ уарзта, æндæр... Æмæ дзы цы уарзтаид? Кæй нæ уарзай, уымæн, дам, йæ цæуын сæпп-сæпп, йæ хæрын – цъæм-цъæм.

Афинæ йæ мидбынат базмæлыд, йæ размæ цы дыууæ сылгоймаджы бады, уыдон – сæ нæмттæ... йæ дæлæвзаг рауай-бауай кæнынц – уыдон сусæгæй дзурæгау Викæйы тыххæй цыдæртæ дзурынц. Ныр кæмæндæрты, цы дзурой, уый фæцис æмæ се 'взæгтæ бапъироз гæххæтты хуызæн стæнæг уыдзысты. Викæ... Ничи йын у аххосджын.

# ГЕОР

Геор ацы фæндæгтыл йæ дæндæгтæ рафтыдта, бирæ федта æмæ бавзæрста, фæлæ сыл ныр цы бæллæх æрцыд, ахæм никуыма федта. Æнæмæлгæ дуне нæй. Викæ рухсаг уæд, уый ницыуал зоны, фæлæ йе 'мфæндаггонтæн ныууагъта куырмæлхынцъ фарстатæ. Польшæйы арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытимæ кæй баныхас кæндзысты, Геор ууыл дызæрдыг нæ кодта. Æхца чи нæ уарзы? Сæ автобусы мард кæй и, цæмæй уый ма рабæрæг уа, æмæ уый тыххæй ма бакъуылымпы уой, уымæн хъуыд æхца. Се 'мфæнаггонтæй йæ капекк алкæмæн дæр нымад. Цæмæй къаддæр схардз кæной, се 'хца сфæстауæрц кæной, уый тыххæй дзы бирæтæ цалдæргай бонтæ хъарм хæринаджы хъæстæ нæ фæвæййынц, сæ хуыздæр хæринæгтæ – дзул, къалбас, цыхт, цай... Æмæ ахæм адæймæгтæ сæ дзыппытæм нывналой, уый зын зæгъæн у. Хуыздæр гæнæн куынæуал уа, уæд... Георæн дæр йе 'хцатæ ракæл-ракæл нæ кæнынц. Стæй уый Хъарсы фидар басаста? Адæм хорз сты, цъысымы куы бахауынц, уæд иу джиппы уагъды хуызæнæй агæпп кæнынц.

Автобус размæ тындзы. Геор йæ сахатмæ æркаст, дæс æмæ ссæдз, дыууиссæдз минуты ма æмæ Варшавæйы стадионы – фæстаг цалдæр азы ма цæй стадион у – базар, æмæ уым уыдзысты.

Георæн йæ сыхаг Албег нал рацыд, нал ракуымдта. Акæс-ма, ацы куыст уый нæу. Цыма йæ Геор йæ мады гуыбынæй рахаста. Уавæртæ – аразæг. Албег азæй фылдæр нал кусы æмæ йæ бинонты цæрын нæ хъæуы? Хæринаг, дарæс сæ нæ хъæуы? Æмæ йæ Геор сразы кодта Польшæмæ ацæуыныл, кæд йæ бинонтæ фæхъыртхъом уаиккой, сæхиуыл фæхæциккой. Уæдæ уыцы æххормаг, гомгуыбын сывæллæттæм кæсын æнцон у?

Албег кæй нæуал рацыд, уый хуыздæр уыд йæхицæн дæр, Георæн дæр, хъахъхъæн æй, сывæллоны хуызæн æй иу секунд дæр дæ цæстытæй уæгъд ма суадз. Йæ фезмæлд – æнæбары, цыма йæхицæн тыхми кодта, цыма кæмæндæр куыста. Йæ хæссинæгтæ уыдысты дыууæ кæттаг голладжы. Хуыздæр цы ауæй уыдзæн, уымæн уый цы зыдта? Геор ын сæ йæхæдæг æлхæдта, амыдта йын, уадз, кæд иу капекк бакусид. Йæ голджытæ-иу æй куы иуырдæм фæцæйхастой, куы – иннæрдæм. Цыдысты фæрсæй-фæрстæм. Геор иу рæстæджы ахъуыды код-

та, æмæ йæ хъуыдыйыл йæхинымæр бахудт: уæд та йæ сыхаджы йæхимæ бабæттид. Сæ алыварс цæстфæлдахджытæ, абырджытæ, дзыпкъахджытæ, лæбурджытæ бæз-бæз кæнынц. Иннæрдæм фæкастæ, дæ хæссинæгтæ дæ къухæй фæхицæн сты – мауал сæ агур. Геор йе 'мфæндаггонтæн æдзухдæр уый дзуры: кæрæдзи хъахъхъæнут, гæнæн æмæ амал уæвгæйæ иугæйттæй ма цæут. Йæхæдæг сын сæ къухтыл куыд хæцдзæн. Уæдæ, цъиуджын карк йæ цъиутæ йæ быны куыд бакæна, афтæ сæ йæ дæлбазыр куыд бакæндзæн?

...Геор йæ сыхаг Албегимæ базарæй рацæуы, сæ дзаг хызынтæ тыххæй хæссынц.

– Аулæфæм уал, – дзуры йе 'мбалмæ. Æрбакаст æм, йæ хæссинæгтыл æрæнцой кодта. Дыууæ æрыгон лæппуйы сæ цуры æрлæууыдысты. Хæрздаст, сыгъдæг, итувæрд. Сæ иу бæрзонддæр, Албегыл йæ цæстытæ æрхаста:

– Спортсмены хуызæн дæ, уæд та хъæбысæй рахæциккам?

Геор æрбацæуæджы бамбæрста. Ацы сыгъдæгдаст лæппу хыл къахы. Разылд æм æмæ сабыр, фæлæ фидар, тызмæг хъæлæсæй загъта:

– Ам хъæбысæй ничи хæцы, æндæр ранмæ ацæут.

– Нæ уæндут? – фарсты нысан фестад лæппу.

– Дæ фæндаг дар, бамбæрстай мæ? – Георы хъæлæс нодажы фæтызмæгдæр, фæкарздæр. – Ныхас не 'мбарыс?

Албег æм разылд: йæ хорз сыхаджы не 'мбары, хъæбысæй рахæцдзæн, уым диссагæй цы ис? Цæмæй сæ тæрсынц?

– Хорз уæдæ, мах фæцæуæм, – дыууæ æнæзонгæ лæппуйы се уæнгтæй хъазгæ адæмы æхсæн атадысты. Дыууæ дæр дзырдтой уырыссагау. Сыгъдæг, æнæ акцентæй. Æвæццæгæн, уырыссæгтæ уыдысты. Польшæйæгтæй дæр бирæтæ хорз дзурынц уырыссагау. Геормæ афтæ кæсы: Варшавæйы стадион-базары цы адæм ис, уыдон фыцынц иу дынджыр аджы.

Лæппутæ куы ацыдысты, уæд æй йе 'мбал бафарста:

– Цæуыннæ мæ бауагътай семæ хъæбысæй рахæцын? Иуы дзы уæддæр абырстаин.

– Абырстаис, фæлæ... – æмæ йын Геор бамбарын кодта, ардæм хъæбысæй хæцыны ерыстæм нæ рацыдысты. Куыддæр Албег хъæбысæй хæцынмæ сыстадаид, афтæ зæххæй фегуырæгау сæ цуры алæууыдаид цалдæр лæппуйы – уыдоны 'мбæлттæ. Æмæ йын йæ хæссинæгтæм фæлæбурдтаиккой. Цæстыфæныкъуылдмæ

фæцыдæр сты æмæ Албег хъуахъдзыхæй аззад. Ам ахæм къордтæ дæсгæйттæ сты, фондзыссæдзгæйттæ. Адæмы цы хуызы асайой, цы хуызы сæ бастигъой. Сæ фылдæр – Уæрæсейæ, раздæры Советон Цæдисы алы къуымтæй.

Геормæ йæ сыхаг хъуыста, йæ сæр-иу банкъуыста. О, раст зæгъы, разы у йемæ. Геор ацы фæндæгтыл фæцыд, алцыдæр дзы хорз зоны. Алы секунд дæр дæ дзаумæттæн, дæ хызынтæн аскъæфынæй тæрс. Æмæ куыд нæ зыной, афтæ сæ йæхимæ, йæ цæнгтæм бабæтты. Йæ сыхаг Албег ыл худт, сывæллон у, цæмæй тæрсы? Нæ! Уый йæ сæрмæ уыдæттæ не 'рхæсдзæн. Сæ фарсмæ, уыцы автобусы бæлццæттæй иу афтидæй куы аззад, уæд ныссабыр, ницыуал дзырдта. Геор йемæ цы бæттæн рахаста, уый йæм баппæрста, æмæ Албег йæ голджытæ йæ цæнгтæм бабаста.

Геор ацы фæндæгтыл бирæ фæцыд æмæ тыхгæнджытæ æмæ цæстфæлдахджытимæ сабырæй дзурæн нæй. Семæ дзурын хъæуы сæхи æвзагæй. Чысыл дæр дын дæ лæмæгъдзинад бамбæрстой, афтæ фесæфтæ. Дæ цæстæнгас, дæ буары алы стъæлф дæр хъуамæ дзура – ды никæмæй тæрсыс, ды уыдонæй тыхджындæр дæ. Фæлæ уыцы-иу рæстæг æнæсæрфат æмæ æнæуууылд ныхæстæ æмæ митæй дæхи хъахъхъæн. Геор ацы балбирæгътæн йæхи æфхæрын, асайын никæд бауагъта æмæ нæ бауадздзæн. Дыууæ-æртæ сæркъуырæн ма исты кæндзынæ, фæлæ къордæй куы æрбамбырд вæййынц... Фыццаг дæм дзы дыууæ-æртæ æрбацæудзæн, къахдзысты дæ, ныхасæппарæн дæм кæндзысты. Чи дæ, цавæр адæймаг дæ, дæ къæхтыл куыд лæууыс, уый хъуамæ базоной. Лæмæгъ, æнæбон дæ, уæд се 'мбæлттæ дæр фæзындзысты æмæ гаффуттæй аззадтæ. Ниуын куы зоникккой, уæд-иу балбирæгътау нынниууиккой, цы аскъауой, уый мондагæй сæ дæндæгты хъыррыст фæцæуы. Æмæ та ногæй бамбарыс: цард у иугæндзон тох, мæлæтдзаг тох. Пъæлицæ. Дзурыс сæм, фæлæ уыдон ницы хъусынц, ницы уынынц, уыдон сты къуырматæ, куырмытæ. Уымæн æмæ балбирæгътæ цы раскъæфой, уыдонæй уыдонæн дæр хай ис. Цæмæй аирвæзай, уымæн дын ис æрмæстдæр иунæг æххуысгæнæг: дæхæдæг дæхицæн. Ацы дуне адæмы æхсæн ды дæ иунæг. Фæлæ уæддæр кæимæ рацыдтæ, дæ цæдисон æмбæлттæ, уыдоныл хæц, хатгай ауон дæр ныфсы хос у. Ахæм уавæрты, ахæм фæндæгтыл Геор хъуамæ зæд уа? Фыс? Æмæ йæ уæд минутмæ нæ акъабæзтæ кæндзысты? Ирыстонмæ ма дзы исты схæццæ уыдзæн?

Георы сыхаг Албег Польшæ цы у, уый нæма зыдта, ныхасæй йæ зыдта. Кæд фæразæнгард уаид. Йæ мæгуыр, æнæбон сыхаг йæхиуыл куы фæхæцид, уый йæ тынг фæндыд.

– Истæмæй сæм фæкæсын хъæуы, – цалдæр хатты уайдзæфгæнæгау загъта Георы бинойнаг. Уый йæ цыма нæ хъусы, нæ йæ ‘мбары, афтæ-иу ницы сдзырдта. Æцæгдзинадæй та алцыдæр хорз æмбæрста. Фæлæ ма ис иу хъуыддаг: дон дæ фæласы, æмæ дæхæдæг дæр чысыл фезмæл, хъæмпыхалмæ уæд та февнал.

– Æмæ сæм фæкæс, фæкæс, – иуахæмы йæ цардæмбалæн загъта Геор. Æмæ сæм хъуамæ уый цæмæй фæкастаид? Георы дзыппæй? Æмæ Геор ахæм æххуыстæ нæ кæны, дæхæдæг дæр исты архай. Æмæ табуафси. Уæддæр зæрдæ дур нæу æмæ скарста: Албеджы Польшæмæ йемæ акæндзæн. Æмæ йæ акодта. Уый уыд йæ фыццаг æмæ фæстаг балц, дыккаг хатт ацæуыныл нал сразы. Мах, ирон адæм, диссаг стæм: йæ хæдзары дымгæ къуыззитт кæндзæн, мæйгæйттæ дзидзайы комдзаджы хъæстæ нæ фæуыдзæн, афтæмæй дын уынаффæтыл схæцдзæн. Алчидæр нæ йæ ныхæстæм гæсгæ президентæн бæззы. Геор йæхинымæр бахудт. Æцæгдæр, æнахуыр адæм стæм. Фæсарæнты арæх фæзæгъынц: кæд афтæ зондджын дæ, уæд мæгуырæй дæ бонтæ цæмæн тоныс? Æдылы æхца сараздзæн? Георы бинонтæ исты хъуаг сты? Алкæмæн горæты æртыгай фатертæ ис? Тагъд хæдзар дæр балхæндзæн. Дыууæуæладзыгон. Зæххы гæппæл дæр дзы уыдзæн. Кусы, тухæн кæны æмæ йæм цыдæртæ ис. Уый бынаты æндæр исчи, уæд Албеджы йемæ нæ ракодтаид: зонгæ-зонын йæхицæн сæрниз цæмæн хъуамæ кæна? Геор Албегæн цал æмæ цал хатты загъта: никæимæ дæ ницы хъуыддаг ис, дæхиуыл хъуыды кæн, дæхи мæт кæн. Уæддæр та-иу дзурын райдыдта, уæддæр йе стыр ныхас нæ уагъта.

...Базар уæйгæнджытæ, æлхæнджытæ, дзæгъæлкъах адæм æмæ цæстфæлдахджытæй æмбу кæны. Чысыл фалдæр иу лæппу æмæ чызг сæ дзаумæтты цур бадынц. Бæрæг у, æрæджы баиу кодтой сæ цард. Кæрæдзимæ бахудынц, кæрæдзимæ сæхи бакъул кæнынц, сæ рустæ кæрæдзиуыл авæрынц. Лæппу бæрзонд, æлвæст, хæрзконд, æрыгон, æвæццæгæн, йæхи дæр нæма дасы. Чызг хъоппæг цæст, сырх рус, рагуалдзыгон дидинæг. Сæ цуры дыууæ лæппуйы æрлæууыдысты. Георы цæст сæ уайтагъд ацахста – æлхæнджытæ не сты, иннæтæй сты, мард дæр æмæ дзуар дæр кæмæн нæй, уыдонæй. Æмæ сæ зæрды цы и?

Лæппутæй иу, уæййаг дзаумæттæй нæлгоймаджы хæдоныл схæцыд, батылдта йæ:

– Ӕгæр зынаргъ æй нæ кæныс?

– Нæ. Уый йæ аргъ у. – Уæйгæнæг йæ бадæнæй сыстынмæ хъавыд, фæлæ йын лæппутæй иу йе уæхскыл бынмæ æрхæцыд: ма стæд, æнцад бадæд. Ӕмæ Геор ахъуыды кодта, кæй нæ сыстад, уый у йæ фыццаг рæдыд, йæ лæмæгъдзинад, дыууæ лæбурæгæн та сæ уæлахиз. Хъыгагæн, ацы æрыгон къайæн сæ хъуыддаг хорзмæ нæ уыдзæн.

– Ӕмæ...

– Куыд æмæ цы? Хæдон æгæр зынаргъ цæмæн уæй кæныс? Ардæм адæмы сайынмæ æрбацыдтæ?

Геор йæ сæр æруагъта. Цы рæстæджытæ скодта, цы? Давджытæ æмæ сæркъуыртæ рæстдзинадыл фыццаг дзурджытæ систы.

Лæбурджытæй иу, дзаумæттæ чи уæй кæны, уыцы æрыгон лæппуйы цæсгомыл йæ армытъæпæн æрхаста: ма змæлæд, мацы дзурæд. Ӕмæ Геор бамбæрста, ныр сæ къухы и.

Чызг кæуы, дзуры сæм:

– Цы уæ хъæуы? Иуварс ацæут!

Лæппутæй йæ иу асхуыста, æмæ чызг зæххыл æрхауд.

– Ма ниу! Дæ дзыхыл хæц, науæд дын цæрæнбонтæм бамыр уыдзæн.

Георы сыхаг Албег, цыма мæлæты лæг у, афтæ скатай:

– Бацæуæм сæм. Ныртæккæ сын сæ дзаумæттæ байсдзысты. Тæригъæд сты.

– Ӕмæ дæу исты хъуыддаг и? Дæхи дзаумæттæн нæ тæрсыс? – йæ уæхскыл ын йæ къух æрæвæрдта Геор.

– Цы? – цыма йæ фыццаг хатт уыны, ахæм каст æм æрбакодта йæ сыхаг.

– Ногæй та дæ фæрсын: Дæу исты хъуыддаг и? Дæхи мæт кæн. Бамбæрстай? – Геор ын цал æмæ цал хатты загъта: дæ кас кæм нæ уа, уым дæ уидыг ма тъысс. О, тæригъæд сты. Фæлæ сæхæдæг Геор æмæ Албег бæгъныгæй куы аззайой, уымæй нæ тæрсы? Ацы балбирæгъты æрмæстдæр æфсон хъæуы, сæхиуыл сæ зæрдæ куы нæ дарой, уæд ма сын сæхи хуызæн сæркъуыр æмбæлттæ кæцæйдæр фæзындзæн.

Лæппутæ æрыгон къайы расхой-басхой, ратон-батон кæнынц. Ӕвиппайды се 'мбæлттæ кæцæйдæр фæзындысты. Дзаумæттæм

фæлæбурдтой æмæ куыд æвиппайды фæзындысты, афтæ æвиппайды æрбайсæфтысты. Фыццаг цы лæппутæ æрбацыд, уыдон дæр фæцыдæр сты, сæ фæд æрбайсæфт. Æрыгон чызг æмæ лæппу хъуахъдзыхæй аззадысты.

Уæд Геор йæ сыхаг Албеджы ныхас хорз бахъуыды кодта:

– Бацæуын сæм хъуыд.

– Æмæ бацыдаис, чи дыл хæцыд? – бахудт Геор.

Бацыдаид æмæ цалдæр лæппуйæн цы ракодтаид? О, куыд нæ, сугты хуызæн сæ кæрæдзиуыл самадтаид. Уыдоны, цæмæй Геор æмæ Албегмæ фæзылдаиккой, уый тыххæй хъуыд æрмæстдæр æфсон.

– Албег, хатгай мæм гыццыл сывæллоны хуызæн фæкæсыс. Мин хатты дын дзырдтон: дæхиуыл хъуыды кæн, стæй бæрæг уыдзæн. Æмæ цы? Ницы.

Геор ацы фæндæгтыл бирæ цыдæртæ федта æмæ бавзæрста. Фæлæ сыл ныр цы бæллæх æрцыд, уый æгæр у. Дæ фыдгулæн йе ‘мфæндаггон амæла, дæ фыдгул йæ бонтæ æмæ йе ‘хсæвтæ иу автобусы мардимæ æрвита. Искæд сыл ахæм бæллæх æрцæудзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Викæ, кæд æцæгдæр рынчын уыд, æмæ, ай-гъайдæр, рынчын уыд, уæд кæдæм цыдис? Цæй, нæ фесæфдзысты, истытæ кæндзысты. Иуырдæм уал раирвæзтысты. Фæстæмæ дæр… рацæудзысты. Дзырд сты.

## КЛАРÆ

Царды æцæгдзинадæй алидзæн нæй. Иу бон алкæй дæр хъæуы амæлын, æмæ Кларæ уый хорз зоны. Нæ йæ æмбарæм, æндæр, чи зоны, уый вæййы нæ царды тæккæ амондджындæр бон: ницыуал зоныс, ницыуал дæ æндавы, ницæуылуал тыхсыс. Чи зоны, ныртæккæ Викæ у æппæты амондджындæр. Викæ, Викæ кæнынц, цыма никуы ничи амард. Чидæртæ иннæты, чидæртæ та, суанг сæхи цæстмæ, сæхи афтæ æвдисынц, цыма Викæйы амардыл сæ зæрдæйы тугтæ фæкалдысты. Æвæццæгæн, ацы зæххыл адæймагæй дыдзæсгомдæр цæрæгой нæй. Æмæ йæ, цымæ, Хуыцау афтæ сфæлдыста, æви йæ цард афтæ кæны?

Викæ… Викæ… Уæдæ Кларæйæн та æндæр хъуыдытæ ивылынц йæ сæры. Йæ раздæры лæгæй æххæст нæма фæхицæн. Æвддæс азы иу цары бын фæцардысты æмæ чи у, уый нæ базыд-

та. Кларæ уыд къуырма æмæ куырм. Сослан ын йæхæдæг йæ цæстытæ байгом кодта. Æвæццæгæн, ацы зæхмæ уымæй æмбæхстдæр адæймаг нæма рантыст. Худы дæм æмæ дын уыцы рæстæг дæ зæвæттæ лыг кæны, дзургæ иу кæны, хъуыды та бынтон æндæр цыдæр. Адæмы æхсæн та зæд, зæххон Уастырджи. Ахæм чындзæхсæв, дам, сарæзта æмæ авдсæдæ адæймаджы кæм æрбадынц, уыцы уæрæх, райдзаст рестораны, дам, къах бавæрæн нал уыд, фынгтæ алы æвзаргæ хæринæгтæ æмæ нозтытæй тасыдысты. Сослан, дам, йе 'рыгон усæй йæ цæстытæ нæ иста, цины уылæнты йæхи надта. Кларæ та уæд хæкъуырццæй куыдта, йæ къуыбар цæссыгæй йæхи æхсадта. Хуыцау хорз, æмæ йæ чызг Зифæ сæхимæ нæ уыд, æндæр æй афтæмæй федта, уæд йæ гыццыл зæрдæ атыдтаид. Уый дæр чындзæхсæвы уыд. Уæд ма йæ ахастдзинæдтæ йæ фыдимæ хорз нæ, фæлæ тынг хорз уыдысты. Кæрæдзиуыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыдысты, иузæрдион хо æмæ æфсымæры хуызæн уыдысты. Кларæйы, йæ чызг чындзæхсæвмæ ацыдаид, уый бæргæ нæ фæндыд. Æппынфæстаг, дуар ыл сæхгæдтаид, фæлæ ахъуыды кодта: æвзонг чызг, йæ зæрдæ тæмæссон, йе 'нкъарæнтæ йæ кæдæм ахæсдзысты, чи зоны æмæ... Уæд та... О, Хуыцау, уымæй сæ бахиз. Уæд та рудзынгæй йæхи аппæрста. Æмæ Кларæ Зифæйы ныхмæ иу ныхас дæр не скодта.

Ныр, чызг дæр, йæ фыд чи у, уый бамбæрста, уый дæр йæ цæстытæй ракаст æмæ йæ мадимæ æмхъуыдыгæнæг, æмзонд ссис. Уæд Сосланы чындзæхсæвы Кларæ сæ фатеры дуар йæ дыууæ гуыдырæй сæхгæдта, цыма сæм лæбурджытæ æрбацæудзæн, цыма сын мидæмæ сæ дуæрттæ тондзысты. Телеуынæн хъæрæй сарæзта, æмæ... кæуынæй йæ мондæгтæ суагъта. Никæй уынын æй фæндыд. Изæрæй йæ хъæбул сæхимæ куы æрбацыд, уæд йæхи афтæ дардта, цыма дзы иу цæссыг дæр не 'рхауд. Уымæн та ма зын цæмæн кæна, сæйрагдæр та, йæ лæмæгъдзинад, суанг йæ чызджы цур дæр цæмæн æвдиса. Кларæ тыхджын адæймаг у, æнцонтæй йæхи цъыфы змæнтын нæ бауадздзæн. Польшæмæ рацыд Зифæйы тыххæй, чызджы цæст – рагъæныл, æмæ йæ хъæбул хъуамæ дарæсхъуаг ма уа. Хæлæг макæмæ кæна. Йæ мад ыл кæй ауды, кæй йыл тыхсы, уый хъуамæ зона. Æндæр, дæ фыдгул ацы фæндæгтыл фæцæуæд. Кларæ сыл ныр цæуы æртыккаг хатт. Æмæ йын ацы фыдбонтæ, ацы æхсæвтæ чи æвзарын кæны? Сослан. Ницы кæны, тагъд сæ йæ сау рондзæй бафиддзæн.

Кларæ фыццаг хатт Сосланы Ирмæимæ куы федта, уæд бамбæрста: сæ бинонты цард фехæлд, бинонтæ нал сты. Æмæ уый уыдта йæхи цæстытæй. Джызæлæй Хъобангоммæ фæндаг. Ресторан. Сослан æмæ уыцы гацца райдзаст агъуыстмæ фæцæуынц. Сослан Ирмæйы йæ хъæбысмæ систа. Чызджы æнæмæт кæлкæл Кларæйы хъустæ арауынц. Уæд уый уыцы æвирхъау нывтæ нæ федта, фæлæ ма федта, мидæгæй уаты цытæ цыд, уыдæттæ. Дуары зыхъхъыр, кæнæ сæм рудзынгæмбæрзæны фæстæйæ нæ каст, фæлæ уæддæр алцыдæр уыдта. Йæ цæстытыл уад: йæ лæг цыдæр уынгзилы рæвдауы, дыууæуатон уæрæх сынтæджы бæгъдулæг кæнынц, сæ чъизи, се 'лгъаг æнкъарæнтæ сæ сæ уæлныхты систой æмæ зæххон нал сты, фæлæ уæларвон. Ды хæдтулгæйы бадыс æмæ алцыдæр уыныс...

Кларæ уыцы зæрдæриссæн нывтæ цал æмæ цал хатты федта æмæ ма фендзæн? Æмæ нырризы, ныккæрзы. Диваны къуыммæ дæхи нылхъывтай æмæ уым бандзыг дæ. У хъарм, фæлæ дæуæн у уазал æмæ гæрцц-гæрцц кæныс. Цы цæсгомæй æрбахиздзæн Сослан сæ фатермæ? Цы цæсгомæй æрлæудзæн Кларæйы цур? Йæхи афтæ дардзæн, цыма йыл къæм дæр нæ абадт. Чи зоны, худа йæм, чи зоны, ахъæбыс кæнынмæ йын хъава. Ох-х, куыд цъаммар, куыд мæнгард у адæймаг! Кларæйы фæндыд, Сослан ацы изæр сæхимæ куы не 'рбацæуид. Ацы изæр цæмæн? Уый фæндыд, Сослан сæхимæ куы никуал æрбацæуид. Уымæн лæг нал и. Амард. Мыййаг, йæ уæйгæнæг лæг сæхимæ куы æрбацæуа, уæд йæхи куыд дардзæн? Цы ми кæндзæн? Цы фæуыдзæн? Чи зоны, Кларæ арт феста æмæ дзы æхсидæвтæ хауа. Чи зоны, швабрæ раскъæфа æмæ дзы Сосланыл хафт-хафтæй ралæууа, æмæ йе 'лгъаг лæг мысты хуынкъ туманæй агура. Чи зоны, Кларæ йыл йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæна, кæимæ бæгъдулæг кодта, уымæ æнтъæргæ кæнæд, уымæн ам ницыуал и. Чи зоны, базыл ныддæлгоммæ уа æмæ хæкъуырццæй кæуа. Дæ фыдгул уый уавæры бахауæд, дæ фыдгулыл уый бон акæнæд.

...Сослан æрбацыд, куыд æрбацæуы, афтæ: дуар сабыргай базыхъхъыр, фатер æмæ машинæйы дæгъæлтæ тумбæчкæйыл æрæвæрдта. Зифæ йæ уатæй йæ размæ рацыд, йæ рус ын йæ русыл авæрдта, худы йæм:

– Привет, папæ!

Уый йæ æрбахъæбыс кодта:

– Уырыссагау ма дзур, хорз?

– Хорз, папæ! – Чызг, йæ фыд цы адæймаг у, уый куы зонид, уæд æм йæ уатæй нæ ракæсид. Æмæ йæ базондзæн. Кларæ... Цы кæна? Сæ къæсæрæй æрбахызт йæ чызджы фыд, æппæты зынаргъдæр ын цы адæймаг уыд, уый нæ, фæлæ цардхалæг, æнæуынон адæймаг. Кларæ йыл хъуамæ цъиуджын каркау йæхи ныццæва... фæлæ йæм худы. Ох-х, куыд æнæуынон ын у, куыд, фæлæ ма, мыййаг, кæд сæ цардæн бахъахъхъæнæн и. Кæрдзын куы асæтта, уæд ын баныхасæн нал и, фæлæ, кæд, мыййаг... Сосланæн кæд, мыййаг, уыцы гаццаимæ уыцы фембæлдтæ рæстæгмæ сты, нæлгоймаг уасæгæй уæлдай нæу, йæхи аирхæфсдзæн, æрæрвонг уыдзæн æмæ дзы уыцы карк ферох уыдзæн.

Сылгоймаг йæ лæгмæ худы, йæ хъæлæс фæлмæн, хъарм, уарзон: Сослан хъуамæ æппындæр мацæуыл фæдызæрдыг уа. Йæ бинойнаг ницы зоны, ницы федта.

– Сос, хæринаг дын ахъарм кæнон? – Цымæ зæрдæйæ кæй нæ дзуры, уый йæ хъæлæсыл нæ зыны? Рестораны дзаг фынджы уæлхъус чи бадт, уымæн æххормаг уыдзæн? Сослан дын куы зæгъид:

– Кла, ахъарм кæн, ахæрдзынæн, – бахудт æм лæг. Акса-ма, кæдæй-уæдæй ма йæ йæ буц, фæлмæн номæй схуыдта, æвæццæгæн, Ирмæимæ фембæлды фæстæ йæ рухс, уæлмонц æнкъарæнтæ нæма атадысты.

Сослан хордта æхсызгонæй, цыма цалдæр боны хор-доны хъæстæ дæр нæ фæци. Æмæ чысыл раздæр йæ гæлæбуимæ рестораны куы бадт. Цалдæр хатты сын дæргъæй-дæргъмæ официанткæ тасгæ-уасгæ æвзист тæбæгъы цыдæр хæринæгтæ куы рахаста? Æви йæ уæд хæрынмæ не ‘вдæлд? Æ-æ! Цæстфæлдахæг! Æдзæсгом. Ды кæд рувас дæ, уæд Кларæ та дæ къæдзил у. Барæй хæры, ома, никæм уыдтæн, æххормаг дæн. О, дыдзæсгом! Кларæ ахъавыд: стъолæмбæрзæны кæроныл фæхæц æмæ йæ дæ тых, дæ бонæй ратъæпп кæн – хæринагæй, уидыгæй, кардæй, тæбæгъæй пъолы хай куыд бауой. Йæ уырзтæ стъолæмæрзæныл андзæвыдысты, фæлæ арвы нæрынау йæ хъусты айзæлд: «Ма бакæн! Фæфæсмон кæндзынæ!» Æмæ фæстæмæ акъахдзæф кодта. Кæрæдзимæ хъаматæ сласыны афон нæма æрхæццæ, чи цы рамбула, уый фендзыстæм.

Уæд, уыцы изæр дæр æмæ ‘хсæв дæр уыдысты æнахуыр. Кларæ хъуыды кодта, Сослан цы цæсгомæй æруадздзæн сынтæгыл йæхи йæ фарсмæ? Йæ буар ыл цы зæрдæйæ андзæвдзæн? Æмæ йыл андзæвдзæн? Кларæ уæд зынг нæ фестдзæн?

Сослан, цыма æппындæр ницы æрцыд, бындз ыл нæ абадт, йæхи дардта афтæ, схуыссыд, иннæ хæттытау куыд схуыссы, афтæ. Схуыссыд Кларæ дæр, æрмæст æнæбары, йæхицæн тыхми кодта, афтæмæй. Кæрæдзиуыл не 'ндзæвыдысты. Йæ лæджы буарыл, мыййаг, æнæнхъæлæджы куы андзæва, уæд ыл цыма цæхæр æрхауд, афтæ нæ фестъæлфдзæн? Æмæ йыл андзæвдзæн?..

Иу рæстæг Сосланы цонг Кларæйы риуыл æрæнцад:

– Кларæ...

– Сослан... – цæуыннæ фестъæлфыд Кларæ. Уыцы æлгъаджы хъæбысæй йæхи цæуыннæ атыдта? Уый йыл узæлыд æмæ Кларæ уыд æнахуыр уавæры. Уыцы-иу рæстæг æм Сосланмæ гуырыдысты æхсызгон æмæ æнæуынон æнкъарæнтæ. Уый, æвæццæгæн, йæ фарсмæ æнхъæлдта Ирмæйы, Кларæйæн та чи уыд йæ фарсмæ?.. Йе 'намондгæнæг. Йе 'знаг.

– Дæ буар куыддæр ризы, – иу рæстæг загъта Сослан.

– Уый... Уый... – цы дзуапп ын раттаид, уый нæ зыдта. Æвæццæгæн, рагæй нал сæмбæлдыстæм æмæ уымæн афтæ у. Æмæ æцæгдæр, куыд лæг æмæ ус, афтæ цасдæр рæстæг нал сæмбæлдысты. Бирæ, фæлæ уый тыххæй нæ рызт йæ буар. Узæлыд ыл æцæгæлон, чъизи адæймаг, уæйгæнæг, дыдзæсгом, æмæ йын буар ныххъуырд лæвæрдта, буар йæ ныхмæ сыстад. Кларæ йыл уæддæр узæлыд, уый ма фæндыд сæ иумæйаг цард бахъахъхъæнын æмæ-иу алы тихалæгыл дæр æхххуыс æнхъæл фæхæцыд. Йæхи дардта афтæ, цыма ницы зоны, ницы федта. Кларæ уыцы уысмты йæхимæ каст Сосланæй дыдзæсгомдæр. Æмæ афтæ уыд. Æндæр фесхъиу, лæджы дæ хъæлæсы ахæсс, йæ цонгыл ын фæхæц æмæ йæ феддæдуар кæн. Уый уыд фæхтыхосты хуызæн, йæ сæр зылд, змæлыд тыххæй. Сослан... Уый тахт уæлдæфы, йæ цæстытæй цины тынтæ калдысты. Уыдон уыдысты уыцы гаццайы зæрдæйы рухс тынтæ. Лæг сæ æмбæхста, фæлæ сылгоймагæй цы бамбæхсдзынæ? Зæрдæ æхсæвыгон дæр уыны, зæрдæйы асайæн нæй.

Кларæ уыцы бон куыстмæ нæ ацыд, ацы зæххыл æй ницы æндæвта, ницы йæ хъуыд. Уый куыд у? Уый йæм, дзуармæ куыд кувай, афтæ куывта, йæхи йын снывонд кодта. Уый та... Сослан ыл йæ къæхтæй бацыд, уаллоны кадмæ йæ æрæппæрста. Кларæ у ницы, пъолсæрфæн пысул. Æмæ цæмæн? Сослан уыцы гæлæбуйы, уыцы гаццайы йæ зæрдæмæ кæй æрбахæстæг кодта, уый тыххæй. Цæйбæрц азтæ и се 'хсæн? Æмæ уæд уый цавæр уар-

зондзинад у? Дыууæ хæлд, дыууæ чъизи адæймаджы чъизи, æнæуаг митæ. Кларæ суадоны хуызæн сыгъдæг адæймаг, æмæ акæс-ма, уый нæ бæззы. Зæронд у. Нал хъæуы. Аппар æй. Бацу йыл. Нæ! Кларæ йæхи уымæ никæд æруадздзæн. Сослан ницы зоны, нæ йыл цæстытæ и, нæ смудæнтæ, æндæр йæ цуры цы сылгоймаг и, уымæн аргъ кæнид. Нæ йын аргъ кæны, ницæуыл æй нымайы, æмæ ма-иу кæсæд! Кларæ дæр адæймаг у, баст нæу, моладзан нæу. Сосланæн куы æмбæлы... Сосланы фыддæрадæн... Æмæ сылгоймаджы æнгуылдзтæ телефоны хætæлыл андзæвыдысты, йæ уырзтæ ссудзæгау кодтой æмæ сæ фæстæмæ аскъæфта. Цы кæны? Йæ сæрызонд фæцыд? Уал æмæ уал азы дæргъы фæрсмæ дæр никæмæ бакаст æмæ ныр... Сосланæн куы æмбæлы, йæ къух телефоны хætæлмæ йæхи ивазы. Къух æд телефоны хætæл бандзыг. Цы кæна? Уый дæр адæймаг у, удæгас. Сосланы фыдæнæн... Адзура йæм? Батырбег... Уый йын йæ алы ныхас дæр сæххæст кæндзæн. Батырбег Кларæйы тыххæй йæ амонд не ссардта.

Сылгоймаг телефоны хætæл æрæппарæгау кодта. Ахæм рог, æнæрхъуыды ми йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн, йæхæдæг ахæмтыл куы худт, уæд ныр... Уымæн нырма лæг ис æмæ йæ цæсгом нæ фæчъизи кæндзæн. Йæ уды бæрц æй чи уарзы, абон дæр ма йемæ сæмбæлынмæ æнхъæлмæ чи кæсы, уыимæ... Батырбег... Кларæ Сосланы хуызæн уæйгæнæг æмæ дыдзæсгом нæу, æндæр... Кларæ дæр хъуамæ уый хуызæнæй агæпп ласа? Æмæ уæд кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? Лæг... Æмæ ма уый йæ лæг у? Ахæмимæ иу цары бын цæрæн и? Кæрæдзимæ ма исты бар дарынц?..

Сослан райсомæй йæ куыстмæ куы фæцæйцыд, уæд Кларæмæ бахудт, цыма йын тынг аддджын, тынг зынаргъ у. Диссаг, цымæ, адæймаджы мидæг уыцы иу рæстæг цал адæймаджы цæры? Дыууæ? Ссæдз? Мин?..

Кларæ дæр Сосланмæ бахудт, бацыд æм, йæ уæхскыл ын йæ къух авæрдта, йæ риуыл ын йæ сæр æруагъта. Куыд æнæбары, уый æрмæстдæр зыдта йæ уд. Сослан ныуулæфыд. Æхсызгон улæфт, йæ цæстытæ кæддæрау – рухс. Æмæ сылгоймаджы сæры атахт, чи зоны, кæддæр сæ зæрдæты цы уæлмонц æнкъарæнтæ сыгъдысты, уыдон кæронмæ нæма ахуыссыдысты.

– Цæй, æз цæуын, – æмæ йæ лæг æрбахъæбыс кодта, къæсæрæй ахызт.

Ныр Кларæ бынтон æндæр хуызы хъуыды кæны. Уæд Сослан æхсызгонæй уымæн сулæфыд: сæ хæдзарæй, йæ бинойнагæй кæй аирвæзт. Кæй аирвæзт, уый тыххæй цин кодта, йæ зæрдæ уыд рухс æмæ хъæлдзæг. Цин кодта, кæй та сæмбæлдзæн йæ гæлæбу, йæ гаццаимæ.

Сылгоймаг разылд æмæ телефонмæ кæсы, йæ цæстытæ дзы ныссагъта. Батырбегмæ адзура æви нæ? Сæмбæлой?.. Уый... Æмæ Сосланæн алцыдæр куы æмбæлы, уæд уымæн не 'мбæлы? Кларæ æдзæмæй лæууы. Цы кæна? Артæй доны æхсæн бахауд. Сæ чызг Зифæ скъолайæ нæма 'рбацыд. Мадæн йæ цæстытæ доны разылдысты. О, Хуыцау, афтæ æнамонд æй цæмæн фæкодтай? Æвзæрæй дын цы сарæзта?

Сылгоймаг диваныл ныххауд. Йæ мидтыхст, йæ мидвæллад ыл æртыхстысты æмæ, иу рæстæг куыд афынæй, уый нæ базыдта. Æмæ федта æнахуыр фын. Рагон, фыдæлтыккон æдзæрæг хæдзар. Кларæйы хъæуы мидæмæ бацæуын, цæмæн, уый нæ зоны, фæлæ хъуамæ æнæмæнгæй мидæмæ, хæдзармæ бахауа. Дуар нæ ары æмæ тыхсы, катай кæны. Цы кæна? Цы фæуа? Ницы йæм зыны, фæлæ хъуамæ мидæмæ баирвæза. Куыд? Цы хуызы? Æрдæггом, саст рудзынг. Йæхи йæм ивазы, тæрхæгмæ сирвæзт. Талынг, æдзæм уатмæ бахызт. Æваст æнахуыр сонт цъæгъахстæй йæ хъустæ акъуырма сты. Лидзгæ! Ардыгæй лидзын хъæуы! Кæм и? Зындоны? Рудзынгæй йæхи раппæрста, йæ бон улæфын нал у. Сæфы. Æмæ фехъал. Йæ хид лæсæнтæй уад, йæ ком ныххус, уæлдæф йæ дзыхæй ахста. Дон... Дон анызта æмæ йын фенцондæр..

Кларæ уыцы фын ныр дæр нæ рох кæны. Цы амоны? Цæуыл дзуры? Уый... Уый у фæдисы дзæнгæрæг. Хорзæй йæм ницы æнхъæлмæ кæсы. Кæсы! Сылгоймаг йе 'нгуылдзтæ сыздыхста: уый æнцонæй йæ къухтæ хæрдмæ не сдардзæн, уый уыд æмæ у тыхджын адæймаг. Бирæ нæлгоймæгтæй тыхджындæр æмæ фидардæр. Уый йæхи æфхæрын æмæ ныллæг кæнын нæ бауадздзæн, мæлæтæн дæр йæ ныхмæ æрлæудзæн. Уæдæ Викæ у?! О, цæуыннæ, Сослан æмæ йе 'рыгон гацца ус æнхъæлмæ кæсæнт, Кларæ Викæйы хуызæн фæндагыл йæ уд сисдзæн æмæ æнцад æнцойæ цæрдзысты. Нæ! Æмæ ма иу хатт дæр – нæ! Сылгоймаг йе 'нгуылдзтæ ноджы тынгдæр æрыздыхста, сæ къæс-къæс цæуы, фæлæ йын нæ риссынц.

# ЗАРÆ

– Адæймаг уыди æмæ нал и, – Зарæйы æмфæндаггон сылгоймæгтæй кæйдæр хъæлæс. Викæйы амард уымæн дæр хъыг у, фæлæ йæхи «аххытæ» æмæ «оххытæ»–гæнæг скæна? Викæйæн ма раздæхæн и? Стæй, йæхи цард нарты куывд у? Цæуыл тыхса, цæуыл катай кæна, уый йын нæй? Иуырдæм азил, иннæрдæм акæс æмæ фарста, аразинаг хъуыддаг...

Зарæ цæуыл хъуыды кæны? Хъæуы йын йæ мад æмæ йæ фыдæй цы хæдзар баззад, уый йæ уæй кæнын нæ хъуыд. Зæхх, агъуыст – уыдон æнусон исбон сты, æнусон хæзнатæ. Нырма донмæ фæрæтæй лæбур, дæ рустæ хæрдмæ тон. Сæ хъæуы куы вæййы, уæд сæ уынгты ацæуын йæ зæрдæ нæ фæкомы. Машинæйы куы фæбады, уæд цæмæй сæ хæдзар ма фена, уый тыххæй йæ сæр иннæрдæм азилы, фистæгæй цæуы, уæд бынмæ зæхмæ кæсдзæн. Сæ хæдзар куы ауæй кодта, уæд кусынæн, архайынæн ныры хуызæн фадæттæ нæма уыд. Цард аивта. Цæхгæр фендæрхуызон. Раздæр ахæм гæнæнтæ уыд, уæд Польшæ, Турк æмæ иннæ бæстæтæм йæ фарсыл дæр фæбырыдаид, исты самалгæнæн кæм и, уыцы горæттæй иу дæр ‘нæсгæрст нæ ныууагътаид. Æмæ уæдæ куыд? Цæрын сæ хъæуы? Йæ лæг Махарæн цал æмæ цал хатты дзырдта, сæ лæппу Витали тагъд астæуккаг скъола каст фæуыдзæн æмæ дарддæр та куыд? Сæ чызг Циалæ дæр æртæ азы фæстæ аттестат райсдзæн æмæ... Æмæ дурмæ дæр дзур æмæ уымæ дæр.

– Истытæ кæндзыстæм. Искæдæм бацæудзысты ахуыр кæнынмæ, – æрбакаст æм-иу лæг. Æмæ-иу Зарæ мæстæй фæцæйскъуыд. Махар æдылы у æви йæхицæй æдылы аразы? Мæйæ æрхауд? Цы рæстæг цæрæм, уый нæ уыны? Фæлварæнтæ цыфæнды хорз куы раттай, уæддæр дæ æруромдзысты. Уæлдæр ахуыргæнæндоны дуæрттæ дын цæмæй байгом уой, уый тыххæй æхца бакалын хъæуы, æхца! Уæд уадз, дæ сывæллон мацы зонæд, уæддæр ын дуæрттæ уæрæх байтындздзысты. Цы рæстæг цæрæм, уый авдæны сывæллон дæр зоны, æрмæст æй иу адæймаг – Махар нæ зоны. Зарæйы цæугæмæсыг! Æви йæ, сæ цот йæхи хуызæн къодæхтæй баззайой, уый йæ фæнды? Æмæ ма уæд Зарæ ацы зæххыл цæмæн цæры? Цы чындæуа? Кæм ссардæуа æхца?

Зарæ скарста: йæ ныййарджытæй йын хъæуы цы хæдзар баззад, уый ауæй кæндзæн. Цыма йæ цонг лыг кодта, афтæ йæм

каст, фæлæ йæ лæппу æмæ йæ чызг æнæ дипломтæй баззайой? Царды фæндагæй иуварс ахауой? Уый дæр не ‘руадздзæн. Витали равзæрста университеты юридикон факультет. Циалæ – медицинон институт. Уый æрмæст уыдоны фæндон нæ уыд, фæлæ Зарæйы фæндон дæр. Æмæ уым диссагæй ницы и. Цы ныййарджыты нæ фæнды æмæ сæ хъæбултæ адæмы рæгъы æрлæууой, ахуыргæндтæ суой, адæм сæ дæнцæгæн хæссой?

Æхца раттын дæр зонын хъæуы. Зарæ, Махарæн ахæм ничи и, уый зыдта, фæлæ йæ уæддæр барæй цалдæр хатты бафарста. Æмæ йæ дзуапп уыд цæттæ:

– Нæй, никæй зонын.

Гал, дæр, дам, ма бæласмæ схызт, худт йæ лæгыл Зарæ. Уæдæ уый зоны. Фæлæ иу капекк дæр æнæ бæлвырд базонгæ нæ ратдзæн. Цæстфæлдахджытæ мæлдзыджытæй фылдæр сты æмæ…

Иу æмæ дыууæ хатты уыд ахæм хабар: ныййарджытæ, цæмæй сæ сывæллон уæлдæр ахуыргæнæндонмæ бахауа, уый тыххæй кæмæйдæр процентæй æхца райстой, кæнæ сæ дарæг хъуг ауæй кодтой. Æхца кæйдæр дзыппы смидæг, стæлфыд. Сывæллон… Сывæллон уæлдæр ахуыргæнæндонмæ нæ бахауд. Де ‘хца сæфынц. Æмæ уæд куыд? Æхца дзыппы ауадзын æнцон у, фæлæ йæ сисын зын у, хæрдмæ нал фæкомы. Нæ! Зарæ ахæм æдылы ми нæ бакæндзæн. Иугæр æхца ратта, уæд хъуамæ хъуыддаг æнæдызæрдыгæй арæзт уа. Виталийы гæххæттытæ юридикон факультетмæ куы балæвæрдтой, уæд сын алцыдæр уыд бæлвырд. Зарæ æнæдызæрдыгæй зыдта: йæ лæппу ахуыр кæндзæн йæ равзæрст дæсныйадыл. Уæддæр, цалынмæ йæ студентты номхыгъды федта, уæдмæ йæ зæрдæ йæ риуы къултыл йæхи хоста. Махар лæууыд йæ фарсмæ æмæ-иу æм сæрыстырæй æрбакаст: уыныс, цы фырт нын и. Æвæццæгæн, Зарæ уым нæ фæци, уæд, чи зоны, афтæ дæр загътаид: Виталийæн университеты уæрæх дуæрттæ байгом сты мæ фæрцы. Æцæгдзинадæй та университетмæ бацыд Зарæ, растдæр зæгъгæйæ та – æхца.

Мад ахæм фыдæбæттæ фæкодта йæ чызджы тыххæй дæр. Медицинон институты дæндæгты дохтыры бынатмæ нымадæй истой цалдæр адæймаджы. Гæппæввонгæй сæм лæууыдысты хицауад æмæ æхцаджын адæм. Æмæ уæд хъуамæ Зарæ фæсдуар аззайа? Æмæ та ратæх-батæх, иуырдæм – гæпп, аннæрдæм – дугъ. Зыдта йæ: алы ранмæ дæр и фæндаг ссарæн, алы дуар дæр байгом кæнæн и. Æхцайæ!

Махар ӕй къуылымпы кодта:

– Циалӕ хорз ахуыр кӕны, институтмӕ йӕхӕдӕг бахаудзӕн, ӕхца дзӕгъӕлы цы калыс.

Зарӕ йӕ сдзурын нал суагъта: институтмӕ афтӕ цӕуӕнтӕ нӕй. Хатгай йӕм афтӕ фӕкӕсы, цыма йын йӕ лӕг ӕрмӕстдӕр къуылымпыйы хос у. Кӕддӕр, кӕмӕйдӕр фехъуыста ӕнахуыр ном «Къуылымпы». Ӕмӕ дисы бацыд... Ӕндӕр ном ыл сӕвӕрӕн нӕ уыд? Уый цы ном у? Нӕмттӕй фылдӕр цы и? Ныр ӕм диссаг нал кӕсы. Уыцы ном тынг хорз сфидауид Махарыл. Иу хъуыддаджы дӕр лӕг куыд уа, хӕдзары ӕцӕг хицау, афтӕ Зарӕйы фарсмӕ нӕма ӕрбалӕууыд, ӕппынӕдзух ӕй размӕ схой, науӕд йӕ разӕй цу ӕмӕ йӕ дӕ фӕстӕ лас. Йӕ мад ӕмӕ йӕ фыд хъӕуы цӕрынц, хорз хӕдзар сын, хорз зӕхх сӕм. Горӕтмӕ хӕстӕг, зӕххӕн ӕмӕ хӕдзарӕн дӕр хорз аргъ, раст горӕтаг аргъ. Махарӕн йе 'фсымӕр Борик ӕмӕ йӕ ус Мисурӕт дӕр сӕ цотимӕ горӕты цӕрынц. Сӕ хо, Зарӕйы ходыгъд Дзитӕ дӕр йӕ бинонтимӕ горӕтӕгтӕ сты.

Фарон Зарӕйы хъустыл ӕрцыд: Борик ӕмӕ йӕ ус Мисурӕт цалдӕр азы размӕ мад ӕмӕ фыды хӕдзар сӕхиуыл скодтой. Нӕ йӕ уырныдта. Уый та куыд? Уымӕн гӕнӕн куыд и? Ахъавыд, сӕхи сын бафӕрса, фӕлӕ сусӕгӕй хӕдзар йӕхиуыл чи ныффыста, уый дын ӕцӕгдзинад, раст ныхас зӕгъдзӕн?

Борик хӕдзар йӕхиуыл куы кодта, уӕд цымӕ йе 'фсымӕр ӕмӕ йӕ хо йӕ зӕрдыл не 'рлӕууыдысты? Махар сидзӕр у? Ӕрхӕссӕггаг лӕппу у? Мад ӕмӕ фыдӕн уый Боричы хуызӕн хъӕбул нӕу? Борикмӕ цы бартӕ и, Махарӕн ахӕм бартӕ нӕй? Кӕд хӕдзар искӕмӕ хауы, уӕд, фыццаджыдӕр, Махармӕ, уый кӕстӕр ӕфсымӕр у.

Зарӕ йӕхимидӕг дис кодта. Кӕд Борик ӕцӕгдӕр хӕдзар йӕхиуыл сарӕзта, уӕд бынтондӕр фесӕфтыстӕм. Уӕд нын, ӕвӕццӕгӕн, ацы зӕххыл табуйаг ницыуал и. Цы 'рцыд? Цы хабар у? Ӕхца, исбон, мулчы тыххӕй фӕстӕмӕ къахджынтӕн нӕ удтӕ раттам? Рӕстдзинад ӕмӕ уды сыгъдӕгдзинад дӕлзӕхмӕ фӕлыгъдысты? Сӕ хъӕуы бынат – Ирыстоны рӕсугъддӕр кӕмттӕй иу. Хорз бахъавыдысты Борик ӕмӕ йӕ ус. Алӕмӕты бынат. Хӕдзарӕн дын – хӕдзар, дачӕйӕн – дачӕ. Нӕ дӕ хъӕуы, уӕд ӕй кӕдфӕндыдӕр ауӕй кӕндзынӕ, афтӕ йӕ нымай, ӕмӕ де 'хца дӕ дзыппы лӕф-лӕф кӕнынц. Нӕй! Ӕфсарм нал и. Лӕбур. Скъӕф. Мад ӕмӕ фыд нӕма амардысты ӕмӕ хӕдзар

дæхиуыл акæн. Худинаг æмæ амæлæт, фæлæ ма худинаг чи зоны?

Зарæ йæхимидæг скарста: дам-думтæ хорз сты, фæлæ Борик хæдзар æцæг йæхиуыл скодта æви нæ, уый хъæусоветы базонын хъæуы. Цы хуызы? Æмæ æрхъуыды кодта. Хъуамæ мачи мацæуыл фæгуырысхо уа. Цыма сæ фатер фæуæрæхдæр кæныны тыххæй рады лæууынц æмæ уал Махары рæстæгмæ йæ фыды хæдзары æрфыссын хъæуы. Хорз фæнд. Лæг нæ базмæлыд æмæ Зарæ йæхæдæг ацыд. Хъæусоветы хицау йæ бынаты нæ разынд, фæлæ йæм йæ секретаршæ, æрыгон чызг, хионы цæстæй ракаст. Гæххæттытæ йын йæ цуры æрæвæрдта, цалдæр хатты сæ иумæ рафæлдæхтой. Цымæ Борик æцæгдæр ахæм бынтыдзæуæг, фæсчъилтæ лыггæнæг разынд? Разынд! Æмæ кæд æфсымæр æфсымæры уæйгæнæг ссис, уæд ма цæуыл дзурæм? Ацы дунейы æвуæнк никæуыл уал и. Борик цалдæр азы размæ хæдзар йæхиуыл скодта, æмæ дзы иу ныхас никæд схауд, йе 'взаг аныхъуырдта.

Зарæ афтæ мæстджын уыд, æмæ сæ хæдзармæ нал бацыд. Стæй, кæцæй ма у уый сæ хæдзар? Уый уыд Боричы хæдзар. Цы хъуыддаг æй уыд уым? Мæстæй афтæ сыгъд, æмæ уыцы хæдзары къæсæрæй бахизын йæ бон нæ уыд. Æмæ, горæтæй цы автобусы æрцыд, уым фæстæмæ аздæхт. Зынг ыл бадар, уæд ныггуыпп кодтаид. Адæм адæм нал сты, æфсымæр æфсымæрыл нал ауæрды. Борик, сабыр зынгæйæ, куыд хинæйдзаг разынд!.. Æмæ сын нæ атулдзæн. Махар æмæ йæ бинонты ницы хъæуы? Махар сидзæр у? Фæрсаг адæймаг у? Борик æмæ йæ ус хъуамæ бинонты бынтæ хæдзарæй, æндæрæй иууылдæр сæхи бакæной? Нæ! Зарæ уый не 'руадздзæн. Уый Махары бынаты куы уаид, уæд Борикмæ нал сдзурид, уымæн ахæм æфсымæр нал уаид.

Иу рæстæджы Зарæйы сæры арвы æрттывдау атахт: кæд Борик мад æмæ фыды ныхасæй скодта хæдзар йæхиуыл? Кæд æй уымæн балæвар кодтой? Уæд, уыдоны 'рдыгæй уый уаид стыр æнæраст хъуыддаг, стыр гадзрахат, стыр чъизидзинад. Йæ цоты хъулæттæ чи кæны, уый Хуыцауы цур у стыр тæригъæдджын. Махарæй уæлдай сын Борик цы сарæзта? Сæ машинæйы ныццæуынц, æмæ дзы раласинаг цы ссарынц, цæуыл фæхæст вæййынц, уый багажничы бавгæн æмæ фæфæстæмæ у. Лæгæй, усæй тъыссæнтæ кæндзысты, æфсæрмы та куыд нæ фæкæнынц?! Цыма хæдзары хицау уыдон сты, дыууæ дуцгæ хъугмæ уыдон зилынц, зымæгмæ сын холлаг уыдон æрцæттæ кæнынц, уалдзæгæй

фæззæгмæ цæхæрадоны куыстытæ уыдон кæнынц. Цыхтытæ авæрдзысты, æхсырысæртæ балоны кæндзысты, дыргътæ голлаггай хæсдзысты.

Цы хуызы базындæ уа, Борик хæдзар йæхиуыл сусæгæй скодта æви мад æмæ фыды ныхасæй? Зарæ сын сæхи нæ бафæрсдзæн. Æфсымæрты хо Дзитæ. Æмæ уæд уый ницы хъæуы? Уымæ хæдзарæй ницы хауы? Закъонмæ гæсгæ – хауы. Зарæ Дзитæйы ракъахдзæн. Æмæ йын иу ахæмы фадат фæци. Хо, сæ хистæр æфсымæр хæдзар йæхиуыл кæй скодта, уый зыдта, сæ иу сыхаг ын æй загъта.

– Зыдтай йæ? – комкоммæ йæ бафарста Зарæ.

– Зыдтон, – йæ сæр æруагъта Дзитæ.

– Æмæ куыд ницы загътай?

– Зæгъын, куы йæ базонат, уæд сымахæн дæр æмæ мад æмæ фыдæн дæр зын уыдзæн.

– Дæ ныййарджытæ æгас æмæ сын афтæмæй сæ хæдзар дæхи бакæн. Худинаг! Худинаг! – Йæ сæр нынкъуыста Зарæ. – Мад æмæ фыд уый куы базоной, уæд зæрдæхæлдтытæ нæ фæуыдзысты? – Æндæр ницыуал загъта. Бинонты кæрæдзиуыл ардауæн ныхас никæд кодта, уыдæттæ йæ сæрмæ никæд хаста æмæ хæссы. Фæлæ йæхицæн фидарæй загъта: хæлоф у? Уæдæ уæд фендзыстæм. Махар æмæ йæ бинонтæ хъуамæ æнæ ницæмæй баззайой? Нæ! Зæхх... Сæ цæхæрадон хæдзарæй иуварс, гектарæй къаддæр нæу æмæ уый та Махарæн. Хæлоф, уæд хæлоф. Уый уæйгæнгæйæ сæ хæдзарæй къаддæр аргъ нæ райсдзæн. Борик хæдзар йæхиуыл куы кодта, уæд ын зæхх куыд аирвæзт? Гæххæттытæм ма иу хатт æркæсын хъæуы: мыййаг, кæд Борик зæхх дæр йæхиуыл æрфыста. Дзитæ дæр... Чи сын цы зоны?.. Кæд уый дæр исты æмбæхсы...

Æмæ Зарæ алцыдæр базыдта. Табу Хуыцауæн, ныр ма æгас у. Уый, мæнæ Викæ никæд уал ницы базондзæн, стæй марды ницыуал фæхъæуы. Зарæ та нырма æгас у, сæ бинонты нырма цæрын хъæуы.

## ОЛЕГ

Олег, ам Польшæйы нæ, фæлæ нæхимæ дæр газеты никæд фæкæсы, нæ сæ рафыссы. Цы сæ кæны, цæмæ йæ хъæуынц? Сæ иу дзырдыл дæр сын не 'ууæнды. Ацы польшæйаг газет æм кæцæй

ærbahaud? Чидæр ын æй йæ цуры æрæппæрста æмæ йæ систа: исты атухынæн бахъæудзæн. Геор та газеттæ кæсын уарзы, фæндагыл æнæхъæн цъæпæратæ балхæны æмæ сæ йæ цæстытæ нал фæисы. Æхца дзæгъæлы сафы.

– Геор, мæнæ дын замманай газет. Нæ польшæйаг æфсымæрты æвзаг нæма зоныс? – дзуры йæм Олег. Геор газет райста, кæсы йæм, фæлдахы йæ:

– Кæсын нæ зонын, фæлæ сын сæ ныхæстæй цыдæртæ æмбарын. – Аджих, йе 'мфæндаггонмæ разылд æмæ йæм дзуры: – Абон иу ирон лæппуйæн йæ райгуырды бон у, фæцæй дзы рох кодта æмæ йын æй ацы польшæйаг газет йæ зæрдыл æрлæууын кодта.

– Геор, дæ райгуырды бон ма уæд? Арфæ дын кæнын.

– Бузныг. Ацы фæндæгтыл адæймагæй йæ ном дæр ферох вæййы. Цæй, изæры фæйнæ сыкъайæ акувдзыстæм, нæ фехъуыстон ма зæгъ.

Кувынмæ Олег æдзухдæр цæттæ у.

Бæлццæттæ æрбамбырд сты, Геор дзы иуы дæр нæ фæхъулон кодта. Иуæндæс уыдысты æмæ ма ныр дæс сты. Викæ нымады нал у. Дзаумæттæ æмæ хызынты фæсте нæ зыны. Уый йæхицæн, фæндаггонтæ та сæхицæн, кæрæдзи нæ уынынц, кæрæдзимæ ницы бар дарынц.

Бандæтты æхсæн, астæуæй ацæуæны фæйнæг æрцарæзтой. Олег дисы бацыд: кæм æй ссардтой? Гæххæттæй йæ бамбæрзтой æмæ дын фынг цæттæ. Георы цæстæнгас сын дзуры: бæргæ, æртæ дзаджджын уæлибæхы, æртæ фыдджыны, ирон æртæкъахыг фынгыл æрæвæр, физонæг сис æмæ скув. Фæлæ уавæр – аразæг, уымæн дæр та кæд фадат фæуаид.

Олег, фыццаг æрбацæуынмæ нæ хъавыд: исты æфсон скæндзæн. Цы сæ иу кæны Георимæ? Ацы фæндаг. Цалдæр хатты иумæ рацыдысты æмæ цы? Уым диссагæй цы ис? Хæсджын, æфсæрмыйаг дзы истæмæй у? Уæддæр та ирон æгъдау, æндæр дæ бадæны дæхи ауадз æмæ баулæф, бафынæй кæн.

Фынгыл коньяк, водкæ, суанг шампайнаг, карк, дыргътæ, халсартæ. Уæдæ ма цы вæййы? Геор тынг парахатæй бæрæг кæны йæ райгуырæн бон. Ам, нæлгоймæгты хистæр Олег у, фæлæ фынджы хистæрæн не сбаддзæн. Нæ уарзы хистæрæн бадын. Кæмæндæрты та уыцы бынат йеддæмæ мацы ратт. Æмæ уый кувын нæ зоны? Фынджы æгъдау нæ ахæсдзæн? Бирæтæй хуыздæр. Хистæрыл уаргъ

и. Дæлдæр бадыс, уæд та цы: оммен зæгъ æмæ кæд нуазыс, уæд аназ, ницы мæт дæ и, дзырдæппарæн дæм ничи кæны.

– Бадджери, ракув, – Геор шофырæн агуывзæйы водкæ рауагъта. Æмæ тынг хорз бакодта, уадз хистæрæн Олег нæ, фæлæ уый бадæд. – Сылгоймæгтæ, кæмæн уæ цы рауадзон, коньяк, шампайнаг?

Бадджери сыстад, лæгъстæ йын нæ бахъуыд, хистæрæн абадын уарзы, æмæ фынджы æгъдау æвзæр нæ хæссы. Олег нæ сыстдзæн, фезмæлæн дзы нæй, стæй райдзаст, уæрæх уаты æртæкъахыг фынджы уæлхъус нæ бадынц, мыййаг. Стæй... Уыцы сыст-сбад нæ уарзы, цыма гимнастикæ фæкæнынц. Ныртæккæ Бадджери дæрдтыл дзурдзæн, Георæн йæ рагфыдæлты æрымысдзæн. Æмæ дзуры. Кувы. Цавæр даргъ ныхас у?! Кæм дæ, уый нæ зоныс? Хистæры бынатмæ баирвæзтæ, уæд дын хъуамæ æруромæн мауал уа? Де 'фсæртæ феуæгъд уой? Дæрдтыл дын зондджын, рæсугъд ныхас кæндзысты. Фæлæ дæм уыцы бартæ хауы? Чи дæ? Дæ бинонты цард саразын куы нæ фæразыс, дæ бинонты цард æлхынцъытæ æмæ суйтæ, дæ хæдзары дымгæ зилдух кæны, афтæмæй зондамонæг сдæ. Уæд куыд у уый? Уæд кæркæ-мæркæ рæсугъд ныхæстыл цы схæцыдтæ?

Иу куывд. Иннæ. Фынг хъæлдзæгæй хъæлдзæгдæр кæны. Ныртæккæ иууылдæр кувæг æмæ арфæтæгæнæг суыдзысты, сойæвдылд ныхæстæ ивылынц æмæ ивылдзысты. Олег, æнхъæлдæн, дзæгъæлы сразы, йæ къæбæр искæм йæхицæн адджынæн бахордтаид, стæй иу афон автобусмæ æрбацыдаид æмæ баулæфыдаид. Лæг аивæй йе 'мфæндаггонтыл йæ цæст ахаста: чи сæ водкæ аназы, чи коньяк, чи шампайнаг ахуыпп кæны. Æхсар нæ нуазы, йæ был дæр нæ ацаходы. Сылгоймæгтæ дæр, Асиатæй фæстæмæ, нæ ауæрдынц, æмæ сæ рустæ фæсырххуыз сты, сæ фæллад, се 'дзард фæлурс цæсгæмттæ фæцардхуыз сты. Рæсугъд, къæбæлдзыг ныхæстæ пæр-пæр кæнынц, тагъд кæрæдзийæн ныхасы бар нал дæтдзысты. Оледжы цæстытæ аивæй, автобусы фæстæрдыгæй сæ дзаумæттæ æмæ сæ хызынтæ æвæрд кæм сты, уырдæм азылдысты. Ныртæккæ... Викæ дзаумæттæ æмæ хызынтыл иуварс ахæцдзæн, рахиздзæн, водкæйæ дзаг агуывзæ йæ къухмæ райсдзæн æмæ уæздан, æгъдауджын, кадджын Георæн арфæтæ кæндзæн. Æмæ уæдæ уый хъуамæ мацы зæгъа? Уый хъуамæ йæхи куыд баурома? Куыд бирæ уарзæм цæстмæхъус, былалгъ ныхæстæ, куыд!

Олег ӕдзӕмӕй баззад: цыма хызынтӕ, дзаумӕттӕ базмӕлыдысты, афтӕ йӕм кӕсы, цыма сыл чидӕр фӕйнӕрдӕм ахӕцыд ӕмӕ се ‘хсӕнӕй разынд... Викӕ. Олег йӕ армытъӕпӕнтӕй йӕ цӕстытӕ асӕрфта ӕмӕ Викӕ ӕрбайсӕфт. Бады, хуыпп дӕр нӕ банызта, водкӕйӕ йӕ был ацахоры. Расыг нӕу, уӕдӕ уыцы ныв йӕ цӕстытыл цӕмӕн ауад? Цымӕ, Викӕ ӕцӕгдӕр куы райгас уаид ӕмӕ ацы фынг куы фенид, уӕд цы зӕгъид? Цы зӕгъид, уӕлдайдӕр сылгоймӕгтӕн, водкӕ уа, коньяк уа, шампайнаг чи нуазы, уыдонӕн? Чи зоны, ӕппындӕр ницы. Чи зоны, уыдон ӕм кӕсгӕ дӕр нӕ ракӕниккой, сӕ хӕрд, сӕ нозты кой дарддӕр кӕниккой. Ӕви фӕуадзыгтӕ уаиккой? Олег ӕм разилид ӕмӕ, ӕвӕццӕгӕн, зӕгъид:

– Викӕ, ацы дунейы цардӕй ӕгъатырдӕр ницы и. Уыныс? – Ӕниу, цард ӕгъатыр кӕй у, уый йӕхӕдӕг, фӕндагыл йӕ уд чи систа, уый йӕ нӕ зоны? Олег ма йӕ ныхасмӕ бафтауид: – Викӕ, цин ӕмӕ зын, зарӕг ӕмӕ хъарӕг фӕрсӕй-фӕрстӕм цӕуынц. Цард афтӕ у. Уый афтӕ кӕй у, уымӕн дын ӕвӕджиауы ӕвдисӕн ацы фынг.

Олег йӕхимидӕг базмӕлыд: фынгмӕ ӕрбацӕуыныл дзӕгъӕлы сразы, ӕмӕ сыстид, ныууадзид сӕ, фӕлӕ аив нӕ уыдзӕн, стӕй... фезмӕлӕн дзы нӕй: уӕд сӕ сӕ фынг иуварс айсын хъӕуы, кӕнӕ йӕ сӕрты ахиз. Баддзӕн, йӕхицӕн тыхми кӕндзӕн.

Бадджери, цыма нӕртон куывды бады: иу гаджидау иннӕйы фӕстӕ уадзы. Ӕмӕ цӕуыннӕ цӕл кӕной? Геор сын ӕнӕнхъӕлӕджы ахӕм бӕрӕгбон сарӕзта. Цымӕ цас схардз кодта? Ам алкӕмӕндӕр йӕ фыццаг хъуыды ууыл у: куыд къаддӕр схардз кӕна ӕхца. Алы капекк дӕр – нымад, дӕ чыссӕмӕ зыр-зыргӕнгӕ ӕвнал. Ӕмӕ ма сӕм бакӕс. Сӕ фылдӕр рӕуджыты низӕй рынчынты хуызӕн не сты? Мӕллӕг. Фӕлурс. Цардӕфхӕрд. Стджытӕ ӕмӕ нуӕрттӕ. Олег кӕмфӕнды дӕр, цыфӕнды уавӕрты дӕр йӕхи ӕххормаг никӕд ныууагъта, стӕй нӕ ныууадздзӕн.. Ӕрмӕст хӕринаг не ‘взары, цы йын уа, уый хорз.

Олег водкӕйӕ ацахуыста ӕмӕ агуывзӕ ӕруагъта. Стӕм хатт ахуыпп кӕны, фӕрасыг уыдзӕн, уымӕй дзы нӕ тӕрсы, фӕлӕ йӕ цӕмӕн хъӕуы, цы пайда йын у? Диссаг, Геор ацы фынг цӕмӕн сарӕзта? Кӕд райгуырди, уый тыххӕй йын исчи йӕ паспортмӕ касти? Исчи йӕм джигул кодта? Искӕмӕй исты хӕсджын у? Цы зӕгъынмӕ хъавы? Уӕдӕ ӕдылы дӕр нӕу. Цас рӕстӕг ӕй зоны, ӕмӕ ӕмбаргӕ адӕймаг у. Ӕниу, Оледжы цы гуыбынниз и.

Æмфæндаггонтæ сты æмæ дзы алчидæр цæры йæицæн, æмæ кæй цы фæнды, уый кæны.

Уæддæр Геор ацы фынг цæмæн саразта? Зæрдæйæ-зæрдæмæ ныккæсæн нæй, фæлæ йæ цæстытæ… Ницы æвдисынц, ницы дзурынц. Дзæгъæлы йæ не скодта, уый бæлвырд у. Ис æм, цæрын фæразы, фæлæ… Уæдæмæ ирон лæг сæрыстыр у, кадуарзаг, æмæ, æвæццæгæн, зæгъы: кæсут, æз цы лæг дæн, фæндагыл дæр куывдтæ кæнын. Олег уыдæттæй йæхи никæд кадджын кодта, уыдон аслам митæ сты. Кæд… Æмæ, ау… Нæ, ахæм адæймаг нæу. Кæд æм, мыййаг, ахæм хъуыды и: йæ райгуырды бон у, фынг сæвæрдта æмæ йе ‘мфæндаггонтæ æхца æрымбырд кæндзысты, цы схардз кодта, уый йæм дыууæ ахæмæй æрбахаудзæн. Олег дзы иу капекк дæр нæ сæвæрдзæн, уый зоны. Фæндагыл хъуамæ цы ‘гъдæуттæ кæна? Стæй, уый уаид уæлдай, æдылы, æнæфенд ми. Кæд дæ бон фынг сæвæрын нæу, уæд цы ныффæдис кодтай? Дæ кувинæгтæ уæй кæныс? Олег йæ райгуырды бон нæ фæбæрæг кæны, мæлæты лæг, æмæ куывдтæ кæндзæн. Кæд райгуырди? Кæд… Уымæн дæр дыууæ боны фæстæ йæ райгуырды бон уыдзæн æмæ цæуыннæ, æнæхъæн Варшавæйы базары адæмы æрхондзæн. Иу сым дæр дзы не схаудзæн. Геор къамбец дæр аргæвдæд. Æхца ‘рæмбырд кæнын, кæнæ йын исты лæвар балхæныны тыххæй ничи ницы дзуры. Иууылдæр сзонджын сты. Чи зоны, чидæр феста, йæхицæй тырысахæссæг ацараза æмæ зæгъа: цæйут, æхца рамбырд кæнæм æмæ Георæн исты лæвар балхæнæм. Æмæ, зæгъæм, чидæр фесхъиудта, уæд æй Геор бауадздзæн? Йæ сæрмæ уый æрхæсдзæн? Олег нæ бауадзид.

Олег базмæлыд, йæхиуыл схæцыд. Цыма сылгоймæгтæй чидæр афтæ зæгъынмæ хъавы: нæ æмфæндаггонæн йæ райгуырды бон у, æмæ фæйнæ капеччы æрæвæрæм æмæ йын исты лæвар балхæнæм, зæгъгæ. Диссаджы хорз хъуыды! Диссаджы хорз фæнд! Оледжы ахæм æдылы ныхæстæм хъусын нæ фæнды æмæ хатыр, уый цæуы. Сæ фынг сын базмæлын кæндзæн, фæлæ цы гæнæн и. Геор дæр, сылгоймæгтæй дæр чидæртæ дзурынц: абадæд уал, кæдæм тагъд кæны, æдде дæр цы ми кæндзæн? Хатыр. Хатыр. Æддæмæ йæ акæсын хъæуы, хъуамæ сын алцыдæр коммæ дзура?

Олег автобусæй рахызт, æхсызгонæй сулæфыд. Бадти æнæбары. Æфсæрмæй. Ацы фæндæгтыл кæимæ фæцæуы, уыдон æй зонынц: ноземæ æмхиц нæу, нæ фæлæ – нозт ын æнæуынон у

æмæ йæм нæ фæхатынц. Зонынц æй йæ сыхæгтæ дæр, хионтæ дæр. Уæвгæ, æппæт Ирыстоны адæм сæ сæртыл хъен куы слæууиккой, уæддæр иу хуыпп дæр нæ баназид. Цы йæ кæнын хъæуы, уый йæхæдæг нæ зоны? Æгъдау æгъдау кæнынц. Æгъдау кæд баназынæй у, уæд ирон адæммæ расыггæнджытæй æгъдауджындæр ничи уаид. Иу дæм дзурдзæн, иннæ дæм хатдзæн. Ау, æгъдау нал и? Æмæ æгæр куы стынг вæййынц, уæд Олег æнæдзургæйæ сысты æмæ ацæуы. Арахъхъ, водкæ нæ, фæлæ бæгæны дæр никæд банызта. Сомы нæ бакодта, ард нæ бахордта, фæлæ нæ нуазы, нæ йæ хъæуы. Мыддон, мыййаг у? Адæймаджы цард цыбыргæнæг, адæймаджы, бинонты æмæ суанг æхсæнады цардхалæг. Æмæ йыл цæйбæрц æхца сæфт цæуы? Нæ фыдæлтæ йæ хæйрæджы холлаг дзæгъæлы хуыдтой? Науæд, уыцы тамако. Хорзæй дзы цы ссардтой?! Стыр ахуыргæндтæ, бæрнон бынæтты кусджытæ, сæ бакаст – зондджын, æмæ тамако сæ дзыхæй нæ исынц. Пъæртт! Æмæ та сау фæздæг сау фæдуадзгæ дæ буары ахъардта, сæ рæуджытæй фæндырæй фæцæгъдынц. Уæд цæмæй зондджын дæ? Цæмæй ахуыргонд дæ? Дæхи цы марыс? Адæмы дæр цы низджын кæныс? Æмæ... Стæй... алы бон иу кæнæ дыууæ къоппы чи дымы, уыцы зынаргъ сигареттæй, уый сыл чысыл æхца хардз кæны? Йæ дзыппы иу капекк нæ уыдзæн, афтæмæй йæ дзыхы хъайваны йас сигарет батъысдзæн. Иу æвдæлон рæстæджы Олег нæ базивæг кодта æмæ, адæймаг бон иу къопп сигареттæ куы дыма, уæд азы дæргъы æхца цас схардз кæндзæн, уый банымадта. Æмæ чысыл уыд? Пысылмæттæ карз нозт нæ нуазынц, тамако нæ дымынц, æмæ тынг раст кæнынц. Цæрынц? Цæрынц. Арахъхъ æмæ тамакойы бын фестæм æмæ афтæмæй фылдæрæй-фылдæр куыд нæ кæндзыстæм, стæй уыцы расыггæнджытæн цы цот рацæуа, уыдон арвæй стъалытæ куыд не скъæфдзысты. Олегæй кæнгæ у, уæд иу фынгыл дæр карз нозт æвæрын нæ бауадзид.

Лæг айхъуыста: йе 'мбæлтты дзолгъо-молгъо автобусæй æддæмæ хъуысы. Аныэтой æмæ сæ рохтæ бынтондæр суагътой, се 'взæгтæ феуæгъд сты. Карз нозт марды дæр сдзурын кæны. Сыстæн сын нал и, райсом дæр ма сæ цæрын кæй хъæуы, æвæццæгæн, сæ уый ферох. Цы æнæрхъуыды сты! Олег, бæргæ, баулæфид. Бон изæрмæ дæ къæхтыл фæлæууу, æмæ адæймаг дур у? Базар æфсæйнаг хæтæлтæй арæзт бруйæ æхгæд. Банцой йыл кодта. Афтæмæй куы нæ афынæй уаид. Йæхи уымæ не 'руадз-

дзæн. Йе ‘мбæлтты хъæлдзæг хъæр ныхас æм ардæм дæр хъуысы, тагъд зарын æмæ кафын дæр райдайдзысты. Викæ дæр рахиздзæн æмæ кафдзæн. Фæндыр ма сæ куы уаид. Цыма чындзæхсæвы бадынц. Олег йæ лæппутæ Мишæ æмæ Димæйыл арæх фæхъуыды кæны, арæх фæхъуыды кæны сæ фидæны цардыл. Хъуыддæгтæ кæд бакæндзысты? Сæ къайтимæ сæ цард куыд ацæузæн? Æнæ чындзæхсæв... Уыцы чындзæхсæвтæ, куывдтæ, марды хистытæ æмæ кæндтæ – Олег рагæй фæстæмæ дæр сæ ныхмæ уыд æмæ у. Цæмæ хъæуынц? Цы пайда сты? Нæ адæм æгæр сæрыстыр æмæ кадыл мард сты. Æхца искæмæй райсдзæн æмæ чындзæхсæв дардыл ныззилдзæн, стæй цалдæр азы йæ æфстау фиддзæн. Æмæ уый иу бæллæх, иннæ та – лæппу æмæ чызгæн сæ цард нæ ацыд – рахицæн сты. Æмæ æхца фесæфт, дæ бирæ хæрдзтæ дын дымгæ ахаста. Олег æдзухдæр уыд æмæ у чындзæхсæв скæныны ныхмæ. Æмæ йæм кæд йæ бинонтæ хъусой, æмæ йæм хъуамæ цæуыннæ хъусой, мард нæма у – уæд сæ хæдзары чындзæхсæв нæ уыдзæн. Хионтæй, къабæзтæй цалдæр адæймагмæ фæдзур æмæ дыууæ æрыгоны Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл бафæдзæхс. Дыууæ æрыгонæн сæ цард куы нæ ацæуа, уæд дæ зæрдæ афтæ нæ рисдзæн. Дæхи ныггафутт кæн, дæхи бахæр, æмæ цæй тыххæй?

Олег газеты бакаст æви журналы? Цыдæр бæстæ, цыма Швейцарийы, усгур лæппу цасдæр рæстæг ацæры чызджы хæдзары. Дыууæ æрыгоны кæрæдзи æмбарынц, сæ ныхас кæрæдзиуыл бады, кæрæдзийæн адджын сты, сæ иумæйаг цард ацæудзæн, уæд сæ цард баиу кæнынц. Уæрæсейы, æмæ, зæгъæм, махмæ, Ирыстоны дæр ахæм æгъдау и, уæд уый æвзæр уаид? Сæ иумæйаг цард кæмæн нæ ацæуы, уыдон нæм бирæ къаддæр нæ уаиккой? Фæсарæнты æвзæрæй, чъизийæ, æлгъагæй цы ис, уый хæлофæй исæм, фæлæ дзы хорзæй, бафæзминагæй цы ис, уый нæ уынæм.

Æнхъæлдæн, Олегæн йе ‘мфæндаггонты нæртон фынг фæци. Æмæ афон дæр уыд. Уæд та Викæйæ куыд не ‘фсæрмы кодтой. Мард дæ цуры æмæ кæл-кæл кæн. Нал бæззæм, нал. Адæм нал стæм. Табуйаг нын ницыуал у.

Олег фезмæлыд, акъахдзæф кодта. Ныртæккæ йæ бадæны йæхи æруадздзæн æмæ уайтагъд афынæй уыдзæн, йæ фæллад ыл æртæфсдзæн.

# ЛИДÆ

О, Викæ! Викæ! Уый цы бакуыстай? Лидæ ныууылæфыд, йæ сæрыл схæцыд. Æмæ йæхицæн цыфæндыдæр кæнæд, фæлæ Лидæ... Йе ‘хца дзырддаг куы нæ фæуаиккой. Ноджы доллæртæ. Йæхæдæг уыд аххосджын, исчи йын йæ цæстытæ артмæ ныддардта? Викæмæ кæсын йæ бон нал уыд æмæ... Польшæмæ ацæуынмæ йæ чи сразæнгард кодта? Лидæ. Уæддæр... Уæддæр Лидæ зонджын адæймаг у, дардыл хъуыды кæны, дардмæ уыны.

Уæд, мæгуыр, Викæ ныттæстытæ, ныкъкъæдзтæ, ныггæлиртæ, æнæуи дæр, мæлæты дзырдмондаг, дзырдарæхст нæ уыд. Польшæмæ ацæуид, фæлæ æхца кæм ссардзæн, уый бæрц ын æфстау чи ратдзæн? Цы йын хъуамæ загътаид Лидæ?! Æфстау ын ничи ратдзæн, кæд процентты. Викæ йæ цæстытæй ракаст, йæ цæсгомыл цины тæппытæ фæзынд. Æхца никуы–никæмæй райста, цал процентыл дæттынц, уымæн ницы зоны. Лидæ йæ зоны: ссæдз, фондз æмæ ссæдз, дæс æмæ ссæдз процентыл, цал боны æмгъуыдмæ исай, куыд баныхас кæнай, уымæ гæсгæ.

Викæ ницы загъта. Дыккаг изæр Лидæмæ æрбацыд, æмæ ма уымæн цы бамбарын хъуыд: æхца йæ хъæуы, æхца дзы куры процентыл. Сагъæсы бахауд: ратта йын æви нæ? Гæнæн уæвгæйæ, хионæн дæр æмæ зонгæйæн дæр æхца ма ратт: чи зоны, дзырддаг дын суой, масты дæ баппарой. Æмæ Лидæ дывыдон арты бахауд. Викæ йæм джигул нæ кæны, фæлæ... Тæригъæд у. Стæй, де ‘хцатыл цалдæр бонмæ фондз æмæ ссæдз, дæс æмæ ссæдз проценты куы бафта, уæд уый æвзæр у? Викæ процентты æхца кæмæй райса, Лидæ ахæм никæй зоны? Уый бады йæ фарсмæ, фæлæ...

– Ахъуыды хъæуы, – загъта Лидæ, – процентты дæр æхца раттын æнцон нæу, кæмæн дæттыс, уый чи у, цавæр адæймаг у? Куыд уыдзæн?.. Цы уыдзæн?.. Ныртæккæ адæмыл æууæнк нал и æмæ...

– Æз никуы никæй асайдтон, цы бонмæ бадзырд кæнæм, уыцы бон ын сæ ратдзынæн, – йæ фæлмæн хъæлæсæй загъта Викæ.

– Мæнмæ дæр цыдæр капеччытæ ис, фæлæ...

– Куыддæр æрбаздæхæм, мæ дзаумæттæ ауæй кæнон, афтæ дын сæ ратдзынæн.

Лидæ Викæмæ сгарæгау кæсы: ратта йын æви нæ? Дзырддаг ын нæ фæуыдзысты?

– Викæ, дæ уавæр дын зонын æмæ дын «нæ» зæгъон, уый мæ бон нæу, æз дын баххуыс кæндзынæн.

Æмæ баныхас кодтой. Лидæ йын ратдзæн доллæртæ. Ссæдз бонмæ дæс æмæ ссæдз проценты. Иннæтæ фылдæр процентты дæттынц, фæлæ йын йæ тыхст уавæр зоны æмæ...

– Лидæ, мæн тыххæй дæхи ма бафхæр, адæм цы процентты дæттынц, æз дæр ууыл разы дæн.

– Дæ уавæр дын хорз зонын æмæ... Стæй... Адæм нал стæм? – Лидæ хæлæф никæд кодта, стæй, æцæгдæр, адæм нал стæм? Викæ цы уавæрты цæры, уый нæ зоны? Баххуыс ын хъæуы.

Сылгоймаг йæ алыварс акаст, цыма истæмæй тæрсы. Æмæ цæмæй тæрсы? Искæмæй исты адавта? Йæ чысыл сæрак хызынмæ нывнæлдта æмæ паспорты æхсæнæй гæххæтт систа. Цы у, цæмæ кæсы, уыимæ кæй цы хъуыддаг и?! Уæддæр Лидæ зонд-джын адæймаг у, дардмæ уыны, дардыл хъуыды кæны. Æндæр исчи йæ къух ауыгътаид: цæй расписка йæ хъæуы? Адæм бынтондæр се 'ууæнк бахордтой? Уый сом дæр æнæ расписка никуы никæмæн ратта, стæй нæ ратдзæн. Æдылы у? Йе 'хцатæ йæ дзыппы нал лæууынц? Гæххæтт алы хуызы дæр, закъон куыд амоны, афтæ конд, нотариусы къухæвæрд æмæ мыхуыр дзы. Æртæ къопийы йын саразта æмæ дзы иу йемæ рахаста, уадз, афтæ йемæ уæд, уæз ын кæны?

Сылгоймаг цыдæр рæстæг æдзæмæй баззад: расписка нæ райста, зæгъгæ, уæд йе 'хца доны къусы сæфт нæ кодтой? Кæимæ дзырдтаид? Кæмæй сæ агуырдтаид? Æмæ ныр дæр... Нæ-æ. Лидæ хорз уавæры нæй. Расписка йæм ис æмæ цы? Лидæ Викæйы æнахъом дыууæ сывæллонæй æхца агурдзæн? О, уыдон ын йæ дзыпп гæркъæраг доллæртæй байдзаг кæндзысты. Викæйæн æнхъæлдæн, цыдæр хо ис, æнхъæлдæн æй хорз хоны æмæ цы? Уый Лидæйæ исты райста? Капекк дæр нæ. Тæрхондонмæ йæ ратт æмæ цы? Ницы. Расписка кæй райста, уый хорз у, фæлæ йыл дзæгъæлы цин кæны.

Хорз уавæры нæ бахауд Лидæ. Расписка йæм ис æмæ цы у? Фу. Æнхъæлдæн, Лидæ æвиппайды цъымарайы смидæг, цъысымы бахауд. Цы гуыбынниз æй уыд, æнцад дæ дзыхыл хæц, стæригъæдгæнæг мын ис, æмæ йæ федта? Бахауд дзы. Æмæ цы кæна? Уыйбæрц æхца хъуамæ доны къусы сæфт фæкæной? Нæ-æ! Уымæн гæнæн нæй. Лидæ йæ дзыхыл куы хæцыдаид æмæ... Ацы зæххыл æххормаг æмæ бæгънæг адæм бирæ и, æмæ уыдонæн

æххуыс кæнын Лидæмæ кæсы. Лидæ йед у... Цы хуынди? Мад Терезæ. Æнæнхъæлæджы йæхи аххосæй къæппæджы бахауд. Йæ цæттæ æхца сæфынц, æмæ уымæн исчи фæтæригъæд кæндзæн? Исчи йын баххуыс кæндзæн? Ахæм æвзæр, фыдвæндагыл никæд рацыд. Йе 'хца йæ къухы цы хуызы бафтой? Хъуыды кæн, хъуыды кæн, Лидæ. Польшæйы арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытæй аирвæзтысты, фæлæ Лидæ... Уый нæ аирвæзт. Уый къæппæджы и. Цыфæнды дæр уæд, уый йе 'хца фесæфын нæ бауадздзæн.

Сылгоймаг сагъæсы анығъуылд: цы кæна? Йе 'хца сæфынц. Нæ! Уый иу капекк дæр сæфын нæ бауадздзæн. Лидæ аджих, йæ цæстытæ фæрухс сты. Йе 'хца йæ цуры, уый та йæ сæр къултыл хойы. Йæ доллæртæ – йæ фарсмæ. Викæ рахаста дыууæ над хызыны, тыххæй сæ йæ фæстæ ласта, автобусы сæ Лидæимæ иумæ сæвæрдтой. Мæгуыр, æвæццæгæн, æвиппайды йæхи ахъæздыг кæнынмæ хъавыд. Ацы куыстæй æвиппайды галуантæй нæ ракæсдзынæ. Лидæ йæ цы доллæртæ райста, уыдон рахаста йемæ. Хъуамæ дзы ам, Польшæйы, истытæ балхæдтаид, стæй сæ нæхимæ ауæй кодтаид. Мæгуыр, йæ фæндтæ фæдзæгъæл сты. Лидæйы доллæртæ æмæ ма йæм цы æхца уыд, уыдон æдасдæрæн, хуыздæрæн æвæрдта йæ риуты æхсæн, стæй сын æндæр бынат ссардта: чыссæ-иу йæ быны батъыста. Фæндагыл сæ цалдæр хатты сусæгæй систа, сусæгæй-иу сæм æркаст. Лидæ-иу йæхи афтæ скодта, цыма ницы уыны, ницы зоны.

Сылгоймаг йæ сæр банкъуыста, йæхинымæр бахудт: цы æдылы у. Дæ сæр нырмæ дæр уый ма 'рцахсæд, æмæ афтæмæй йæхи зонджын хоны. Лидæйæн зын уыдзæн, тынг зын йе 'хца исын, фæлæ хуыздæр гæнæн исты ис? Де 'нгуылдзтæ, цыма цыдæр давыс, афтæ хъавгæ сæхи ивазынц... Лидæ йæ сæрыл бæрзонддæр схæцыд. Фæлæ цы? Искæмæй исты давы? Йæхи æхца райсын йæ бон у? Уæдæ йын хъуамæ доны къусы сæфт фæкæной? Нæ! Æмæ ма иу хатт дæр – нæ!

Автобус размæ тындзы, фæндаггонтæй чидæртæ афынæй, чидæртæ рæдзæ-мæдзæ кæнынц, чидæртæ фæстæмæ сæхи ауагътой æмæ улæфынц. Уыдонæй нынтæккæ алчидæр йæхиуыл у. Лидæ йæ сæрыл хъен куы слæууид, уæддæр æй ничи бафиппаид. Уæддæр.... Исчи йæ ауыдта йе 'хца исгæйæ, уæд... Æмæ хъуамæ адæмы йæхимæ æркæсын кæна? Йæ къух сабыргай, хъавгæ, аивæй байваздзæн æмæ... Исчи йæ куы фена, уæд цы? Ницы. Кæйдæр

æхца нæ исы. Табуафси, Викæйæн процентты л доллæртæ кæй радта, уый тыххæй йæм мæнæ гæххæтт. Æмæ чи дзура, уымæн расписка йæ фындзы бынмæ бахæсдзæн. Лидæ йæ зоны, хъуыддаг уырдæм не 'рцæудзæн, фæлæ цы нæ вæййы? Ахæм къодах у? Афтæ æвналдзæн æмæ йæ улæфт нал хъуысдзæн. Викæ йæ фарсмæ. Æдзæм. Йæ сæр йæ размæ бадæны хъæлыл куыд æруагъта, афтæмæй баззад. Цыма фынæй кæны. Ныр, дам, куы райхъал уаид. Уæд уый Лидæйæ æхсызгондæр никæмæн уаид. Фæрсæй-фæрстæм бадт кæй фесты. Чидæр æй афарста:

– Лидæ, ныр афтæмæй Викæйы фарсмæ куыд баддзынæ?

Чи йæ афарста? Асиат. Ницы йын загъта. Куыд бадт, афтæ баддзæн. Марды фарсмæ бадын æхсызгон кæмæн уыдзæн? Сæ автобус Польшæйы арæнæй Варшавæмæ фæндагмæ куы фæзылд, уæд Лидæ иу рæстæг ахъавыд: лæппутæн зæгъа, æмæ Викæйы фæсте, сæ хызынтæ кæм сты, уым сæвæрой. Кæй ницы загъта. Уæд йе 'хца йæ къухы куыд бафтыдаид? Æмæ мæнæ йе 'хца куы райса, уæд Георитæн зæгъдзæн æмæ йæ дзаумæтты æхсæн сæвæрæнт. Уæдæ хъуамæ цалдæр боны марды фарсмæ бада? Цæмæн? Кæм фæаххосджын? Лæппутæ афтæ: базармæ куы ныххæццæ уой, уæд Викæйæн цыдæр хостæ, цыдæр уколтæ скæнын кæндзысты æмæ... Скæнæнт. Фæлæ уæддæр мард мард у, ма тæф кæна, уымæн гæнæн нæй. Хæрзхуыз, нард чи у, уыдон тынгдæр тæф кæнынц. Викæйы хуызæн мæллæг чи у, йæ царм йе стджытыл кæмæн баныхæст, уыдон дæр æнæтæф куыд уыдзысты?.. Æмæ Лидæ хъуамæ цалдæр боны уымæ смуда? Æмæ йын тæрхонгонд и?

Сылгоймаг æнцад бады, размæ кæсы. Æмæ уæдæ цы кæна? Викæйырдыгæй йыл цыма цыдæр уазал æмбæлы. Уый, афтæ йæм кæсы, æндæр ыл цæй уазал æмбæлы? Викæ их фестад? Мæнæ ма иу чысыл рæстæг, йе 'хца сисдзæн æмæ Викæйæн бынат ссарын хъæудзæн.

## РАЙКÆ

Чидæртæ Польшæмæ фæндаг царды фæндаг хонынц, Райкæ та йæ зындоны фæндаг хоны. Афтæ бафæллайы, æмæ йæ бадæнæй йæ бон сыстын нал вæййы, йæхи тыххæй атоны. Туристон балцы кæй нæ цæуы, уый зыдта. Ахст у, къæлæты и, йæ зæнгтæ, йæ цæнгтæ бандзыг вæййынц, æмæ йын уый фаг нæу. Фæлæ дзау-

мætты уыцы ракал-бакал, рауын-бауын – бынтон та уыдæттæй стыхст. Афтæ смæсты æмæ ахъуыды кæны: дæ хызынтæ раппар, разил æмæ дæ хæдзармæ ахъуытты у. Дæхи цы хæрыс? Дæхи цæй тыххæй марыс? Æмæ йын чи у аххосджын? Исчи йæ тыххæй ратардта? Адæм се ʻппæт ацы куыст кæнынц? Æмæ цæрынц? Райкæ æмæ йæ бинонтæ нырмæ нæ цардысты? Цæмæ йæ хъæуынц ацы тухитæ? Уæдæмæ йæхæдæг йæхицæн знаг у. Сцырын мын, æнцад дæ хæдзары бад. О, фыдцæрдтытæ кæнæм, фæлæ æххормагæй ничима амард. Цымæ, Викæ цæмæй амард? Æххормагæй? Цавæр æгъатыр низ ын аскъуыдта йæ цард? Цы... цы кодта? Цæй ныр та хъуамæ ууыл хъуыдытæ кæна? Уый тыххæй йæ сæр сдон кæна? Чи йын у? Цы йын у?

Автобусы цыд тагъдæй-тагъддæр кæны. Цыма ацы фæндагæн кæрон нæй, Райкæмæ афтæ кæсы. Искæд ма йæ хæдзарыл сæмбæлдзæн? Æвæццæгæн, йæ фæллад æнæхъæн мæй дæр нал ссæудзæн. Искæд ма хуыссæгæй бафсæддзæн? Æмæ цæмæ рацыд? Цы гуыбыннииз æй уыд? Йæ лæг Булат, цыма йе уæны каст, нæ йын дзырдта: «Уыцы куыст дæ куыст нæу, ма цу». Цæмæй нæу Райкæйы куыст? Фæсарæнтæм чи цæуы, уыдон арвæй стъалытæ скъæфынц? Уым змæлын хъæуы, уым хъуамæ арты хуызæн уай. Æмæ Райкæ кæмæй æгуыдзæгдæр у? Райкæ мард у? Уæззау, дам, дæ, зивæггæнаг, ницы дæ æндавы. Уыдон дзæгъæл ныхæстæ сты. Зивæггæнаг куы уаид, уæд капекк бакусыны тыххæй арвы кæронмæ цæуид. Уый йæ бинонтыл тыхсы, Булат та... Æдзух æй ныллæг кæны, къахы йæ.

– Ныууадз ма цæй, – разылд æм лæг, – уый бæсты дæ бинонтæн хæринаг афоныл куы кæнис.

– Æмæ ма дæ гуыбынниз хъæуы! – фæтъæлланг ыл кодта Райкæ. – Кæд хæринаг нæ кæны, уæд цæмæй цæрынц? Ацы нæлгоймæгтæ диссаг сты, дунейыл сæ сæ гуыбын йеддæмæ ницы æндавы. Хæринаг! Бафснай! Ныхс! Цыма царды æндæр ницы и. Чи зоны, Райкæ ацы фыдбоны фæндагыл нæ рацыдаид, фæлæ рацыд Булаты фыдæнæн, барæй. Хуымæтæджы сылгоймаг кæй нæу, амалджын кæй у, уадз йæ бирæзонаг лæг уый æмбарæд.

– Фæсмойнаг фæуыдзынæ, дæхицæн зындæр уыдзæн, – загъта Булат. Ууыл мачи тыхсæд. Уый, фыццаджыдæр, йæ бинонтыл мæт кæны. – Фæлтау, уый бæсты уæртæ...

– Цы уæртæ? – йæ ныхас ын фескъуыдта ус.

Булат цы зæгъынмæ хъавыд, уый хорз æмбæрста, æдзух уыцы

иугæндзон ныхас кæны: цыдæр æнæфснайд стæм, дзаумæттæ ныр æнæхсадæй цал боны лæууынц? Цыма Райкæйыл цæстытæ нæй, цы йæ кæнын хъæуы, уый йæхæдæг не 'мбары. Йæ дыууæ къухы æнцой нæ зонынц, фæлæ уыцы иу рæстæг алцæмæ не 'ххæссынц. Булаты афтæ фæнды, Райкæ хуыссæг цы у, уый куы нæ зонид. Æмæ Райкæ цыдæр аппарат у, æнусон мотор у? Бафæллайы æмæ боныгон дæр афынæй кæны. Диваныл дæхи æруагътай, телеуынæнмæ кæсыс æмæ уым диссагæй цы ис? Уæдæ бонизæрмæ цъилау зила? Æмæ уый дæр адæймаг у. Æхсинæгтæ чысыл аззадысты, уымæй сыл исты æрцæудзæн? Дуне рафæлдæхдзæн? Уæдæ уый та афтæ зæгъы: алчидæр ма, лæг у æви ус, йæ хæс куыд æмбæлы, афтæ æххæст кæнæд. Райкæ сæ тынг хорз æххæст кæны. Куы дæ фæнда, уæд хурыл дæр сау стъæлфытæ ссардзынæ.

Лæг æмæ-иу усы æхсæн цы ныхас рауад, уый фæстæ Райкæ, йæ фæнд Польшæмæ ацæуыны тыххæй раст кæй у, ууыл дызæрдыг нал кодта, стæй ныр дæр... Уадз Булат зонæд: йæ бинойнаг хæдзардзин у, йæ кæстæрты тыххæй цыфæнды зындзинæдтæ дæр бавзардзæн. Сæйраг дæр та, Райкæ дæр адæймаг у, уымæн дæр и йæхи «æз». Иу хатт йæхи фæндыл куы ацæуа, уæд цас диссаг у? Уæд зæхх иннæрдæм æрзилдзæн?

Фæстагмæ дын Булат куы зæгъид:

– Райкæ, хæрæг бæхты хъæрмæ сæпп-сæпп куы кæна, уый хуызæн мæм кæсыс.

Уый йæм иу ныхас дæр не скодта. Фырмæстæй. Фæлæ йæхимидæг фидарæй скарста: ацæудзæн. Йæ лæджы фыдæнæн. Æмæ... Нæ йæ хъуыд цæуын.

Бафæллад, тынг бафæллад Райкæ. Æвæццæгæн, Викæ дæр тынг бафæллад æмæ йæ зæрдæ нæ бафæрæзта. Ахæм мардæй Хуыцау лæджы бахизæд.

## ÆХСАР

Æхсар Польшæмæ цæуынмæ куы хъавыд, уæд уым чи уыд, ахæмтæй цалдæримæ сæмбæлд æмæ сæ фæфарста. Хуыздæр дзы цы дзаумæттæ æлхæнынц? Цы аласа? Нæхимæ, Ирыстоны ауæй кæнынмæ та цы балхæна? Иу капекк куы бакусид æмæ ацы къæппæгæй, ацы цъымарайæ куы аирвæзид.

Лæппуйы цæстытæ адæмыл зилынц. Йæ цæстæнгасæй йæ дзаумæтты хъары, æвдисы сæ. Йе 'мбæлттæ куыд кæнынц, уый дæр афтæ кæны. Уыдон цыма цы дзаумæттæ уæй кæнынц, уыдон хуыздæр сты, афтæ йæм кæсы: сæ цуры æлхæнджытæ арæхдæр æрлæууынц, стæй сын цыма хуыздæр аргъ исынц. Æмæ Æхсарыл гæбæр и? Цы хабар у?..

Викæ, мæгуыр... Уæй кæнынмæ цы дзаумæттæ раласта, уыдон цы фæуыдзысты? Фæстæмæ йын сæ афтæмæй аласдзысты? Дыууæ сывæллоны, дам, ын. Хæрзаг йе 'рцыдмæ æнхъæлмæ кæсынц. Фæсарæйнаг дзаумæттæ сын æрбаласдзæн, хъазæнтæ... Йæ цæстытæй рухс тынтæ ивылдзысты, афтæмæй йæ хæдзары къæсæрæй бахиздзæн, дыууæ сывæллоны йæ размæ разгъордзысты æмæ йыл ныттыхсдзысты.

Нæ йыл ныттыхсдзысты. Дуар æрбайгом уыдзæн æмæ æрбахæсдзысты... сау чырын. Цы фæуыдзысты уыцы дыууæ æнахъом сывæллоны? Цы фидæн сæм æнхъæлмæ кæсы? Куыд ацæудзæн сæ цардвæндаг? Се 'взонг, сыгъдæг удтыл сын цы фæд ныууадздзæн ацы чъизи, æлгъаг ёард? Æхсар, иннæ адæмæн ницы зоны, фæлæ уый йæ алыварс фылдæр уыны цъымара. Æмæ хъуамæ уыцы дыууæ сабийы, хуры дыууæ рухс тыны, уыцы цъымарайы аныгъуылой. Æмæ цæмæн? Куыд раст у уый?

Æхсар цæуыл хъуыды кæны. Дзурæм, æхсæнад, цард, рæстæг у афтæ, уфтæ. Æмæ уым, махæн, адæмæй, нæхицæй та ницы аразгæ у? Мах, адæм, цы стæм? Абухгæ денджызы æхсныфтæ? Æппындæр нæ бон ницы у? Æви фосы дзуг стæм æмæ, кæйдæрты кæдæм фæфæнды, уырдæм нæ здахой, уырдæм ныл ахъæр кæной, сæ бон у æмæ нæ былæй акалой. Æмæ нæ калгæ дæр кæнынц.

Лæппуйæн та Викæйы сывæллæттæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты. Цы фæуыдзысты? Цы сæм æнхъæлмæ кæсы? Сæ сыгъдæг удтæ...

Сывæллæттæ... Æхсар йæхи тыххæй цалдæр хатты фехъуыста: уый дæр ныраа сывæллон у, стыр сывæллон, ахæмтæ вæййы æмæ зæронды бонмæ дæр сывæллонæй баззайынц. Уыцы ныхæстæм-иу раздæр смæсты, цытæ дзурынц? Куыд у сывæллон? Йæ фондз æмæ ссæдз азæй чи ахызт, йе 'ртын азмæ чи фæцæуы, уый ма сывæллон у? Æгайтма сывæллоны хуызæн раст æмæ сыгъдæг зæрдæйы хицау у. Университеты куы ахуыр кодта, фыццаг хатт æй уæд схуыдтой йе 'мбæлттæй чидæртæ дынджыр сывæллон.

Æхсар дыккаг курсы студент. Æмдзæрæны сæ уаты фондзæй бадтысты: йе ‘мкурсон – Тотрадз, æртыккаг курсæй Гаги æмæ Хъасполат, фæндзæм курсæй – райсомы ахуыргæнæг Вано. Æхсар ноздмæ æмхиц никæд уыд, уæд дæр иу хуыпп дæр не скодта. Иннæтæ дынджыргуыбын цайцымæн агуывзæтæй болгайраг аслам хус сæн, цыма «Гамза» хуынд, доны ныэт кодтой. Иу рæстæг сæ хистæр Вано Æхсармæ фæкомкоммæ æмæ йæ бафарста:

– Æхсар, кæд сусæггаг нæу, уæд дыл цал азы цæуы?

Цæмæн у сусæггаг? Чызг у? Цæуы йыл иу æмæ ссæдз азы, хъуамæ ныр ахуыр кæнид цыппæрæм курсы, фæлæ йæ азтæй дыууæ æфсады службæйæн суæлдай кодта æмæ у дыккаг курсы студент.

– Æфсад дæр хъæуы, – загъта Вано. Æхсар кæмæйдæр хъуыста, Вано, дам, иу бон дæр нæ баслужбæ кодта. Æфсадмæ йæм фæдзурдзысты, зæгъгæ, афтæ йæ игæрæй мæлыны къахыл ныллæууыд æмæ ма цæй службæ æмæ цæй цыдæр. Æхсар æфсадмæ кæй ацыд, ууыл фæсмон нæ кæны, йæ цæсгом сыгъдæг у, йæ хæс сæххæст кодта.

– Æфсад дæр хъæуы, зæгъыс? – Æхсар Ваномæ разылд? – Мæнæ дæу куыд хъæуы, афтæ.

– Æмæ æз кæйдæрты хуызæн æрра нæ дæн, – бахудт æм лæппу. Æхсар æнхъæлдта, йæ рæхуыст ныхасмæ сæ хистæр цæхæртæ акалдзæн, фæлæ уымæн уыд ахæм хуыз, цыма йæ нæ фехъуыста.

– Æхсар, дæуыл иу æмæ ссæдз азы нæ цæуы, фæлæ бирæ фылдæр – фондз æмæ ссæдз, авд æмæ ссæдз азы. Уæвгæ, нырма сывæллон дæ.

– Цæмæн дæн сывæллон?

– Уый æз нæ зонын, фæлæ ды нырма дæ сывæллон, дынджыр сывæллон.

Æхсар сыстынмæ хъавыд: Ванойы фарсмæ цы бады? Йе ‘мкурсон Тотрадз ыл бынмæ æрхæцыд. Цæй, хъазæн ныхас не ‘мбары?

– Æхсар, ды дæ азтæй æппын къаддæр аппæрстай фондз-авд. Дæхимæ айдæнмæ нæ бакæсыс, тагъд дæ сæр сурс уыдзæн, сгæмæх уыдзæн.

Лæппу йæ уæхсчытыл схæцыд, цытæ дзуры Вано? Æхсар хъуамæ йæ азтæй куыд аппара? Цæмæн? Цæй охыл? Стæй, азтæй æппарæн куыд и? Кæд райгуырд, уый бæрæг у? Вано дзы куы

сывæллон аразы, куы та хистæр. Тагъд урсбоцъо зæронд лæг фестдзæн. Куыд у йæ aзтæй хистæр хуыз? Йæ паспорт.... йæ паспорт сынтæджы бын чумæданы. Систа йæ, æркаст æм. Кæд райгуырд, ууыл тагъд йæхæдæг дæр гуырысхо кæнын райдайдзæн. Йæ паспорт стъолмæ Ванойы цурмæ баппæрста. Уый йæ арафæлдах-бафæлдах кодта, бахудт æмæ загъта:

– Кæм цæрæм, уый нæ зонæм? Ирыстоны цыфæнды гæххæтт дæр саразæн ис. Ды дæ паспорты куыд фыст дæ, уымæй дæ бирæ хистæр æмæ йыл басæтт.

Цæуыл хъуамæ басастаид Æхсар? Кæд райгуырд, уый нæ зоны? Йе 'мкурсон Тотрадз ницы дзырдта, фæлæ иннæтæ дæр ныллæууыдысты: Æхсар йæ паспорты куыд фыст у, уымæй хистæр у. Куыд хистæр у? Цытæ дзурынц? Вано сæ амидингæнæг, сæ цыренгæнæг, афтæмæй æмхъæлæсæй ныллæууыдысты: Æхсар паспорты раст фыст нæу, хистæр у. Цæмæй рæстдзинад рабæрæг уа, уый тыххæй сæ хъæуы хицаумæ ныффыссæд æмæ йын уый, кæд райгуырд, уый тыххæй, мыхуыр æвæрд ыл куыд уа, ахæм гæххæтт сæрвитæд. Дыууæ адæймаджы та, йæ райгуырд ын чи зоны, ахæм æвдисæнтæ, æмæ уыдон дæр, сæ къухтæй фыст гæххæттытæ сæрвитæнт. Лæппутæ фæстагмæ скарстой: цæй, уыцы дыууæ æвдисæны нал хъæуынц: хъæуыхицауы гæххæттыл бауæнддзысты. Æхсар æвдисæнтæ дыууæ нæ, фæлæ дæс дæр ссардзæн. Æппындæр ницæмæй тарст. Кæд райгуырд, уый нæ зоны? Цыдæр цæстфæлдахæг у? Сæ хъæуы хицау ын, кæд райгуырд, уый тыххæй гæххæтт цæуыннæ хъуамæ ратта? Æмæ уадз, раст кæй у, уый йе 'мбæлттæ зонæнт. Сæхимæ куы ацæуа, уæд хъæугæ гæххæтт схæсдзæн.

– Нæ, – загъта Вано. – Сæхимæ куы ацæуа, уæд цыфæнды гæххæтт дæр скæндзæн. Писмо ныффыссæд.

Æхсар алцæуылдæр разы уыд.

– Хорз, – загъта Вано, – фæлæ чи фæхæрд уа, уый...

– Уый, – йæ ныхас ын аскъæфта Хъасполат, – уый фынг сæвæрæд.

– Æрмæст ацы хус сæнæй фæзæрдæцъæх стæм, – лæппутыл йæ цæстытæ ахаста Вано, – чи фæхæрд уа, уый æрбахæссæд æртæ коньячы æмæ семæ цы 'мбæлы, уый.

Иууылдæр Æхсарырдæм разылдысты: цы зæгъдзæн? Разы у. Уый нæ фæхæрд уыдзæн. Æртæ коньячы æмæ семæ цы æмбæлы, уыдон æлхæнгæ æрцæуыдзысты лæппутæн, сæ разæй Вано, афтæмæй.

Уæд ма Æхсары бинонтæ хъæуы цардысты, горæты иумæйаг кæрты хæдзар нæма балхæдтой. Лæппутæ фыстæг ныффыстой хъæуы хицаумæ. Почтæйы асыччы йæ чи хъуамæ ныппара? Чифæндыдæр уæд, Æхсар алкæуылдæр æууæнды. Цæй, йе ʻмкурсон Тотрадз æй ахæссæд.

Уый сыстад, писмо райста. Цалдæр минуты фæстæ æрбаздæхт. Фыстæг почтæйы асыччы ныппæрста. Уæдæй авд боны рацыд æви аст, лæппутæ цыппæрæм уæладзыгæй бынмæ æрцæуынц. Дуаргæсы цур стъол, телеграммæтæ æмæ фыстæджытæ æвæрынæн. Дæ цæст сыл ахæсс: исты фыстæг дæм и? Кæсы сæм Æхсар дæр. Мæнæ йæм писмо сæ хъæусоветæй. Ныр та ма цы зæгъдзысты йе ʻмбæлттæ? Дзаджджын фынг чи сæвæрдзæн? Чи æлхæндзæн коньяк? Æмæ фыстæг, цыма тырыса у, афтæ йæ хæрдмæ бæрзонд систа: уадз, иууылдæр æй фенæнт.

– Æмæ йæ чи байгом кæндзæн? – фæрсы Вано. Чи йæ хъуамæ байгом кæна? Кæмæ у, уый.

Æхсар къонверты кæрон хъавгæ аскъуыдта æмæ кæсы. Кæсы хъæрæй, уадз иууылддæр æй фехъусæнт, фехъусæнт рæстдзинад. Æмæ кæсы: «Балоты Мæхæмæты фырт Æхсар райгуырд мин фарастсæдæ...» – æмæ йæ хъæлæс фескъуыд, дзагъырæй баззад. Кæд ыл йæ цæстытæ тартæ кæнынц? Æмæ та ногæй бакаст, æрмæст ацы хатт хъæрæй нæ – йæхицæн. Вано йын йæ къухæй гæххæтт райста:

– Æри-ма, æз æй бакæсон, ды дамгъæтæ нæ зоныс – æмæ бакаст «Балоты Мæхæмæты фырт Æхсар райгуырд мин фарастсæдæ... азы» – Иу хатт ма йыл йæ цæстытæ ахаста. Хъуыддаджы гæххæтт, документ куыд вæййы, афтæ. Хъæусоветы сæрдары мыггаг, йæ къухæвæрд, хъæусоветы мыхуыр. Чысыл раздæр æй Æхсар куыд бæрзонд систа, уый дæр æй афтæ бæрзонд систа æмæ йæ лæппутæм ратта, бакæсæнт æй уыдон дæр.

Æхсар йæ мидбынат лæугæйæ баззад. Нæ, уый уыцы азы гуырд нæу. Фæрæдыдысты. Уæд...уæд райгуырд йæ хистæр æфсымæр. Æмæ йын куыддæр фенцондæр.

– Æхсар, – ныккаст æм Вано, – мах хъуамæ кæуыл бауæндæм, дæуыл æви цы гæххæтт сæрвыстой, ууыл? Уый у документ, официалон документ. Фæхæрд дæ, æмæ йыл басæтт.

Лæппу та ногæй, фыццаг справкæмæ, стæй къонвертмæ æркаст: алцыдæр дзы куыд æмбæлы, афтæ. Къонвертыл æдде сæ почтæйы мыхуыр. Æхсар фæхæрд, фæлæ тынг хорз зоны: цы справкæ йын сæрвыстой, уым йæ азтæ раст фыст не сты.

– Мæ хорз хæлар, – загъта Вано, уæлахиздзауæн цы хъæлæс вæййы, ахæм хъæлæсæй, – фынг æвæрын дæ бахъуыд. Иннæ лæппутæ дæр æм кастысты, ома, нæ бон дын баххуыс кæнын ницæмæй у, фæхæрд дæ, дæ лæгдзинад равдис.

Æхсар никуы никæй асайдта æмæ нæ асайдзæн, йæ ныхасæн кæддæриддæр уыд хицау. Фæхæрд æмæ йын цы æгъдау æмбæлы, уый скæндзæн.

Куыд баныхас кодтой, афтæ Æхсар балхæдта æртæ коньячы, иу фых карк, пъæмидортæ, джитъритæ. Иу куывд иннæйы ивта. Бахъæлдзæг сты лæппутæ. Хъæлдзæг уыд Æхсар дæр. Æгайтма йæ хардзæй æхсызгон бадт кæнынц йе 'мбæлттæ. Фæлæ йын уыцы иу рæстæг, хъæуæй цы гæххæтт сæрвыстой, уый æнцой нæ лæвæрдта. Фæрæдыдысты, фæлæ куыд? Сæхимæ куы ныццæуа, уæд алцыдæр базондзæн.

Æхсызгон бадт йæхи кæронмæ ивæзта. Цыд бæркады сидт. Вано Æхсармæ разылд æмæ цæмæндæр иууылдæр ныссабыр сты.

– Æхсар, – загъта фынджы хистæр. – Кæдмæ сывæллон уыдзынæ? Кæдмæ идиот уыдзынæ?

Уый йæ не 'мбæрста, цæуыл дзуры? Цы йæ зæрдæмæ нæ цæуы Ванойæн? Нæ сæ æмбары. Бæллæх дæр уый у, æмæ сæ кæй не 'мбары. Уыдон хынджылæг кодтой, хъазыдысты, кæддæра сыл баууæндид.

Уый сæ уæддæр нæма æмбæрста. Тотрадз, йæ хуыздæр хæлар, йе 'мкурсон, хæстæгдæр æм бабадт æмæ загъта:

– Уæ хъæусоветы бæсты дæм мах нæхæдæг ныффыстам.

Æхсар сæм каст æмæ сын ницы æмбæрста. Куыд ома ныффыстой сæхæдæг? Æмæ сын хъæусоветы æмæ почтæйы мыхуыр та кæм уыд?

– Уыдон цы сты, уый зоныс? – бахудт æм Хъасполат. – Вано пединститутмæ бацæуыны размæ нывкæнынады училищейы дзæгъæлы нæ ахуыр кодта. Картофæй саразта уæ хъæусоветы æмæ уæ почтæйы мыхуыртæ.

Æхсары уæддæр нæма уырныдта. Вано уыцы мыхуыртæ картофæй куыд саразта? Цæмæн æй сайынц? Йе 'мбæлттæ фæстæмæкъахджынтæй ма разынæнт.

– Афтæ, гъе, Æхсар – Идиот, – худт Вано, худтысты иннæ лæппутæ. Æмæ цæмæндæр худын райдыдта Æхсар йæхæдæг дæр. Нал сæм мæсты кодта. Афтæ рæсугъд дæ асайæнт, уый йæхæдæг цæй аргъ у? Кæмæ сæ æрцыд уыцы фæнд? Ай-гъай

дæр, Ваномæ. Хъазынц, сайынц дæ æмæ ууыл иу мисхал дæр ма фæгуырысхо у. Артисттæ. Лæппутæ равдыстой, адæймаг йе ‘цæгдзинадыл æппындæр гуырысхо кæмæн нæ кæны, ахæм спектакль.

– Æмæ уый райсом хъæуы æрæхсын, алкæй бон афтæ нæу, – загъта Вано.

Афтæ дæсны дæ асайæд, уый алкæмæн нæ бантысдзæн. Æппындæр мацæуыл фæдызæрдыг у, мацæуыл ахъуыды кæн! Æхсар афтæ ницы хуызы сарæхсид. Йæхимидæг сыгъдаид, къæзæнæг ыл бахæцыдаид. Хъуамæ йе ‘мбæлтты куыд асайа? Цы цæсгомæй? Æмæ ма уæд сæ цуры куыд æрлæудзæн? Уый, æдзухдæр фæдзуры, цы фæхъуыды кæны, йæ зæрды цы вæййы, уый. Уæдæ уый гæнæн куыд и, адæймагæн йæ дыууæ цæстмæ кæс æмæ йæ сай, хъуыды иу кæныс, дзургæ та бынтон æндæр цыдæр. Райсом дæ цæрын нал хъæуы? Райсом йæ цуры куыд æрлæудзынæ? Æмæ ма уый гъа, фæлæ дæхæдæг... дæхæдæг цы цæсгомæй цæрдзынæ?

Уæд лæппуты хистæр, фендджын Вано сыстад æмæ фынджы хистæр фысымæн куыд фæарфæ кæны, афтæ Æхсарæн раарфæ кодта:

– Нæ хорз, уазæгуарзон фысым, нæ ирон Идиот, Æхсар, дæ минас – мин азы, дæ бæркад уæле исгæ бынæй ахадгæ уæд, – Вано лæппуты разæй рахызт. Æхсары уазджытæ сæ уæттæм ацыдысты.

Æхсар, уыцы æнахуыр дзырд «Идиот» цы амоны, уый æххæстæй нæ зыдта, æнкъардта йæ, фæлæ.... Ноджы ма ирон «Идиот»! Сæрмагондæй библиотекæмæ ацыд, дзырдуат райста æмæ уыцы æнахуыр дзырд ссардта.

Æхсар нæ базивæг кодта æмæ Федор Достоевскийы роман «Идиот» фыццаг сыфæй фæстаг сыфы онг лæмбынæг бакаст. Æмæ цæмæй æвзæр адæймаг у Идиот? Йæ алыварс иннæты хуызæн кæй нæ у, уымæй? Фæлитой, цъаммар, цæстфæлдахæг кæй нæ у, уымæй? Хуыцау æй ахæм рæстуд æмæ сыгъдæгæй кæй сфæлдыста, уымæй? Цы у, уый кæй у, йæхицæй æндæр адæймаг кæй нæ аразы, уымæй?.. Æхсар... Æхсар куыд у, афтæ у æмæ йæхи æндæр джиппы куыд ауадза? Стæй.... уымæн гæнæн и? Стæй, æндæр хуызы адæймаг уа, уый йæ хъæуы? Æгæр раст, æгæр æууæндаг адæймаг, дам, дæ, æмæ уый æвзæр у? Ныр дæр, дам, ма сывæллоны зæрдæ хæссыс. Æмæ уый цы кæны? Нæ. Æхсарæн йæхицæй æндæр адæймаг саразын йæ бон нæу.

Лæппу ахъуыды кодта: цымæ, Викæ та цы зæрдæ хаста йæ риуы? Æвæццæгæн, раст æмæ сыгъдæг, тæмæссон æмæ фæлмæн... Æмæ уыцы зæрдæ æгъатыр царды æвирхъау цæлхъытæ нæ баурæдта. Нæ сæ баурæдта æмæ аскъуыд, æрхауд.

## АСИАТ

Асиатæн йæхи зæрдæйы рис, йæхи зæрдæйы хъæдгæмттæ фаг не сты, æмæ... Цымæ, цы кодта Викæ? Йæ зæрдæ?.. Ахæм рæстæг цæрæм æмæ, адæймаг сахаты фæстæ цы фæуыдзæн, уый бæрæг нæу. Паддзахад ныссуйтæ, ныссуйтæ бинонты цард. Викæ... Уæдæ Асиат куыд нæ мæлы, цы уды фидар ын ис. Йæ хъæбул... Фыркуыдæй йæ цæстытæй хорз нал уыны. Йæ зæрдæ дойнаг дур у æви... Куыд нæ тоны?.. Æрбалхъивы йæ, йæ галиу цонг сисын нал фæфæразы, йæ бон фезмæлын нал вæййы, уæддæр цæры. Беджы фæстæ хостæ нал нуазы. Амæлæд. Цы ма у йæ цард. Викæ амард, фервæзт йæ зынтæй. Цымæ йæ цы æркодта йæ фæстаг сахатмæ? Ох-х, Асиатæн та кæд æрсабыр уыдзæн йæ зæрдæ? Дæ фыдгулæн, æвиппайды йæ кулдуар байгом кæной. Сæхи бæллæх... Ох-х... Бег Афганистаны кæй фæмард, уый Мамсыræн раздæр загътой. Районы æфсæддон комиссариатæй дыууæ лæджы ссыд, сæхи сæм нæ равдыстой, сыхæгтæм Гуыргъохъотæм Мамсырмæ фæдзырдтой. Уæздан Гуыргъохъо æмæ дыууæ лæджы йæ цуры æрлæууыдысты, сæ цæнгтæ бынмæ æруагътой. Мамсыр цавддурауæй баззад, йæ сæр нынкъуыста:

– Тæфæрфæс... Æмæ цы кодтам?..

– Бег... Бег, рухсаг уæд, – йæ кæуын йæ хъуыры бадт, афтæмæй загъта сыхы хистæр Гуыргъохъо. Мамсыр кæрты къуыммæ бацыд æмæ куыдта, цæмæй йæ кæуын хъæрæй ма райхъуыса, уый тыххæй йæ цæсгом йæ армытъæпæнтæй бамбæрзта, фæлæ уæддæр йæхи нæ урæдта, йæ уæхсчытæ стъæлфыдысты, йæ буар рызт. Афтæмæй Мамсыр Асиаты цæстытыл цал æмæ цал хатты ауад, фæлтау æй раздæр уымæн куы загътаиккой: сылгоймаг та уæддæр фидардæр у.

Цасдæр рæстæг Мамсырмæ ничи бацыд: уадз фæкæуæд, уадз йæ зæрдæйы рис суадзæд. Иу рæстæг сæм йæхæдæг разылд æмæ хъарæггæнæгау загъта:

– Бабын... бабын стæм.

Зонддзын Гуыргъохъо йæ цуры æрлæууыд, йæ цæссыгтæ уадысты, афтæмæй йын бамбарын кодта: Беджы кæд сласдзысты, уый бæрæг нæу, чи зоны, цыппар боны, чи зоны, фондз боны фæстæ. Уæдмæ бинонтæ, хионтæ, сыхбæстæ сæхи хуызæн нал уыдзысты, сæхи бахæрдзысты. Беджы марды хабар рахъæр кæндзысты, Мин-Воды аэропортмæ йæ куы сласой, уæд. Уæдмæ хъуамæ мачи мацы зона. Мамсыræн зæрдæйы хорзæх Хуыцау раттæд, фидар лæууæд. Лæг хъуамæ ныббогъ кодтаид, цы зæрдæйæ хъуамæ уа фидар? Йæ рæбинаг цæджындз куы акалд, йæ бæрзонд мæсыг куы базгъæлæнтæ.

Беджы сау чырын цалынмæ Мин-Водмæ схæццæ, уæдмæ цалдæр адæймаджы йеддæмæ ничи ницы зыдта. Цы бонтæ арвыста уæд Мамсыр? Куыд нæ аскъуыд йæ зæрдæ? Бинонты, хионты, сыхæгты хъизæмар иуыылдæр райста йæхимæ. Иунæгæй. Асиаты зæрдæ цыдæр æнкъардта æмæ йæ цалдæр хатты бафарста? Йæ цардæмбал йæхихуызæн нал у? Цы кæны? Исты дзы риссы? Нæ, ницы. Уæдæ цæмæн у афтæ æнкъард? Йæ сæр хæрдмæ нал исы, йæ цæстытæ сагъæсæй се ‘мдзаг, йæхимидæг йæхицæн цыдæртæ фæдзуры.

Асиат фæстæдæр алцыдæдр базыдта. Уæд цы бонтæ скодта Мамсырыл, уыдон макæуыл скæнæнт, уыдон фыдгул дæр ма бавзарæд. Цы кæна? Мыййаг, йæ зæрдæйы рис куы стона, куы рарæмудза æмæ, бинонтыл цы æвирхъау бæллæх æрцыд, уый куы базоной. Æмæ цыдæр æфсонæй хæдзарæй ацу, алидз, дæ бинонты, адæмы куыд нæ уынай, ахæм иуварс бынат ссар. Уæлдай хуыздæр – хъæдбын, кæрдæгыл дæхи æруадз, зæронд бæласмæ дæ синтæ сараз æмæ дæхимидæг хæкъуырццæй фæку. Дæуыл ис цъутта конд, æмæ хъуамæ дæ катай ма райхъуыса. Уыцы фондз боны Мамсыræн уыдысты фондз азæй даргъдæр, зындæр, удхары бонтæ. Райсомæй дæ хæдзарæй дæхи аппар, изæрæй сау ингæнмæ цæуæгау фæстæмæ æрбаздæх.

Уæздан, зонддзын Гуыргъохъо Мамсырмæ фæдзырдта: райсом дæс сахатыл хæдтæхæг Мин-Воды æрбаддзæн, Беджы сласынмæ хæдтулгæ арвитын хъæуы. Уæздан Гуыргъохъо фæстагмæ загъта:

– Мамсыр, зæрдæйы хорзæх дын Хуыцау раттæд, лæджы фыд хæрынæн нæ бæззы, æндæр алцæмæндæр бæззы. Ацу, мах дæр фæцæуæм. Бег кæй бабын, уый рахъæр кæнын афон æрхæццæ.

Дыууæ сыхаджы æхсæн нымадæй цалдæр къахдзæфы, фæлæ

Мамсырыл ныддаргъ сты, фæцудыдта-иу, кæрты сугсæттæн къодахыл йæхи æруагъта. Кæм ис йе 'фсин? Кæм сты йæ лæппутæ? Нæ сæ уыны. Уый уыны... Кулдуары хъæр фæцыд, чидæр æй сабыргай гом кæны. Кæронмæ байгом æмæ сыхæгты устытæ дыууæйæ сау дарæсы æрбацæуынц. Сæ фæстæ сыхæгты лæгтæ, уæздан Гуыргъохъо сæ разæй. Хиуылхæст, ирон лæгты кæуын ныццарыдта. Мамсыр тыххæй сыстад æмæ сæм каст. Асиат уатæй разгъордта, кæртмæ ма рахæццæ æмæ æрхауд, йæ зæнгтæ адон сты. Йæ хъæлæсыдзаг ныцъцъæгъахст кодта:

– Кæм сты ме 'ннæ лæппутæ?!

– Ам сты, ма сын тæрс.

Уый, кулдуар цæмæн байгом кодтой, уый нæма зыдта, йæ хистæр хъæбул фæмард, уый нæма фехъуыста, фæлæ йæ зæрдæ алцыдæдр зыдта. Йæ цоты хистæр нал и, цæмæй тарст, йæ сæр уый баййæфта, фæлæ йæ дыууæ лæппуйы...

– Кæм ис Вовæ? Кæм ис мæ гыццыл Алик?

Сылгоймæгтæ фæйнæрдæм акъахдзæф кодтой, æмæ Асиат федта: йæ кæстæр хъæбул, Алик, астæуккаг лæппу Вовæйы уæхскыл йæ сæр сæвæрдта, йæхи йæм нылхъывта æмæ кæуы. Кæуынц дыууæ лæппуйы, сæ цæстыты сыгæй сæхи æхсынц.

– Мæ хъæбултæ, кæм стут? – Сылгоймæгтæ Асиатыл хæцыдысты, фæлæ уый йæхи атыдта, йæ лæппутыл йæхи баппæрста, æрбахъæбыс сæ кодта. – Мæ хъæбултæ, Бег нын нал и! Бег нын нал и, бабын стæм! – йæ хъæбысмæ сæ нылхъывта, йæ цæнгтæ сыл æрбатыхта, цыма йын сæ цыдæр тых байсынмæ хъавы, æмæ сæ нæ ауадздзæн. Ницы хуызы! Цыдæр рæстæг бамбæрста: йæ цæнгтæ æрлæмæгъ сты, сæхи æгъдауæй æрхаудысты. Сылгоймæгтæ йæ дæлæрмтты бацыдысты æмæ йæ хæдзармæ акодтой, йæ къæхтæ йæ фæстæ ласта. Дзырдтой йын: сынтæгыл йæхи æруадзæд, абадæд уал. Æмæ хъуамæ куыд сбадтаид? Сынтæгыл æнæмæтæй йæхи куыд ауагътаид? Уый Беджы æрцыдмæ æнхъæлмæ каст. Бегæн ма службæ кæнын баззад мæй æмæ æвддæс боны. Мæй æмæ æвддæс боны фæстæ Асиат хъуамæ сæмбæлдаид йæ лæппуйыл, уый йæм æрбазгъордтаид, йæ тыхджын, нуарджын цæнгтæ йыл æрбатыхтаид. Мад æй йæ хъæбысæй нал уагътаид. Табу Стыр Хуыцауæн, табу Лæгтыдзуарæн, йæ хъæбул йæ хæдзарыл сæмбæлд æнæ фыдбылызæй, сæрæгасæй. Æмæ...

Сылгоймаг йæ сæр банкъуыста, йæ цæстытæ доны зилынц.

Уый циу? Цы хабар у? Адæймаг цæмæй фæтæрсы, йæ сæр уый цæмæн баййафы? Царды арæзт афтæ у, æви йæ адæймаг раздæр фæзоны?

Кæртæй лæгты кæуын, Беджы æмбæлтты удаист тынгдæр æрбайхъуыст. Æмæ Асиат адæймаг нал уыд, йæ мидбынат ныддур, йæ цæстытæ уæрæх байгом сты, нал сæ ныкъуылдта, афтæмæй æддæмæ каст. Æрбахæссынц... Æрбахæссынц Беджы. Уæззау цинкæ чырын кæрты астæу æрæвæрдтой. Асиаты æдзæм хъæлæс фегом, ныццарыдта:

– Бе-е-г! Бе-е-г!..

Уый йæ нæ хъуыста, æмæ уæд дыууæ тымбыл къухæй цинкæ чырын ныххоста: йæ цумайы, йæ цырддзаст, арты хуызæн цæрдæг лæппу цæуыннæ рабады? Нæ йæ хъусы? Цæуыннæ атоны йæ цинкæ чырыны фæрстæ фæйнæрдæм?

Йæ хъæбул æм нæ хъуыста æмæ уазал цинкæ чырыныл ныххауд, ныддæлгоммæ йыл, йæхи йæм нылхъывта. О, куыд бабын сты, куыд! Уыцы æнамонд Афганистан куыд дард æмæ куыд хæстæг у! Уыцы æцæгæлон бæстæ, сæ бинонты царды иу хай ссис, кæрæдзийæ сын фæиртæсæн нал и.

Асиат йæ фырты цинкæ чырын хоста, ныддæлгом ыл, лæбурдта йæм, бакæнæнт æй, зоны йæ, нал æй раздахдзæн, фæлæ ма йæ хъæбулы фæстаг хатт уæддæр фена, хæрзбон ын зæгъа. Ау, мад нæу?! Йæ хъæбул йе 'нусон бынатмæ фæцæуы æмæ йæ æнæфенгæйæ ауадза? Беджы цы дыууæ салдаты æмæ æрыгон афицер сластой, уыдон хатыр куырдтой: хорз, тынг хорз æмбарынц мады, бинонты, фæлæ чырынæн байгом гæнæн нæй. Уый уæлдæр хицауады бардзырд у. Æмæ хатыр. Хатыр. Цы загътаид Мамсыр? Цы загътаиккой мыггаджы, хъæуы хистæртæ? Цинкæ чырын нæ байгом кодтой. Районы æфсæддон комиссариатæй цалддæр салдаты ссыд, чырыны цур мадзурайæ лæууыдысты, кæрæдзи ивтой – хæстон лæгæн – хæстон кад. Æмæ Асиат ныхъхъæрæг кодта:

– О, ме 'дзард, мæ зынгхуыст лæппу, ракæс ма?! – Зыдта йæ, нæ йæм ракæсдзæн, уæддæр æм цинкæ чырын бынмæ хоста. Уыцы салют... Уæдмæ топпы, автоматы гæрæхтæ никæд фехъуыста. Фæлæ уæд... Автоматтæ салдæтты къухты куыдтой, сæ алы гæрах дæр зæрдæйыл æмбæлд, зæрдæ карста.

О, цы уды фидар и адæймагæн! Куыд бытсон у, куыд!

Апырх сты мæрддзыгой адæм, апырх сты хионтæ, къабæзтæ, æмæ бинонтæ сæ судзаг рисимæ баззадысты.

Асиат йæ цæссыгтæ асæрфта: чи загъта, рæстæг хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг у? Хъæбулы рис, уымæн дзæбæхгæнæн нæй. Викæ, мæгуыр, цымæ уымæн та йæ зæрдæ цы маст айгæрста? Дыууæ сывæллоны, дам, ын. Цы фæуыдзысты? Цы бонтæ сæм æнхъæлмæ кæсы?

Асиаты цæстытæ та доны разылдысты.

*1994 аз. 6-æм сентябрь.*
*Варшавæйы базар.*

## ВИКÆ

Викæйæн æндахы халау йæ цард куы фескъуыд, уымæн йе ’ртыккаг бон. Варшавæйы стыр базар нал федта, нал дзы æрзылд. Йæ хъуыдыты... Йæ хъуыдыты дзы иу æмæ дыууæ хатты нæ февзæрд. Уæй кодта. Æлхæдта. Йæхæдæг йæхиимæ дзырдта. Йæ хъуыдытæ... Уыдон ын æнцой нæ лæвæрдтой, æнæнхъæлæджы-иу кæцæйдæр æрбаивылдысты. Фæстаг бонты фылдæр цард ивгъуыды. Йæ зæрдæ ма тыххæй змæлыд, дзедзырой кодта, фæлæ ахæм уавæры и, уый нæ зыдта. Æппынæдзух йæ цæстытыл уад Хетæг.

... Хетæг фæндагыл цæуы, æмæ Викæ æртæ чъирийы ма скæна, уый никæд уыд. Хуыцау æмæ йе сконд дзуæрттæм скувынц, бæлццоны фæндагсар Уастырджийыл бафæдзæхсынц. Викæ кувинæгтæ куы скæны, уæд цыма Хуыцаумæ фæхæстæгдæр вæййынц, Хуыцау æмæ сæ йе сконд дзуæрттæ фæхъусынц, афтæ йæм каст. Йæ кары нæ, фæлæ хистæр сылгоймæгтæ дæр-иу ын арæх дзырдтой:

– Дæу хуызæн рæсугъд, хæрзад чъиритæ ничи кæны.

Уый-иу бахудт, цы сын хъуамæ загътаид. Ницы сусæгдзинад æм уыд, йæ мадмæ каст æмæ сахуыр, æрмæст сæ æдзухдæр кодта зæрдиагæй, йæхимидæг-иу Хуыцаумæ æмæ дзуæрттæм скуывта, йæ бинонты сыл фæдзæхста, Лæгтыдзуарæй куырдта, цæмæй Хетæг фæндараст фæуа. Йæ къай æдзухдæр уыд бæлццон, фæндаггон. Æртæ чъирийы-иу скуывта Хетæг. Æхсызгонæй. Рухсзæрдæйæ. Уый уыд дунейы тæккæ амонддджындæр нæлгоймаг. Арæх-иу загъта:

– Викæ, дæуыл куы нæ сæмбæлдаин, уæд мæ цард цард нæ уыдаид, мæ цард уыдаид афтид.

Хетæг фæстаг хатт балцы куы цыд, Викæ уæддæр фынг сцæттæ кодта. Стъолы астæу бурфых, сойджын æртæ чъиригы, æртæ фæрсчы, æмæ ма цы ‘мбæлы, уыдон. Хетæджы хорз æмбæлттæ Аслан æмæ Будзимæ дæр фæдзырдтой. Адджын, æхсызгон бадт. Худт Викæ дæр. Мидæгæй йæ зæрдæ та катай кодта, йæхимидæг тыхст, йæхицæн бынат нæ ардта. Ацы хатт æй Хетæджы ацыд нæ фæндыд. Тынг æй нæ фæндыд.

Райсомæй раджы сыстадысты. Сывæллæттæ сæ тæккæ адджын фынæйæ. Хетæгæн йæ бæлццон хызын сисын æввонг – цæттæ.

– Цæй, æз цæуын, – загъта лæппу æмæ Викæйыл йæ цæнгтæ æрбатыхстысты, йæ былтæ йыл ссыгъдысты.

– Хетæг, фæндараст. Дæхи хъахъхъæн. – Æмæ фæхицæн сты. Æнæбары. Тынг æнæбары. Викæ балкъонмæ разгъордта æмæ йæ фæстæ каст, йæ къух æм тылдта. Уый дæр æм цалдæр хатты ракаст, стæй тигъы ауон фæци, чызг уæддæр æнцад лæууыд æмæ йæхимидæг куывта: «О, Хуыцау, фæндараст æй фæкæн. О, Лæгтыдзуар, дæ рахиз базыры бын æй бакæн!»

Хетæг искуыдæм цæуы, уæд-иу æм Викæ балкъонæй бынмæ каст æмæ йæ йæ цæстæнгасæй фæндараст кодта. Сæ кæртæй-иу фæцæйцыд дунейы тæккæ уæздандæр, æгъдауджындæр, хæрзконддæр, йæ алы акъахдзæф дæр фидар, ныфсджын кæмæн у, ахæм лæппу, æмæ йæ алы фезмæлд дæр дзырдта уыыл. Викæ-иу æм каст æмæ каст, йæ цæстытæ дзы атонын нæ куымдтой.

Хетæг водкæ ласта КАМАЗ-тыл. Фæстаг хатт байдзаг кодта – æртиссæдз мин авджы. Раздæр уыйбæрц никæд аласта, æмæ йыл фæндагыл исты куы æрцæуа, уæд... Тыхст Викæ, йæхимидæг ыл катай бахæцыд.

– Викæ, цард куырмæджы цæуæгау у, уæлдайдæр та нæ рæстæджы æмæ алцæмæй куы тæрсæм, уæд никæд ницы ссардзыстæм, – загъта-иу Хетæг. Йæ алы ныхасæй дæр йæ цардæмбалæн æвæрдта ныфс, уæддæр-иу сылгоймаджы зæрдæ ‘хсайдта. Куыд ацæудзæн Хетæгæн йæ фæндаг? Цы сæм æнхъæлмæ кæсы? Викæ дæр æй зоны, цард æнцон нæу, æнæ тухи ницы ис, фæлæ... бырынцъаг фæндæгтæ, æлхынцъ фæндæгтæ. Æбæрæг фæндæгтæ...

– Ма тæрс, ма тæрс, Викæ. Алцыдæр хорз уыдзæн.

Уыйбæрц водкæйæн æрми æхца кæм ссардтаиккой? Æмæ заводы хицау Хетæджы зæрдæхудты нæ бацыд. Бауæндыд ыл.

Ӕмæ бузныг, стыр бузныг. Бæтгæмæ уал ын ратдзæн арахъхъ. Куы сæ ауæй кæна, уæд ын йе 'хца æрбахæсдзæн. Заводы хицау æмæ Хетæг кæрæдзи хорз зонынц, кæрæдзиуыл æууæндынц. О. Кæрæдзи хорз зонынц. Фæлæ хъуыддаг хъуыддаг у, æмæ заводы хицауы ныхас уыд бæлвырд: алцыдæр хъуамæ уа закъоныл. Хетæг цы нозт ласы, уымæн йæ аргъ у уый бæрц, исы йæ, цыма æвгтыл акцизы маркæтæ ис, афтæ, алы авгыл дæр дзуапп дæтты. Исты сыл куы 'рцæуа, уæд хицау уый хыгъдмæ райсдзæн Хетæджы фатер, сæ хæдтулгæ, сæ гараж, сæ хæдзары исбон æппæтæй дæр. Хорз. Хетæг разы у. Ӕмæ куыд æмбæлы, афтæ гæххæттытæ сарæзтой. Сæ къухтæ дзы бавæрдтой. Документ нотариус сфидар кодта. Алцыдæр, закъон куыд амоны, афтæ.

Викæ балкъонæй каст. Йæ цардæмбал тындзыдта йæ рухс бæллицты фæстæ. Уыцы бæллицтæ Викæ дæр хорз зыдта, се 'хсæн сусæгдзинад никæд уыд. Хетæгæн йæ фæндаг куы фæрæстмæ уа, уæд Дагомы сараздзæн, дыууæ-æртæ уаты кæм уа, ахæм хæдзар. Йæ алыварс ын саив, срæсугъд кæндзысты, алыхуызон дидинджытæ дзы ныссадздзысты, æмæ æхсæвæйбонæй стъалытау цæхæр калдзысты. Сæ алыварс уыдзæн рухсцъæх дуне. Уый уыдзæн дзæнæты бынат. Хурæфсæст хъарм нæууыл дæхи аппар, фæнды дæ – фыдæлтыккон бæласы бынмæ дæхи байс, уый дæ суазæг кæндзæн йæ цъæх сыфтæрты бын. Рог, сыгъдæг уддзæф дыл æрбатыхсы, æрбахъæбыс дæ кæны. Дæ дыууæ сывæллоны дыууæ гæлæбуйы фестадысты æмæ пæрпæр кæнынц. Ныр ды дæр дæ уыдоны карæн æмæ куы сæ разæй фæвæййыс, куы сæ фæстæ аззайыс. Дзæнæты бынат, Хетæг ам йæхи куыд хорз æнкъары, афтæ никæм. Сæ лæппу Акимы къæхтыл ныххæцыд æмæ йæ зилы, сывæллон йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста, цыма уæлдæфы ленк кæны, дыууæйæ дæр худынц, сæ хъæлдзæг æнæмæт кæл-кæл рухс стъæлфæнтæй хауы, сæ алыварс зæлы. Худы Викæ дæр. Зоны, сывæллонæн ницы уыдзæн, уæддæр... ацахста йæ:

– Йæ тъæнгтæ йæ хъуыры куы фæбадой, йæ цæнгтæ куы фелвæсой, – йæ хъæбысмæ йæ райста æмæ иуварс азгъордта. Цыма йæ Хетæг уымæй къаддæр уарзы. Хетæджы зæрдæ йæ хъæбулæн æвзæр зæгъы?

Ныр та Хетæгæн гыццыл сывæллон Викæ фестад, уыцы рогæн æй фелвæста, йæ уæхскмæ йæ баппæрста æмæ йæ фæхæссы. Фескъæфы йæ. Кæдæм, æвæццæгæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны.

Ævæццæгæн арвы кæронмæ. Хурскæсæнмæ. Æмæ йæ скъæфæд! Скъæфæд æй!

– Æдылы, цы кæныс? Кæдæм мæ хæссыс? – йæхи тоны Викæ, цыма йæ Хетæг йе уæхскмæ кæй сæппæрста, кæй йæ фæхæссы, уый йын хъыг у. Тынг æхсызгон ын у. Йæ цонг лæппуйы хъуырыл æрбатыхст. Хетæг æй, кæдæм фæнды, уырдæм ахæссæд. Цъитийы сæрмæ. Арвгæронмæ.

Хетæджы тынг фæндыд Викæйæн машинæ балхæнын. Хорз, фæсарæйнаг хæдтулгæ. Уый уыд йæ бæллицтæй иу. Викæ йæ сдзурын дæр нæ уагъта: цæй машинæ йæ хъæуы? Цы дзы кæны? Хъæуы йæ. Цæуыннæ йæм хъуамæ уа хæдтулгæ? Уый йын уыдзæн Хетæджы лæвар, лæвары та дзырддаг кæнын не 'мбæлы. Цæуыннæ-иу хъуамæ сбада æмæ рахиза Викæ йæхи машинæйæ? Сылгоймæгтæй йæхи хæдтулгæ кæмæ и, уыдон уымæй хуыздæр сты? Уыдон арвæй стъалытæ скъæфынц?

– Хетæг, мæн машинæ нæ хъæуы, – дзырдта йын Викæ. Æмæ уый æфсоны ныхас нæ уыд. Искæд машинæйы рулыл æрхæцдзæн æмæ йæ фæцæйскъæрдзæн, уый йæ зæрды кæрон дæр никæд уыд.

Иу Хуыцаубон, атезгъо кæнæм, зæгъгæ, сæ хæдтулгæйы сбадтысты. Æрлæууыдысты машинæтæ уæйгæнæн базары æмæ Викæйы зæрдæ фæкъæпп кодта: цæмæ æрбацыдысты ардæм? Цы хъуыддаг сæ и ам? Урс-урсид фæсарæйнаг машинæйы цур æрлæууыдысты, цæхæр калдта, тыбар-тыбур кодта. Хетæг цалдæр хатты йæ алыварс æрзылд æмæ загъта:

– Ацы машинæ мæ зæрдæмæ тынг цæуы. Дæуæн та? Сылгоймаджы хæдтулгæ у, – æмæ-иу куы Викæмæ бакаст, куы машинæмæ, йæ цæстытæй рухс тынтæ хауд.

Викæ йæ нæ бахъуыды кодта, цыдæр фæсарæйнаг хæдтулгæ, стæй йæ бахъуыды кæнынмæ дæр нæ хъавыд, цы дзы кæны? Зыдта йæ: Хетæджы цæст ын æвзæр нæ зæгъы, кæд исчи йæ сывæллæтты мадæн аргъ кæны, уарзы йæ, кæд ыл исчи иузæрдион у, уæд Хетæг, æмæ йын Викæ йæ дæндагæй цырагъ дардзæн, фæлæ...

– Викæ, дæхи машинæйæ-иу куы рахизис, уый мæ тынг фæнды, – йæ армытъæпæн ын йе уæхскыл фæлмæн æруагъта. Хетæджы буары алы стъæлф дæр дзырдта: мæ фæндыл сразы у, мæ зæрдæ дын зæгъы æрмæстдæр хорздзинад. Æхца нæма фаг кæны, фæлæ ссардзысты, мæнæ водкæ куы аласа, уæд сын уый алцæйы фаг дæр уыдзæн.

– Мæн хуызæн цардæмбал никæмæн и. – Викæ, адæмæй дæр нæ фефсæрмы, Хетæджы æрбахъæбыс кодта. – Куыд дæ фæнды, афтæ, фæлæ æз машинæйæн ницы зонын. Æз...

– Сахуыр уыдзынæ.

– Иу машинæ нæм ис æмæ нын уый фаг у.

– Дæуæн дæхимæ хъуамæ машинæ уа.

– Хетæг, нæ нæ хъæуы, тæрсгæ дзы кæнын.

Хетæг йæ сæр бынмæ æруагъта, иу кæддæр ыл схæцыд, иуырдæм акæсы, куы иннæрдæм. Æрæджиау загъта:

– Омæ хорз. Дæу куыд фæнды, афтæ.

Викæ йын йæ хъусыл йæ былтæ авæрдта æмæ йын загъта:

– Æз дæ бирæ уарзын.

– Æз дæр... Æз дæр дæ бирæ уарзын.

Хетæг фæстаг хатт сæхицæй куы цыд, Викæ сæ балкъоны æдзæмæй куы лæууыд, уæддæр æм хъуыст, дунейыл æппæты зынаргъдæр цы адæймаг у, уый хъæлæс: «Æз дæр.... Æз дæр дæ бирæ уарзын». – Хетæджы сыгъдæг хъæлæс сæууон сыгъдæг уæлдæфы тад. Æндæр исчи цин кодтаид, Викæйæн та йæ зæрдæ рыст, æлхъывта йæ, йæ цæстытæ доны зылдысты, йæ цæссыгтæ æрызгъæлдысты...

Хетæджы алы балц дæр Викæйæн уыд зæрдæриссæн, фæлæ уыцы фæстаг фæндаг – зæрдæ йæхи риуы къултыл хоста, æддæмæ тыдта. Уæд æй куыд æнæбары афæндараст кодта, афтæ никæд. Хетæг ма хæдзар бæргæ ссардта, фæлæ уый уыд йæ фæстаг фæндаг, йæ адзалмæ фæндаг.

Викæмæ кæцæйдæр хъуысы... Хетæджы хъæлæс æм хъуысы: «Æз дæр... Æз дæр дæ бирæ уарзын».. Æмæ йæм кæцæй хъуысы?.. Мæрдтæй?.. Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, фæлæ уырдыгæй... Фæлæ мæрдтæй ныхас хъуысы, уый нæ зыдта. Кæцæй йæм хъуысы Хетæджы хъæлæс? Æви йæ хъæлæс ацы дунейы Викæимæ баззад? Æви Хетæг нæма амард? Нæма амард. Цалынмæ Викæ цæра, уæдмæ уый дæр цæрдзæн.

## БАДДЖЕРИ

«Æз цæугæ цард кæнын», – арæх фæзæгъы Бадджери йæхицæн, йæ бинонтæн, йæ хорз зонгæтæн. Фæстаг азты фæндæгтыл æмæ сæхимæ цас рæстæг арвыста, уыдон банымай,

уæд кæрæдзимæ дард сты. Чидæртæ йын фæзæгъынц: ахæм цардыл сахуыр æмæ йæм хорз кæсы. Нæ йыл сахуыр! Æнцон ын у? Фæлæ йæ зоны: æнæ фæллойæ, æнæ тухийæ ницы ис. Йе 'фсин æмæ йæ дыууæ лæппуйæн дæр æдзух уый дзуры: «Кусын! Кусын хъæуы!» Адæймаг куы змæла, уæд æм исты уыдзæн. Сæ сыхы, сæ хъæуы цæрджытæй йæм чидæртæ хæлæг кæнынц. Йæ хæдзар горæтаг хæдзары хуызæн, алы фадат дæр дзы. Сæ хæдзарæй цæхæрадоны фæстæ былгæронмæ канализаци куы арæзта, æртæ сæдæ метрæй фылдæр зæхх куы айгæрста æмæ дзы хæтæлтæ куы ауагъта, уæд ыл чидæртæ сусæгæй-æргомæй худтысты: цæрæнбонты нæ фыдæлтæн фаг цы уыд, уый Бадджерийæн нал бæззы? Цы æдылы куыстытæ кæны? Фæстæдæр афтæ нал дзырдтой. Сыхæгтæ æмæ йæ хъæуккæгтæй чидæртæ бафæзмыдтой, уыдон дæр канализацитæ сарæзтой. Бадджери горæт нæ уарзы, æндæр дзы хи хæдзар раджы балхæдтаид. Мæнæ йæ хистæр фырт хъуыддаг куы бакæна, уæд ын горæты фатер балæвар кæндзæн.

Шофыр рабадт, слæууыд, йе уæнгтæ аивæзта. Хорз бафынæй кодта. Æхсæвы иу афон райхъал, фæлæ уайтагъд фæстæмæ афынæй. Уазал донæй йæхи ахсдзæн æмæ йе уæнгтæ ноджы фæрогдæр уыдзысты. Фæстæмæ ракаст. Йæ цæстытæ бæлццæтты хызынтыл æрæнцадысты. Сæ фæстæ Викæ, цыма æмбæхсгæ бакодта, цыма йе 'мфæндаггонты уæййаг дзаумæттæ хъахъхъæны, афтæ зыны. Куыд нæ йæ хъыгдарой, афтæ йын сæ йæ алыварс сæвæрдтой. Уæдæ бынтондæр адæмы сæфт æрцыд, адæм нал стæм? Рынчын саг дæр кæны. Ацы фæндæгтæ, ацы арæнтæ удмарæн сты, æмæ кæмæн йе 'лхъывдад хæрдмæ ныццæвы, кæмæн та йæ зæрдæ бахъарм вæййы, кæмæн цы... Æмæ дон скъæф, йæ фындзмæ йын мысатыр спъиртт бадар, тагъд-тагъд ын йе 'лхъывдад бар, хостæ йын тыххæй дар, дохтыр сæм разынд, уæд амонджын сты, рæвдз-рæвдз ын дыууæ-æртæ уколы скæн. Бадджеримæ хорз афтек и. Иуæй-иу шофыртæ хъуыр-хъуыр кæндзысты: цы кæны афтекæй? Хъæуы! Ноджы 'хсызгон. Викæ... Викæйæн, æвæццæгæн, хос нал уыд, Кремлы рынчындонмæ йæ куы аскъæфтаиккой, уæддæр ын фервæзæн нал уыд, йæ адзал æрцыд. Йæ хионтæ, йæ къабæзтæй йын искæй ссарын хъæуы, æрцæуæнт æмæ йæ Ирыстонмæ фæхæццæ кæнæнт. Бадджерийы автобус мæрдласæн нæу.

Бадджери фыццаг туристон агентствойæ цыд балцыты, цасдæр

дзы акуыста, фæлæ йæ зæрдæ ницæмæй барухс æмæ сæ ныхъхъуытты уагъта. Зонгæтæ ма йын дзы баззад æмæ Викæйы тыххæй уыдонмæ адзурдзæн. Геормæ дæр цыдæр фæндтæ и. Польшæйæ Ирыстонмæ лæвар нæ адзурдзынæ æмæ йе 'хца ракæл-ракæл нæ кæнынц, фæлæ... Адзурын хъæуы.

Бадджери, телефонæй кæцæй адзура, уый ссардта. Викæйæн йæ мыггаг, йæ фыды ном æмæ йæ адрис зоны. Хæтæл ничи исы. Æмæ фынæй баисты? Йæ иннæ зонгæтæм дзуры. Викæйы мыггагæй искæй ссардзысты æмæ сын фехъусын кæндзысты. Дыууæ сахаты фæстæ та сæм ногæй бадзырдта: искæй ссардтой? Никæуыл фæхæст сты, сæ бон ын баххуыс кæнын нæу.

Æниу, Бадджери цы сцырын?. Йæ быны йын исчи арт бандзæрста? Йе 'хцатæ йæ дзыппы нал лæууынц? Хъуамæ мин хатты дзура? Автобусы мард æмæ... бæлццæттæ мацы дзурæнт, æндæр æй цы хъыгдары? Иу хъуыддаг... Йемæ куы ничиуал цæуа, æнамонд автобус у, зæгъгæ. Алцæмæндæр уæвæн и. Йæ бæлццæттæ æндæр автобусты нæхимæ куы фæраст уой... Нæ ацæудзысты, алкæмæндæр йæ адæм нымад сты, уæлдай бынæттæ никæмæ и.

Шофыр йæ къух ауыгъта, никæдæмуал дзуры. Мæнæ йæ йæ автобусмæ æркæсын хъæуы. Рагæй фæстæмæ дæр æм ахæм миниуæг и: уæгъд рæстæг ын чысыл дæр фæци, уæд хъуамæ йæ хæдтулгæмæ «баджигул» кæна, уырзæй йæ басгара, иу стъæлф æнæ фенгæ ма ныууадза. Фæзоны йæ: йæ машинæ алцæмæй дæр рæвдз у. Кусы. Сахаты хуызæн. Уæддæр æй хъуамæ фена... Рæстæг ын нæй – ссардзæн. Цæуыс æмæ дæ зæрдæ ницæмæ æхсайы. Чысыл цыдæр винт, болт, кæнæ зæгæл – разылд, суæгъд, афоныл æй нæ базылдтай æмæ йæ фæстæ цытæ расайдзæн, уымæн исчи исты зоны? Бадджери зивæг никæд кодта. Ахæм даргъ фæндагыл арæхдæр цы ивæн хæйттæ бахъæуы, уыдон хорз зоны, æмæ йын бахъуаджы сахатмæ æдзухдæр цæттæ сты. Уый профессионалон шофыр у. Фæндагыл цы не 'рцæуы æмæ кæм агурдзæн? Стæй сæ æртæ-цыппар хатты зынаргъдæрæй цæмæн хъуамæ æлхæна? Уый аххосæй йæ хæдтулгæ никуыма æрлæууыд æмæ не 'рлæудзæн. Машинæ дæр зæрдæ зоны, машинæ дæр сылгоймаджы хуызæн у: рæвдыд, узæлд бирæ уарзы æмæ йæ автобусыл узæлы, рæвдауы йæ.

Ацы фæндаг... Бадджери, Польшæйы арæнмæ ма йæ сæдæ километры чысыл хъуаг хъуыд, афтæ автобус æрурæдта: фæндаггонтæ аулæфæнт, тамако чи дымы, уыдон сæ мондæгтæ суадзæнт,

сæ æндзыг уæнгтæ аивазæнт, бæлæсты, къутæрты æхсæн атезгъо кæнæнт. Йæ бæлццæттæ рахызтысты æмæ фæйнæрдæм апырхытæ сты.

Бадджери автобусæй рахызт æппæты фæстаг, науы капитан куыд рахизы, афтæ. Æппынæдзухдæр йæ къухты дары цыдæр цыргъаг – хæсгард, отверткæ, ахæм цыдæр. Кард хæссæн нæй. Милицæ, паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ дæ цæмæй ацахсой, уымæн сæ æфсон хъæуы. Монтировкæ кæнæ дзæбуг къухы хорз фидауынц. Геор йемæ цал хатты рацыд, æмæ уымæн дæр йæ къухты исты цыргъаг вæййы. Суанг ма сылгоймæгтæй дæр, ацы фæндæгтæ цы сты, уый хорз чи зоны, уыдонæй дæр кæмæдæрты цыдæр цыргъаг разыны, зæгъæм – теман, хæсгард, ныхтæ сыгъдæггæнæн... Æнæнхъæлæджы сыл цыдæр лæбурджытæ, цыдæр тыхгæнджытæ æрбамбæлд, уæд зонæнт: ныхкъуырд лæвæрд сын æрцæуудзæн карзæй, æнæхатырæй.

Бадджери автобус баурæдта æмæ æваст арвæй дурæрхауæгау сæ цуры иу «Жигули» фегуырд. Цыппар æнæрцæф ракæнон лæппуйы дзы рагæппытæ кодтой барджынæй, сæрыстырæй. Цыма бæсты бикъ-комы дæгъæлтæ сты, зæхх уыдоныл лæууы, ахæм хуыз сын. Шофыр æмæ йе ‘мбæлтты ма цы базонын хъуыд: адон сты стигъджытæ, лæгмартæ, тыхгæнджытæ. Æмæ цæттæ сты. Шофырæн йæ къухы дæргъæй-дæргъмæ монтировкæ. Фæндаггонтæ сæ цуры æрбадзыгуыр сты. Геор отверткæйыл хæцы, йæ къухы армытъæпæныл æй куы иуырдæм ахæссы, куы – иннæрдæм, отверткæйы цыргъ фындз ферттивы: ома, уынут, уæхи хъахъхъæнут.

Тыхгæнджытæй иу, сæ ныллæгдæр, фæлæ, æвæццæгæн, сæ раздзæуæг, бæзджын хъæлæсæй дзуры:

– Шофыр чи у?

Бадджери, цыма йæ нæ хъусы, нæ йæ уыны, афтæ иуварс кæсы, монтировкæ йæ къухты æхсæнты зилы, цыма дзы хъазгæ кæны.

– Ацы автобусæн, зæгъын, уæ йæ шофыр чи у? – лæппуйы хъæлæс ноджы фæкарздæр, ноджы фæтызмæгдæр.

– Æз, æмæ цы? – комкоммæ йæм кæсы шофыр.

– Ацы фæндагыл дзуапп дæттæм мах, æмæ хъуамæ цæуæггаджы аргъ бафидат. Бамбæрстай мæ?! Хъалон.

– Лæппу, цы загътай? – æргуыбыр æм Бадджери, монтировкæйыл фидар хæцы, хæрдмæ йæ сисы, бынмæ йæ æруадзы: – Цы

дæ хъæуы, зæгъыс? Æхца? Туджы зæй дæ нæ хъæуы? Фесæфут ардыгæй!

– Цы?! Цы?! – Лæппу йæм хæстæгдæр бацыд. Георы къухты дынджыр отверткæ дыууæрдæм кæны. Олег дзæбугимæ сæ цуры лæууы. Геор стигъджытæм ноджы хæстæгдæр бацыд, сæ раздзæуæгмæ дзуры:

– Лæппу, æвæццæгæн, хорз нæ хъусыс?

Уый йе 'мбæлттæм разылд:

– Æнхъæл дæн, æмæ ацы кавказæгтæ сæ райгуырдыл тынг фæфæсмон кæндзысты, – æнæрвæссон худтæй худы, йæ дæндæгтæ ныззыхъхъыр кодта.

– Уæ фæндаг дарут, – Бадджери монтировкæ ноджы уæлдæр систа, цыма дзы лæбурджыты раздзæуæджы æрцæвынмæ хъавы. Уый йæм æрбакаст:

– Чысыл фæстæдæр нæ ныхас æндæр хуызы уыдзæн, – лæппу йе 'мбæлттæн ацамыдта æмæ сæ машинæйы сбадтысты. Æнцад лæууынц. Æмæ цы сæ зæрды и? Цæмæ æнхъæлмæ кæсынц?

– Цæуæм, – загъта Геор æмæ отверткæ, цыма ручкæ у, афтæ йæ хæдоны дзыппы нытъыста.

– Уæдæ сбадтыстæм æмæ фæцæуæм, – Бадджери монтировкæ кабинæмæ баппæрста, Олег ын дзæбуг йæ фарсмæ æрæвæрдта. Фæндаггонтæ сæ бынæттæ бацахстой. Автобус фезмæлыд. Фезмæлыд «Жигули» дæр. Сæ хæдразæй цæуы, автобусæн йæ фæндаг ахсы, размæ йæ нæ уадзы. Бадджери машинæ иуварс фæзилы, йæхи сæ куы атонид, æмæ та йын «Жигули» йæ фæндаг ацахсы. Цыдæр, цыдæр ныхъхъуыды кодтой ацы лæгсырдтæ, æмæ дзы сæхи сæртæ сæфдзысты.

Дыууæ километры дæр нæ рауадысты, афтæ сæ æрбаййæфта урс «Волгæ». Æмæ Бадджери бамбæрста, «Жигули»–йы чи бады, уыдон адонмæ, се 'мбæлттæм æнхъæлмæ кастысты. «Волгæ» автобусмæ афтæ хæстæг бацыд, æмæ йыл хъуамæ йæхи ахафа. Сæ разæй фæци. Шофыры фарсмæ чи бады, уыцы лæппу Бадджерийæн йæ къухæй амоны: автобус фæндаггæронмæ базилæд, æруромæд. Бадджери, æмæ ацы фæндагыл фыццаг хатт чи нæ цæуы, уыдон хорз зонынц: куы æрлæууой, уæд сæ ацы стигъджытæ æхца агурдзысты, нæ сæ ауадздзысты. Æхца та нæ ратдзысты. Ницы хуызы! Æмæ сæ уæд хъæуы хыл. Хыл... Чи зоны, се 'хсæн туг ныккæла, чи зоны... Бадджери хъуыддаг уымæ не 'руадздзæн, адæймаг æрхъуыдыйæн у. Йæ автобусы фындз

разæй афтæ сфидар кодта æмæ æдас у: æддæмæ куыд нæ зына, афтæ дзы бæзджын тасмачъи ауагъта, танк æм йæхи куы сараза, уæддæр ын ницы ракæндзæн. Мæнæ ахæм «Жигули»–тæ йæ разæй цалдæр куы ахæсса, уæддæр ын ницы уыдзæн, нæ фæтасдзæн.

Шофыр йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ нылхъывта, сæ къæс-къæс æм хъуысы. Уæле Хуыцау, бынæй зæхх, Бадджери аххосджын нæу, искæуыл бындз абада, уый дæр æй нæ фæнды, фæлæ... Рулыл фидардæр æрхæцыд. «Волгæ» йæ фæндаггæронмæ тæры. «Жигули»– йæ размæ нæ уадзы. Уæдæ афтæ у?! Уæ тæригъæд – уæхи! Автобус æваст размæ йæхи аппæрста. «Жигули»–йы фарс хафгæ ацыд, цалдæр метры йæ йæ разæй ахаста, рог хæдтулгæ фæндаджы иуварсмæ атахт, афæлдæхт æви нæ, Бадджери уый нал ауыдта. Йæ зæрдæ афтæ тагъд куыста æмæ йын цыдæр рæстæг уæлдæф нал фаг кодта. Куыйтæ! Æмæ афтæ уыдзæн дарддæр дæр. Хорз! Тынг хорз сын бакодта Бадджери, йæхицæй разы у.

«Жигули» иуварс куы атахт, уæд шофыр афтæ æхсызгонæй сулæфыд, æмæ ма йæ ныр дæр хъуыды кæны. Уый бæсты цыдæр æвæлтæрд лæппу, цыдæр хомбыл шофыр, уæд, кæнæ æхца радтаиккой, кæнæ та сæ хъуыд хыл кæнын. Уыдон уыдисты къæппæджы. Нæ! Бадджери сын хорз фæци. Мæнæ Викæ... Æндæр, сæ фæндаджы иу хай уал нæхицæй Польшæмæ æвзæр нæ ацыд. Уæвгæ, æдзух лæгъз уа, зæрдæйы фæндон, уымæн гæнæн нæй. Бадджери, ацы фæндæгтæ цы сты, уый хорз зоны.

## АФИНÆ

Афинæ, Польшæмæ цы дзаумæттæ раласта, уыдонæн сæ фылдæр ауæй кодта, иннæтæ дæр се ‘лхæнджыты ссардзысты. Уæдæ ардæм Варшавæйы уынынмæ рацыд. Тыхст адæм никæд федта. Ам дæр æмæ нæхимæ дæр цы хуыздæр ауæй уыдзæн, уый базонын афон ын нæма у? Викæ, мæгуыр, цы дзаумæттæ раласта? Дзæгъæл ын баззадысты. Ныр æй ницыуал мæт и, æнцад йæхицæн улæфы, йæ тыхст зæрдæ æрсабыр. Ахæм улæфтæй Хуыцау бахизæд.

Афинæ дыууæ-æртæ боны искуы баулæфыд, уый нæ хъуыды кæны. Йæхиуыл куы фæхæца, йæ мады фатер йæ къухы куы

бафта, афтек куы сараза, уæд ацы удхары рацу-бацу ныууадздзæн. Уæдæ хъуамæ цæрæнбонты ацы уæззау хызынтæ рахæсс-бахæсс кæна? Йæ уæхсчытæ æмæ йæ син сæфхæлдысты, хатгай баныдзæвын нал фæуарзынц. Мурат уыцы хызынтæй иу систа, уæд йæ быны никъкъæдзтæ, ныттæстытæ, ныссæстытæ уаид. Уымæ дæр и хызын. Фондз-авдаздзыд сывæллон дæр æй ахæсдзæн. Йæ бостæ йын де уæхскыл баппар æмæ фæцæуыс – исты хæссыс, нæ хæссыс – нæ йæ банкъардзынæ. Уыцы изæр, сæ фæхицæны изæр, уыцы хызынæн бын нал уыд: йæ дзаумæттæ æвæрдта æмæ æвæрдта. Цас цыдæртæ дзы æвæрдта? Уый Афинæмæ афтæ каст, æндæр...

Афинæ йæхиуыл тыххæй хæцыд. Уæддæр æй нæма уырныдта: Мурат æцæг хъавы ацæуынмæ? Æмæ кæд слæг и? Æмæ, куы ацæуа, уæд цы фæуыдзæн? Нæ фесæфдзæн? Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу рахъаугъа сты æмæ уым диссагæй цы и, къустæ дæр ма базмæлынц. Афинæ-иу йæ мадмæ тæргай алыгъд, Мурат дæр-иу цалдæргай бонтæ нал фæзынд. Æвæццæгæн, кæрæдзийæн, æцæгдæр, æцæгæлæттæ уыдысты. Æмæ рагæй, чи зоны, куы бацардысты, суанг уæдæй фæстæмæ. Адæймаг алцæуылдæр ахуыр кæны æмæ... æмæ йыл Афинæ сахуыр.

Мурат сæхицæй æцæгæй ацæуынмæ хъавы, Афинæйы уый уæддæр нæма уырныдта. Ницы дзырдта, фæлæ мидæгæй артау сыгъд. Иу рæстæг диванæй куыд фестад, Мураты спортивон хызын иуварс куыд фехста, уымæн ницы бамбæрста. Йæ хæдоны æфцæгготы æвзæгтæ йын ацахста æмæ йæ ныууыгъта:

– Ды... ды... Кæд мын слæг дæ?!

Мурат æнцад лæууыд, ахæм цæстытæй йæм каст, цыма йæ цуры ничи ис æмæ йæ бынтон та уый мардта.

– Ацу! Ацу! Ардыгæй фесæф! – Афинæ йын йæ тымбыл къухтæй йæ риу хоста. Фæлæ Мурат, раздæры тæнтъихæг, хыссæйæ арæзт, нæ иуырдæм, нæ аннæрдæм Мурат нал уыд, йæ цуры лæууыд фидар, хъæддых лæппу, цыма йыл бындз дæр нæ абадт, афтæ йæм йæ бинойнаджы тымбыл къухты тыхджын цæфтæ нæ хъардтой, худт йæ мидбылты, иу ныхас дзы нæ райхъуыст, æмæ Афинæйы маст ноджы тынгдæр ивылд. Æваст йæ цæнгтæ тихалджытау æрхаудысты, æмæ ныккуыдта. Йæ чызг Тимæ фынæй кæны, уый дæр дзы æрбайрох. Æнхъæлдта, Мурат æм æрбакъахдзæф кæндзæн, сабыр æй кæндзæн. Æмæ йæ нæ асхуыстаид, нæ фæлæ йæ æрбахъæбыс кодтаид. Зæрдиагæй.

Æхсызгонæй. Йæхимæ йæ нылвæстаид æмæ дзы хатыртæ ракуырдтаид: ныббарæд ын, ныббарæд ын йæ сонт, æнæрхъуыды ныхæстæ æмæ митæ. Фæлæ йæм уый нæ разылд, Мураты хуызы йæ цуры лæууыд æндæр чидæр æмæ йæм æцæгæлон, уазал, куыдфæндыйы цæстытæй каст. Æмæ та йæ маст йæ хъуырмæ схæццæ. Куы нæ срæмудзид! Ваннæмæ азгъордта, ихдон цалдæр хатты йæ цæсгомыл скалдта æмæ æруазал, йе 'рдзон гакмæ сабыргай æрцыд. Æнхъæлдта: Мураты нал раййафдзæн, ацæудзæн, фæлæ йæ раййæфта. Уæддæр... Цæмæ йæм смой кодта? Тыхбегара йыл уыд? Скъæфгæ йæ акодта? Цыма, цæмæ йæм смой кодта, уый нæ зоны? Йæ афон уыд, йæ афон. Нæ фæлæ, йæ афонæй ахызт. Æмæ раджы. Æрыгон ма куы уыдаид, уæд ын йæ сывæллон йæ фарсæй систаиккой? Сывæллон.... Уый уыд йе стырдæр бæллиц. Уый фенынмæ рагæй бæллыд. Æнæ уый йæ цард уыдаид афтид. Ныр цæй тыххæй цæра, уый йын ис. Уый у амондджын, тынг амондджын. Афинæ хъуыды кодта: æцæгдзинад зæгъа æви нæ? Уый размæ дæр, куы-иу рахъаугъа сты, уæд цалдæр хатты æцæгдзинад зæгъынмæ хъавыд, фæлæ та-иу йæхиуыл ныххæцыд. Цы уа, уый уæд, ныр æрхæццæ æцæгдзинад зæгъыны афон. Уадз, Мурат, куыд ницы у, уый зонæд. Уадз, йæ бынат кæм и, уый æмбарæд. Йæ цуры æрлæууыд æмæ йæм комкоммæ каст. Барæй. Фыдæнæн. Æмæ загъта:

– Тимæ дæ чызг нæу, бамбæрстай? – Æвирхъæу, нæлгоймаджы астæу дыууæ дихы чи кæны, зæрдæйы цыргъ хъамайау чи ахизы, ахæм цæф. Афинæ æнхъæлдта: Мурат бауадзыг уыдзæн, дыдæгътæй пъолмæ æрхаудзæн, кæнæ цæхæрыл кафæгау схъиудзæн, йæ къухыфыдтæм лæбурдзæн, цæф арсы хуызæн, мæлæты арс – ныббогъ кæндзæн. Уый æнцад лæууыд, иу нуар дæр дзы нæ фезмæлыд. Æмæ Афинæ ахъуыды кодта: цы йын загъта, æвæццæгæн, уый нæ бамбæрста, æви йæ ныхас йæ зæрдæйы афтæ ахызт, æмæ фæсонт, йæ зонд фæлыгъд, фæсур. Æндæр, дæ бинойнаг дын ахæм ныхас зæгъæд, æмæ дæ хъæлæсæй судзгæ æхсидæвтæ ма ракæлæд? Нæлгоймаг, æцæг нæлгоймаг у, зæгъгæ, уæд цæмæй йæ сæрыстырдзинад дæ къæхты бынмæ æрхауа, уымæн уымæй карздæр цæф цы ныккæнæн и?

Мурат бахудæнбыл, йе 'цæгæлон цæстытæ фæрухсдзаст сты, афтæмæй загъта:

– Мæнæн дæр лæппу и, Алан. Уымæ цæуын.

– Цы?! Цы?! – Афинæ йæ хъустыл не 'ууæндыд. Цы хъусы? Цы

дзуры Мурат? Лæппу йын и? Уымæн уæвæн нæй. Афинæ æнæхъæн дыууæ азы фенхъæлмæ каст сывæллонмæ. Æмæ цы? Ницы. Хъуамæ хъæбулы ад ма базона? Йæ хуыскъ, æрдызт, хыссæйæ конды хуызæн лæджы аххосæй йæ сывæллон йæ хъæбысмæ ма сиса? Уый йæхи æнæ сывæллон нæ ныууадздзæн. Æмæ равзæрста йæ зæрдæйæн æхсызгон æмæ уарзон адæймаг. Бæгуыдæр, ныр дæр æмбæлынц. Æмæ цæуыннæ æмбæлой? Афинæ адæймаг нæу? Йæ чызг Тимæ у йæ фыды халдих, æмæ йæ Афинæ уый тыххæй уæлдай уарзт кæны.

Цы? Цы? Муратæн кæмдæр лæппу и? Афинæ уый æнхъæл никæд уыд, æмæ фырдиссагæй йæ зæнгтæ зыр-зыр кодтой, йæ сæр зылд, куы ахауа, уый тæссæй диваныл йæхи æруагъта.

Мурат йæ къурткæйы мидæггаг дзыппæй цыдæр гæххæтт систа æмæ йæ стъолыл æрæвæрдта.

– Ацы хæдзарæй мæхи рафыстон.

Цы дзуры? Нæ йæ ‘мбары Афинæ. Мурат сæнттæ цæгъды æви цы?

– Нæ дæ ‘мбарын, – каст æм Афинæ, æмæ йæ æцæгдæр не ‘мбæрста.

– Мæн ницы хъæуы, хæдзар дæ номыл скодтон. Нотариаты. Алцыдæр, закъон куыд амоны, афтæ. Тимæ мæ чызг кæй нæу, уый куы райгуырд, уæдæй фæстæмæ дæр зонын, æмæ амонджын уæд. Ацы дунемæ кæй фæзынд, уый уым æппындæр аххосджын нæу, æмæ хæдзар уымæ гæсгæ ныффыстон дæуыл. Уый уын мæ лæвар. – Мурат йæ спортивон хызыныл схæцыд æмæ акъахдзæф кодта.

Афинæ диваны къуымы бадт æмæ цыма фын уыны, афтæ йæм каст. Цытæ хъусы? Цытæ уыны? Кæд уыди уый æнхъæл, æмæ Мурат æнæницæмæй сæ хæдзарæй сыстдзæн æмæ ацæудзæн? Кæд уыди уый æнхъæл, æмæ Муратæн кæмдæр сывæллон и, лæппу? Цытæ хъусы? Цытæ уыны? Мурат йæ хæдзар Афинæйыл скодта? Куыд?.. Цы хуызы?.. Нæ йæ уырныдта. Æмæ диванæй сыстад, гæххæтт ризгæ къухæй райста, кæд дзы Мурат хынджылæг кæны, æндæр йæ хæдзар, йе ‘рдæг ма – гъа, фæлæ йæ хæдзар уымæн куыд дæтты? Йæ сæры зонд фæцыд? Ахæм лæвæрттæ... Уæлдай дæр мах рæстæджы?.. Гæххæтт йæ къухы сыгъд, цыма æхсидав у. Иу хатт æй бакаст. Дыууæ хатты. Æмæ йæ цæстытыл не ‘ууæндыд. Мурат цыдæр æнахуыр адæймаг кæй у, уый зыдта, фæлæ ахæм... Суанг афтæ дæр ахъуыды кодта:

кæд дзы хынджылæг кæны, кæд цыдæр мæнг гæххæтт сарæзта, æндæр... Уымæн уæвæн куыд и? Уæдæй нырмæ цас рæстæг рацыд æмæ йæ ныр дæр нæма уырны. Хатгай Афинæмæ афтæ фæкæсы: Мурат æрбахиздзæн æмæ зæгъдзæн: «Хæдзар суæгъд кæн, дæуæн ам ницы и». Æмæ уымæй ницыуал рауайдзæн, фæлæ уæддæр... Афинæ æдылы у. Цы нæ вæййы, уæд та Мурат фæфæсмон кодта.

Дыккаг бон, кæм хъæуы, уым балæууыд æмæ хæдзар æцæгдæр йæхиуыл сарæзта. Мурат цæргæ-цæрæнбонты кæд исты лæгдзинад равдыста, уæд йæ хæдзар Афинæйыл кæй скодта, уый. Цас хæдзар у? Фæлæ уæддæр хæдзар у. Иу уат, цæлгæнæн, ваннæ, уазæгдон. Уæдæ кæйдæр къуымты рахау-бахау кæн, уый хуыздæр у? Куыд нæ!

Афинæйы фындз цыма цыдæр æнкъары. Йæ цæсгом фæтар. Цыдæр тæф. Марды тæф... Нæ, ницы. Лæппутæ дохтыр ссардтой æмæ Викæйæн цыдæр уколтæ скæнын кодтой. Дохтыр сын фидарæй загъта, æппындæр, дам, мацæмæй тæрсут. Уый Афинæмæ афтæ фæкаст, æндæр... Викæйæн цы у, фæлæ адæм æддæг-миддæг ауадысты. Уæд дæхи зоныс æмæ æрдæг мардæй кæдæм цæуыс? Цæй, нырма цы, Афинæ йæхи мæстджын кæны æндæр ницы. Æмæ сылгоймаг, цыма йæ къух искæуыл ауыгъта, афтæ йæ ауыгъта.

*Уыдзæн ма*

# ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 75 АЗЫ



# ÆРГОМ НЫХАСЫ КЪÆМ НÆЙ

Интервью

*(Цыбыргондæй)*

*Адæймаджы цал æмæ цал хатты бахъæуы йæ царды мидæг æвзарын, раст фæнд рахæссыны размæ тæрхæттæ кæнын. Æрмæстдæр нæ мидхъуырдухæнтæй фервæзыны, нæ хъуыдыты къуыбылой райхалыны охыл нæ ных саразæм æнусты зонындзинæдтæ хъахъхъæнæг чингуытæм, æвæды йæхи фæндаг чи айгæрста, уыдоны фæлтæрддзинадмæ.*

*Зын зæгъæн у, дарддæр куыд уыдзæн, уый, фæлæ бирæ фæлтæртæн æнусты дæргъы чиныг уыдис, аргъ кæмæн нæй, ахæм хæзна. Цард æмæ йæ гуыргъахъхъ фæндæгтыл, цард æмæ аивадыл рауад сæ ныхас газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редакторы хæдивæг Бутаты Эльзæйæн æмæ фыссæг Цомартаты Изæтбегæн.*

**Эльзæ:** Царды уæз алы адæймагыл дæр æрæнцайы. Кæуыл – раздæр, кæуыл – фæстæдæр. Ды, Изæтбег, дæ сабибонты хъысмæтæй фыдыусы тъæппытæ æмæ рæхуыстытæ йеддæмæ ницы зыдтай. Афтæмæй хъæуккаг сидзæр лæппу литературон уацмыстæ фыссыныл куыд балæууыд? Уый зын куыст у, æнæрынцой фыдæбон æмæ сагъæс домы. Æнæ искæй æххуысæй йæм дæ ныфс куыд бахастай?

**Изæтбег:** Литературон куыст зын кæй у, уымæй раст зæгъыс, фæлæ адæймаг æрыгонæй уыдæттыл нæ фæхъуыды кæны. Йæ ныфс авд хохы сæрты ахизынмæ дæр фæхæссы. Редактортæ мын мæ размæ стыр цæлхдуртæ сæвæрдзысты, æмæ мæ сæ сæрты, удхаргæнгæйæ, хизын бахъæудзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Ахæм рæдыд хъуыдытæ мæм куынæ ‘взæрыдаид, уæд, чи зоны, æндæр дæсныйад равзæрстаин...

**Эльзæ:** Уæддæр дæ фыссынмæ æппæты фыццаг цы сразæнгард кодта?

**Изæтбег:** Цæмæй уыцы фарстæн æххæст дзуапп раттон, уый тыххæй мæ советон дугмæ раздæхын хъæуы. Раст мæ бамбар. Социализмы ныхмæ нæ дæн. Сыгъдæгзæрдæ хуымæтæг фæллойгæнæгæн уымæй хуыздæр цардарæзт нæй. Йæ бирæ хъуæгтæ йын æххæст кæны, йæ гæмттæ йын æмбæрзы, ахуыры фæндагыл æй аразы, йе ‘нæниздзинадыл ын ауды, куыст ын

дætты, йæ фидæнмæ йæ æнæмæтæй цæуын кæны, æмæ уый хорз у, фæлæ йæм иу стыр аипп ис.

**Эльзæ:** Цавæр?

**Изæтбег:** Сфæлдыстадон кусæджы хъуыды кæнын нæ уадзы, сæрибардзинад ын нæ дæтты. Æнæ уымæй та æцæг аивадæн уæвæн нæй.

**Эльзæ:** Социализмы сæйраг аразæджы хъуыдымæ гæсгæ, литературæ хъуамæ партийы фæсдзæуин уа. Йемæ разы дæ?

**Изæтбег:** Нагъ.

**Эльзæ:** Цæуылнæ?

**Изæтбег:** Уымæн æмæ аивадсафæг хъуыды у. Йæ фæдзæхст ын, хъыгагæн, йæ фæдонтæ разæнгардæй сæххæст кодтой, æмæ, сæ уынаффæтæм гæсгæ, хъуамæ литературæ хъуытаз хъæлæсæй зарыдаид партийы ʻнтыстытыл. Хъуамæ ʻвдыстаид, цæхæрцæст коммунистты разамындæй бæстæ «æвдгаймил санчъехтæй коммунизмы цæхæркалгæ бæрзæндтæм куыд цæуы», уый. Уымæ гæсгæ, нæ фысджытæ стæмтæй фæстæмæ уагътой æнæуд хæлын æйчытау æгъуыз уацмыстæ. Парти æмæ хицæутты коммæ цы фыссæг кæсы, уымæн йæ сисы бынæй хорз уацмыс никуы рацæудзæн.

**Эльзæ:** Дæумæ гæсгæ, фыссæг суæвынæн цы хъæуы? Адæймагмæ цавæр миниуджытæ хъуамæ уа?

**Изæтбег:** Фыццаджы-фыццагдæр хъуамæ курдиат йæ мады гуыбынæй рахæсса. Фæлæ хорз фыссæг суæвынæн уый фаг нæу. Хъæуы йын стыр ныфс æмæ кæрдаг зонд. Царды ахсджиаг цы у, адæмы хъуыдытыл цы бафтаудзæн, ахæм темæтæ хъуамæ ʻвзарын зона æмæ сæ ирд фæлгонцты фæрцы ʻвдисын фæраза. Адæймагæн йæ зæрдæйы бынæй цы цæуы, искæй зæрдæмæ дæр уый хъары, уымæ гæсгæ йын хъуамæ ʻнкъараг зæрдæ æмæ сыгъдæг уд уа. Уацмысы интригæ куынæ уа, уæд йæ фæдыл никæй асайдзæн, автор дзы йæ чиныгкæсæгæн цы зæгъынмæ хъавы, уымæ ничи байхъусдзæн. Национ бындурыл æнцайгæйæ, æвдисын хъæуы, æппæт адæмæн дæр иумæйаг цы миниуджытæ сты, уыдон. Цы ʻвзагыл фыссы, уый хъуамæ уа аивадон, хъæздыг æмæ ʻнцонæмбарæн.

**Эльзæ:** Дæ ахуыргæнджытыл кæй нымайыс?

**Изæтбег:** Къостайы «Дзæбидырдзуан» бирæ хæттыты бакастæн. Йæ арæзт дæр æмæ йæ хъуыды дæр хæрзхуымæтæг сты, фæлæ мæ æдзухдæр дисы ʻфтыдта, ахæм гыццыл радзырды

æнæхъæн адæмы хъысмæт равдисын йæ бон куыд баци, уый. Мæ зæрдæ мын рæхуыстой Гæдиаты Секъайы таурæгъты æвирхъау хабæрттæ. Коцойты Арсены нымадтон æмæ йæ ныр дæр нымайын тынг хорз фыссæгыл æмæ ирон прозæйы бындурæвæрæгыл. Мæнмæ гæсгæ, стырдæр адæмы уæхсчытыл куы лæууид, уæд дарддæр зынид. Сæ фæстæ ирон прозæмæ чи 'рбацыд, уыдонæн сæ тæккæ курдиатджындæр уыди Мамсыраты Дæбе. Хъуамæ Ирыстоны арæнтæй ахызтаид, фæлæ йæ йæ рæстæджы æгъатыр уавæртæ амардтой, дуры бын фæлурс билцъæй цы нартхоры гага баззайы, уый хуызæн. Кæй ныффыста, уыдон соцреализмы азар басыгъта æмæ сын сæ ахадындзинад фæныллæгдæр кодта. (Уый æрмæстдæр мæхи хъуыды у æмæ йæ никæмæн хъарын). Æвзонгæй йæ уацмыстæ мæ зæрдæмæ тынг цыдысты, куы рахъомыл дæн æмæ литературæ хуыздæр æмбарын куы райдыдтон, уæд мæ цымыдисдзинад бæлвырд фæкъаддæр и. Иннæ ирон прозаикты уацмыстæй мæ зæрдæ никуы барухс и. Уыйхыгъд нудæсæм æнусы уырыссаг æмæ фæсарæйнаг классикты уацмыстæ кæсынæй не 'фсæстæн æмæ мæ уыдонмæ гæсгæ фæндыди, цард куыд у, афтæмæй æвдисын, цыфæнды зынæй дæр рæстдзинад дзурын.

**Эльзæ:** Цыфæнды зынæй дæр рæстдзинад дзурын... Уый иу заманы дæр æнцон нæ уыдис æмæ ныр дæр нæу.

**Изæтбег:** Куыддæр редактортæм мæ радзырдтæ хæссын райдыдтон, афтæ мемæ загъд кæныныл систы:

– Æрмæстдæр царды талынг къуымтæ 'вдисыс! Дæ алыварс хорзæй ницы уыныс! Советон бæстæйыл цъыфкалæн кæныс! Дæ зондахаст куынæ аивай, уæд дæ фыссæг никуы рауайдзæн!

«Мах дуг»-мæ мæ хæстæг нæ уагътой, мæ радзырдтæ мын «сæфтой», растдæр зæгъгæйæ та сæ ырæтты чыргъæдмæ æппæрстой...

**Эльзæ:** Кæд дæ редактортæ æцæгдæр ахæм æдзæстуарзон æмæ знæт уыдысты, уæд дæ бон чиныг рауадзын куыд баци?

**Изæтбег:** Тыхамæлттæй. Æмæ ма стыр чиныг дæр куы уыдаид, фæлæ – хæрзтæнæг тетрады йас. Хур дзы иннæрдæм касти.

**Эльзæ:** Дыккаг чиныг дæр дæ къухы афтæ зынæй бафтыди?

**Изæтбег:** Ноджы зындæрæй. Мæ къухфыст чиныгуадзæнмæ бахæссыны агъоммæ бирæ фæсагъæс кодтон. Мæ фыццаг радзырдтæм мын редактор куыд фæныхылдта, уымæ гæсгæ, ахæм хатдзæгмæ 'рцыдтæн: адон дæр та уымæ куы бахауой, уæд сæ

рауагъдады пъланмæ бахæссын нæ бауæнддзæн, кæнæ сæ никъкъуыхтæ кæндзæн. Йæ фарсмæ бадти Иры хуыздæр поэттæй иу – Цæрукъаты Алыксандр, æмæ мæ зæрды æрæфтыди мæхи ууыл бафæдзæхсын. Хистæр редактормæ бацыдтæн æмæ йын æргомæй загътон:

– Мæ радзырдтæ мын Алыксандрмæ ратт, æмæ сæ кæд рауадзыны аккагыл нæ банымайа, уæд мæ къах дæр ам никуыуал уыдзæн!

Уый йæ сæрыл дæр не схæцыди, афтæмæй йæ фындзы бын багуым-гуым кодта:

– Уæртæ бады, æмæ йæм сæ ратт.

Цæрукъайы-фыртæн йæ цæсгомыл иу нуар дæр нæ фезмæлыди, æмæ йын сæ йе стъолыл зæрдæсастæй æрæвæрдтон. Афæдзæй фылдæр цы уавæры уыдтæн, уый зын бамбарæн нæу. Адæргæй мæ зыр-зыр цыди. Ноджы ма мын Хæмыцаты Албег дæр мæ тыхст уавæр фæкарздæр кодта:

– Цалдæр хатты сæм ме 'мдзæвгæтæ бахастон, æмæ мын сæ Алыксандр фæстæмæ раздæхта. Æрмæстдæр мæм-иу ныффыста цыппар дзырды: «Рауадзыны аккаг не сты».

Уый мæнмæ диссаг фæкасти. Умæй диссагдæр та мæм фæкасти, мæ радзырдтыл мын цы «редакторы хъуыды» ныффыста, уый. Афтæ тынг, æвæццæгæн, никуы никæмæй раппæлыди, æмæ мæ цинæн кæрон нал уыди, фæлæ мæ уæлмонц æнкъарæнтæ мæ риуы бирæ нæ бафæстиат сты. Хистæр редакторы тыххæй мæ мæ зæрдæ нæ фæсайдта. Мæ чиныг рауадзыны æмгъуыд аргъæвта фондз азы. Æмæ ма мæ ууыл куы ныууагътаид. Мæхицæй фылдæр кæй уарзтон, уыцы чызг йæ усы хæстæг разынди, æмæ йын мæ фыдгæйттæ фæкодта, курдиат æм нæй, ницæйаг у, æмæ дæ ницæмæн хъæуы, зæгъгæ. Уый дæр æм фаг нæ фæкасти æмæ ма мæ ноджыдæр иу цæф ныккодта. Фысджыты цæдисмæ куы цыдтæн, уæд мыл йе 'мбæлтты сардыдта, æмæ мæ ахахх кодтой.

**Эльзæ:** Фæлæ уæддæр æцæг сфæлдыстадон уацмысы æхсæндзарды уидæгтæ ирдæй разынынц. Раст зæгъ, Изæтбег, ахæм хъизæмæртты фæстæ ма дын-иу дæ чиныг исты 'хсызгондзинад æрхаста?

**Изæтбег:** Мæ зæрдæ сæ-иу нал баради. Ды сылгоймаг дæ æмæ мæ бамбардзынæ. Зæрдиагæй дзадджын хæринаг куы скæнай, æмæ дын дзы исчи фаджыс куы ныккала, уæд ма дын исты ад скæндзæни? Фыссæг зырнæйзилæг нæу æмæ тæрхыл

æфсæйнаг дзаумæттæ нæ аразы. Йæ уацмыстæ йæ уды рæбинаг æвæрæнтæ æмæ йæ зæрдæйы тугæй фыссы, æмæ йыл алы рæхуыст ныхас дæр карды цæфау ахады. Мæ уацмыстæ мын-иу куынæ уагътой, уæд-иу дзæвгар рæстæг мæ къух ручкæмæ нал тасыди, фæлæ та-иу мæ зæрдæ змæст суадонау сындæггай асыгъдæг и.

**Эльзæ:** Цæстытæ йæ фыррæсугъдæй цы 'рдуз рæвдауы, уый тыххæй поэт социализмы дæр æмæ капитализмы дæр разæнгардæй фыссы... Йæ гæнæнтæ парахатдæр кæм сты: социализмы æви капитализмы?

**Изæтбег:** Сæ иуыл – хъисын, иннæуыл – пæлæз. Уæддæр уыцы хъуыддаджы капитализм хуыздæр у. Хæст æмæ паддзахадон фæфæлдæхтмæ ма сид, æндæр цæуылфæнды дæр æмæ цасфæнды дæр фысс, æцæг – лæвар. Коммунисттæн литературæ се 'гъдæнцæйттæй иу уыди, сæ политикæ сын фидардæр кодта, æмæ йæ лыстæг сасирæй луæрстой, фæлæ йын фидгæ дæр хорз кодтой. Мæ чиныг «Æрдуйæ хид»-ы гонорарæй «Жигули» балхæнæн уыди, капитализмы рæстæг уымæй стырдæр чингуытæ рауагътон æмæ дзы «Жигули» нæ, фæлæ йæ цæлхытæ балхæнæн дæр нал ис. «Зынгхуыст бæллицты» дыууæ чиныджы рухс куы федтой, уæд сæ мæ сыхаг бакасти, иуцасдæр мæ фестыдта, стæй мæ бафарста:

– Æз искæй æхцатæ нымайын нæ уарзын, фæлæ мын æй ма басусæг кæн: æхца цас райстай?

– Фыццагæн – æртын мины, дыккагæн – æртын æхсæз.

– Кусгæ та сыл цас фæкодтай?

– Ссæдз азы.

Уымæн фырдисæй йæ цæстытæ æддæмæ рабырыдысты, æмæ йæ сæр уайдзæфгæнæгау батылдта:

– Æз та афтæ 'нхъæлдтон, ахæм чиныгæн фондзсæдæ минæй къаддæр нæ райстай.

**Эльзæ:** Дæ романы сæйраг хъайтар Ирбег афтæ зæгъы: «Æхца мын ма фидæнт, æрмæст мын мæ уацмыстæ мыхуыр кæнæнт, æмæ сæ адæм кæсæнт». Мæнмæ гæсгæ, дæхæдæг дæр æрыгонæй афтæ хъуыды кодтай.

**Изæтбег:** Раст зæгъыс.

**Эльзæ:** Уæдæй нырмæ дæ зонд нæ аивтай?

**Изæтбег:** Хуыцауæй дæ бауырнæд, Эльзæ, фæндзай азы дæргъы æхцайы тыххæй иу хъуыдыйад дæр никуы ныффыстон!

Ацы зæххыл фыссæджы куыст йеддæмæ лæвар ницы ис. Фарон «Мах дуджы» фондз радзырды рауагътон, æмæ гонорар исынмæ куы ссыдтæн, уæд мæ бухгалтер фефсæрмы ис æмæ мын хатыркурæгау æнкъардæй афтæ:

– Хъуамæ дын авторы сыфæн æртæ мины æмæ астсæдæ сомы фидиккам, мах та дын мин æмæ ‘рдæг фидæм.

Мæ хæлар, ме ‘мкусæг æмæ хорз поэтæн йе ‘хсай азы бонмæ ‘мдзæвгæты бæзджын чиныг рацыди, æмæ йын цас райста, уый зоныс?

**Эльзæ:** Цас?

**Изæтбег:** Фынддæс мины. Худинаг... Газетæн æхца нæй, журналæн æхца нæй, чиныгуадзæн «Ир» йæ боныфыддæртæм æрцыди... Куыд дæм кæсы, афтæмæй национ культурæйæн рæзæн ис?

**Эльзæ:** Нæй.

**Изæтбег:** Зæххыл æппæты хъæздыгдæр бæстæйы ахæм уавæр сæрмæхæсгæ хъуыддаг у?

**Эльзæ:** Нæу.

**Изæтбег:** Æхца дзы куынæ уаид, уæд хъусæй лæууин, фæлæ дзы ис. Иу лæгæн бон цыппар милуаны æмæ ‘рдæг фид, иннæмæн та – капеччытæ. Иу лæг бон дыууæ милуаны æмæ дыууæсæдæ мин сомы исæд, иннæ та йæ мæгуыры хъиутæ хæрæд! Æрæджы центрон телеуынæны амонæг Киселёвы иу журналист фæрсы:

– Дæ мызд цас у?

– Бирæ.

– Уæддæр цас исыс?

– Тынг бирæ.

Центрон телеуынæны журналист цас исы, уый зæгъын йæ цæсгом хъæцгæ дæр нæ кæны, регионты журналисттæ та сæ капеччытæ нымайынц.

**Эльзæ:** Цæмæдæр гæсгæ, хицауады минæвæрттæ афтæ нымайынц: сфæлдыстадон кусæг хъуамæ æххормаг æмæ ‘фхæрд уа. Хъуамæ, дам, йæ гæвз-гæвз цæуа, науæд, дам, ын æцæгдзинад равдисын нæ бантысдзæн. Иннæмæй та сæм, æргом æфтиаг чи нæ хæсса, уый нымад нæу. Национ культурæ цавæр æфтиæгтæ хъуамæ ‘вдиса? Æрмæстдæр уды хæрзтæ... Уымæ гæсгæ сæм ма мæсты кæ.

**Изæтбег:** Куыд нæ сæм мæсты кæнон, куыд нæ? Цалдæр азы размæ иу уырыссаг ахуыргонд, тележурналистимæ ныхасгæнгæйæ, куыд загъта, уый мæ нæ рох кæны: «В России уни-

тазы больше ценятся, чем мозги». Карздæрæй ма йæ куыд зæгъæн и, фæлæ сæм æппындæр ницы хъары. Æххормæг хуыты ‘рдонг æнтыды бæлæгъмæ куы баирвæза æмæ дзы, цъæм-цъæмгæнгæйæ, атонын куы нал кома, уыйау зыдхæрд кæнынц æмæ никæй уынынц, никæй хъусынц...

**Эльзæ:** Адæймаг ныфсæй цæры. Кæд фæстæдæр нæ уавæр фæхуыздæр уаид...

**Изæтбег:** Нæ мæ уырны. Æрæджы мæм иу документ æрбахаудта. Дыууын цыппар адæймаджы кæм уыди, ахæм къамис нæм Мæскуыйæ ссыди æмæ йæ уый сарæзта. Уæлдай капеччытæ дæттын нын куы бахъæуа, уымæй тæрсгæйæ нын нæ культурон артдзæстытæ цалдæрæй фæстæмæ сæхгæнынвæнд скодтой. Ахъуыды кæнын кæуыл æмбæлы, ахæм фарстатæ номхыгъды уыди, фæлæ дзы чиныгуадзæн «Ир» æмæ журнал «Мах дуг» куы ауыдтон, уæд къахæй-сæрмæ ныррызтæн. Хъæддаг капитализмæн йæ миддуне дæр хъæддаг у æмæ никæуыл ауæрды, фæлæ, сæ мадæлон æвзаг æрдуйыл кæмæн хæцы, уыцы адæмæн ма сæ мыхуыргæнæн фæрæзтæ дæр æхгæн æмæ сæ зонгæ-зонын кæуинаг уавæрмæ тæр. Уымæй уæлдай дæ дæ бæстæйы гыццыл адæмты национ культурæ ма хъæуæд!..

**Эльзæ:** Ныр цалдæр фæлтæры ‘вдисæн сты, нæ мадæлон æвзаг куыд баруади, æппæт тыхтæй дæр æй куыд хуыдуг кæнæм, уымæн. Дæ цæстæй акæсгæйæ, йæ хъысмæт цавæр уыдзæн?

**Изæтбег:** Ирон æвзаг бахъахъхъæнын кæй фæнды, уыдон афтæ дзурынц: «сæфты къахыл лæууы», хицауады фарс чи хæцы, уыдон та афтæ хъæр кæнынц: «æхсиды æмæ фидарæй-фидардæр кæны!» Дыккæгтимæ уыди, стыр аргъ кæмæн кодтон æмæ кæнын, ахæм поэт дæр. Æз æй æмбæрстон, йæ цот ын зынаргъ сты. Цæмæй сын бынæттæ скодтаид, уый тыххæй йæ хицæутты зæрдæ балхæнын хъуыди. Уыцы хъуыддагыл тынг зæрдиагæй бацархайдта æмæ йæ къухы бафтыди. Мæнæн дæр ис фæкæсынхъуаг цот æмæ мын зынаргъ сты, фæлæ рæстдзинады ныхмæ дзурын мæ сæрмæ нæ хæссын. Цыппор азы размæ иу афæдз акуыстон таджикаг горæт Кулябы пединституты. Студенттæн лекци куы кастæн, уæд мæм иу ахуыргæнæг æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Изатбек Рамазанович, дæ рæстæгæй дын фынддæс минуты райсон?

– Табуафси, – бар ын радтон æз, æмæ тæфæрфæсгæнæгау дзурын райдыдта, сæфты къахыл чи ныллæууыд, уыцы ‘взæгтыл.

Йæ номхыгъды фыццаг уыди ирон æвзаг. Бауырнæд дæ, Эльзæ, уæдæй нырмæ йæ сагъæсхуыз цæсгом мæ цæстытæй нæ хицæн кæны. Таджикагмæ не 'взаджы хъысмæт нæхицæй тынгдæр бахъардта. Не 'взагæн ницы тас у, зæгъгæ, ирæттæ куы фæзæгъынц, уæд мæхимæ ахæм фарст раттын:

– Адон æвзаджы сæфт цы хонынц, цымæ?

Не 'взаг нæ сæфы, зæгъгæ, чи зæгъы, уыдон ын кæнæ 'мбаргæ ницы кæнынц, кæнæ нæ, искæй зæрдæ 'лхæнгæйæ, сайгæ кæнынц. Скъолаты программæтæ æмæ ма мыхуыргæнæн фæрæзты лæхурæгмæ лæмбынæгдæр æркæсæнт, цымæ сæ зæрдæтæ нæ ныккæрзиккой. Хъуыды уырыссагау кæнæм, фысгæ та – иронау, æмæ дзы рауайы комкоммæ тæлмац – зæрдæхæццæгæнæн æмтъеры. Сывæллонæн ахæм æмтъеры куы дæттай, уæд æй куыд хъуамæ бауарза? Цæмæй де 'взаг бахъахъхъæнай, уый тыххæй хъуамæ, фыццаджы-фыццагдæр, ирон кæй дæ, уымæй сæрыстыр уай. Уыцы сæрыстырдзинад дæм куынæ уа, уæд фосæй уæлдай ницы дæ æмæ ницы бахъахъхъæндзынæ.

**Эльзæ:** Фæстаг азты нæ бæстæйы хицæутты куыд бамбæрстон, афтæмæй литературон куыст коммерцийыл нымайынц. Кæд дæ уацмыстæ истæмæн бæззынц, уæд дзы 'хцатæ кус, кæд ницæмæн бæззынц, уæд сыл дæхи ма тухæнæй мар æмæ 'фтиагджындæр куыстыл ныххæц.

**Изæтбег:** Уыцы политикæ гыццыл адæмты литературæйы ныхмæ арæзт у. Уырыссаг фыссæгæн бирæ чиныгкæсджытæ ис, æмæ лæмæгъ уацмысæй дæр æхца бакусдзæн. Ирон фыссæг цыфæнды хорз уацмыс куы ныффысса, уæддæр дзы ницы бакусдзæн, уымæн æмæ йæ чиныгкæсджытæ хæрзчысыл сты, уыдонæй дæр бирæтæн сæ бон чиныг балхæнын нæу. Уацмыс уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнынæн дæр бирæ 'хца хъæуы, йæ рауадзынæн дæр. Дæс æмæ ссæдз азы размæ Уалыты Лаврент æмæ Агънаты Гæстæнмæ фелхыскъ кæныны охыл хъазгæйæ бартхъирæн кодтон:

– Уæ ницæйаг уацмыстæн уын стыр гонорар фидынц, æмæ схъал стут. Капитализм куы ралæууид, уæд уæм æз бакæсин!

Лаврент былысчъилæй бахудти æмæ мын афтæ:

– Литературæйæн чи ницы 'мбары, уыцы хъæздгуытæй ныхджын графомантæ æхцатæ курдзысты æмæ сæ ницæйаг фыстытæ бæзджын чингуытæй уадздзысты, æцæг уацмыстæ та æнæ мыхуыргондæй лæудзысты.

Ме ‘рдхорд пехуымпар разындзæн, уый æнхъæл чи уыди? Эрнест Хемингуэй, дам, афтæ загъта:

– Зæххыл иу нæлгоймаг дæр сывæллон куы ныййарид, уæд дзы хæстæн йæ кой дæр нал уаид. Мæхæдæг æй нæ бакастæн, фæлæ дзы мæ зæрды спайда кæнын и, уымæн æмæ нæ гæныстон бæстæйы фыццаг лæджы бон бирæ у. Путин иу радзырд уæддæр куы ныффыссид, уæд фысджыты ахадындзинад хуыздæр бамбарид æмæ сæм йæ цæстæнгас аивид.

**Эльзæ:** Мæнмæ гæсгæ, дæ роман «Зынгхуыст бæллицтæ» у ‘рмæстдæр æппæлыны аккаг. Фыццаг скъуыддзæгтæ дзы «Мах дуджы» куы рацыдысты, уæдæй фæстæмæ йæ адæм кæсынц тынг æхсызгонæй. Æмæ дис кæнын, Къостайы премимæ йæ куыд нæ балæвæрдтай, ууыл. Кадмæ кæй нæ бæллыс, уый зонын, фæлæ дæ ‘хца дæр нæ хъæуы? Цæуыл худыс?

**Изæтбег:** Æрæджы ма мæ иу сылгоймаг бафарста афтæ, æмæ уымæн бахудтæн. Æрыгонæй рæуыг уыдтæн, сывæллонау алцæуыл дæр æуууæндыдтæн æмæ бæгуыдæр бæллыдтæн кадмæ, фæлæ мæ ныр нал хъæуы, уымæн æмæ цæстылуайгæ ныв у, мираж. Арв æмæ зæххы астæуæй æрттивы, йæхимæ дæ сайы, æмæ йæм цас тынгдæр тырнай, уыйас дæ дарддæр лидзы. Ирæтты ‘хсæн литературæйы гыццыл кад бакусын дæр тынг зын у, уымæн æмæ йæм æргомыздæхт не сты, стæй уацмысты тыххæй алкæмæ дæр йæхи хъуыды и, æмæ йын æй йæ сæрæй ницыхуызы ратæрдзынæ. Уымæй уæлдай ма, дыууæ ныхасы чи ныффыссы, уый дæр йæхи разагъды лæгыл банымайы. Хуымæтæджы графоманмæ дæр афтæ кæсы, цыма Хъарсы фидар басаста, иннæтæ та цыма йæ фадхъултæм дæр не схæццæ сты. Адæм телеуынæны экраны арæхдæр кæй уыной æмæ кæй ном хъусой, йæхи размæ чи тæра æмæ йæ риу тынгдæр чи хойа, стæй зынгæ бынат чи ахса æмæ стыр ныхæстæ чи кæна, уымæн æппæтæй курдиатджындæр æнхъæл сты. Ахæм уавæры хъуамæ сыгъдæгзæрдæ раст критикæ уа æмæ алкæй дæр йæ бынаты æвæра, фæлæ кæм и ахæм критикæ? Сыгъдæгзæрдæ дæр чи уа, литературæ дæр чи ‘мбара æмæ раст ныхас зæгъын дæр чи уæнда, ахæм адæймæгты дын кæм ссарон? Монографитæ кæуыл фыссынц, уый нæ уыныс? Ирон адæммæ кадджын уыдысты ‘рмæстдæр афицертæ. Аргъуыц сын кодтой канд сæхицæн нæ, фæлæ ма сæ цотæн дæр.

Фыссæг сæм кърандасæй фыст дæр нæ уыди, ныр дæр сæм бæрзонд æвæрд нæу. Стæй ма иу хъуыддаг. Нæ бæстæйы ‘вдай

азы дæргъы чиныгкæсджытæн лæвæрдтой рæсугъд лакæй ахуырст æрдæгрæстдзинад. Адæм æй сæ мады ‘хсырау бауарзтой, æмæ сæ карз æцæгдзинад хъæугæ дæр нал кæны. Цард, дам, йæхæдæг дæр тызмæг куы у, уæд, дам, ма йæ литературæйы та тызмæгæй цæмæн уынæм?

Къостайæн йæ амонд у, æмæ, йæ преми кæмæнты лæвæрд цæуы, уый нæ уыны, æндæр фырмæстæй йæ ингæны къултæ фæйнæрдæм атонид. Кæддæр Гаппойы æмдзæвгæты ‘мбырдгонд «Гæлæбу»-йы тыххæй афтæ фыста: «Лучше ещё сто лет на осетинском языке ничего не издавать, чем издавать такую галиматью». Искуы иу хаттæй фæстæмæ йын йæ преми раттынц ахæм «галиматья»-йæн.

Æхца кæй нæ хъæуы, ахæмтæ бирæ нæй. Æз дæр сæ ницæмæй хицæн кæнын. Материалон æххуыс мæ куы бахъæуа, уæд, кæдæм æмбæлы, уырдæм курдиат дæр бадæтдзынæн, фæлæ мæнæ диссаджы хорз уацмыс ныффыстон, æмæ мын Къостайы преми раттут, зæгъгæ, разгъор-базгъор кæнгæйæ стыхс æмæ дæ хид дæ къæхты бынæй акал. Нæ, фæлтау мæ ницы хъæуы. Адæймаг йæ уацмыс хъуамæ къамисæн йæхæдæг ма хъара, фæлæ йæм æй, хорз æмæ ‘взæр кæрæдзийæ чи иртасы, автор кæй хæстæг у æмæ цы бынат ахсы, уымæ чи нæ кæсы, ахæм сæрибар лæгтæ дæттой, хъæлæс та йыл хъуамæ кæной, йæ бон уацмыс бакæсын кæмæн у, Къостайы литературон традицитæ чи зоны æмæ сæ æцæгæй чи хынцы, стæй ирон æвзаг æмæ литературæ зынаргъ кæмæн сты, ахæм адæм.

**Эльзæ:** Иугæр нæм критикæ нæй, æцæгдзинад зæгъынæй та тæрсгæ кæнæ ‘фсæрмы кæнæм, уæд фысджытæ фылдæрæйфылдæр кæй кæнынц, уый куыд æмбаргæ у? Уыимæ адæмон фысджытæй æмпæр-пæр кæнæм. Уый дæм диссаг нæ кæсы?

**Изæтбег:** Рауагъдады куы куыстон, уæд мæм иу драматург сагъуыди. Йæ пьесæтæй нæм иу уæддæр куы рацыдаид, уый йæ фæндыди. Æз йæ ныхмæ нæ уыдтæн, фæлæ йын дзы мæ бон равзарын ницы уыди. Йæ хъæйтартæ се ‘рдзон уагыл нæ архайдтой, фæлæ йæхи куыд фæндыди, афтæ. Уый та у, курдиат кæмæ нæй, ахæм авторы миниуæг. Дзæвгар рæстæг кæрæдзи удхарæй фæмардтам, стæй æз æндæр куыстмæ ацыдтæн, æмæ уый йæ пьесæтæ стыр чингуытæй уадзын райдыдта. Иуафон газет «Северная Осетия» рафæлдæхтон æмæ йын дзы йæ къам ауыдтон. Ай та ардæм кæцæй æрбахаудта, зæгъгæ, сцымыдис дæн. Цæгат

Ирыстоны адæмон фыссæгæй агæпп ласта æмæ, драмон уацмыстæ куыд фыссын хъæуы, уый кæстæртæн амонын райдыдта. Хуыцауæй дæ бауырнæд, комкоммæ йæм кастæн, фæлæ мæ цæстытыл не 'ууæндыдтæн.

Айфыццаг Фысджыты цæдисмæ бафтыдтæн. Уæд ма дзы сæрдары хæдивæг ме 'рдхорд уыди. Салам ын радтон æмæ йæ акомкоммæ 'рбадтæн. Уый мæм фысджыты номхыгъд æвдисы æмæ мæ иуцалдæр адæймагæй фæрсы:

– Мæнæ адон чи сты, уый зоныс?

Æз сæм æркастæн æмæ «нагъ», зæгъгæ, мæ сæр батылдтон.

– Æз дæр сæ нæ зонын. Цæдисмæ сæ чи райста, уый дæр нæ зонын. Литературæмæ ницы бар дарынц, афтæмæй...

Уайтагъд йæ куыстæй куы ацыди, уæд мæм диссаг нæ фæкасти, стæй фæстаг рæстæджы бирæ хъуыддæгтыл дис дæр нал кæнын. Буар куы слæмæгъ вæййы, уæд ыл алы низ дæр тых кæны...

**Эльзæ:** Дæумæ гæсгæ, нæ бæстæ демократондæр кæд уыди? Раздæр æви ныр?

**Изæтбег:** Уæд дæр дзы демократи нæ уыди, ныр дæр дзы нæй. Бердзенæгтæ уыцы дзырдæй пайда кæнын куы райдыдтой, уæдæй абонмæ хицæуттæн сæ чъизи митæ 'мбæрзæн у, æндæр – ницы. Студент уæвгæйæ, историктæ æмæ философтæм æргом фæрстытæ кæй лæвæрдтон, уый тыххæй мæ ректор тæрынмæ хъавыди. Æмæ ныр университеты иувæрсты куы фæцæйцæуын æмæ йын къулыл йæ сурæт куы ауынын, уæд та йæ дæрзæг хъæлæс мæ хъусты ныййазæлы æмæ мын ме уæнджы цыдæр тас бауадзы:

– Нæ бæстæйы цы демократи ис, уый дæ зæрдæмæ нæ цæуы?! Кæд демократи махмæ нæй, уæд ма кæмæ и?! Америчы Иугонд Штатты, æви иннæ капиталистон бæстæты?! Иу хатт ма мæм дæу тыххæй хъаст куы 'рбацæуа, уæд ардыгæй фæхаудзынæ æмæ уынджы лекка кæндзынæ!

Ныр та – бынтон бынсæфт. Куыдз мигъмæ куы рæйа, уыйау дзæнгæда цæгъд – хъуыды дæр дæ ничи 'ркæндзæн. Уæллæгтæй исчи цавæрфæнды фыдракæнд куы саразы, уæддæр не стыр хицау афтæ фæзæгъы «Сейчас не 37-ой год» кæнæ «Я в этом криминала не вижу». Дæллæгтæй исчи куы фæкæлы, уæд йæ хъуыддаджы стыр криминал разыны, æмæ йыл 37-æм азы фыдæх бафты.

Æнахуыр бæстæйы цæрæм. Хъазайраг цардарæзт дæр, феодализм дæр, капитализм дæр æмæ дзы социализм дæр нæ

фæрæстмæ сты, базарадон экономикæ дæр дзы нæ рæстмæ кæны. Уый та циу, уый – базарадон экономикæ? Раздæр нæ бæстæйы сæудæджергæнæг æппæтæй æгаддæр уыди, ныр та дзы æппæтæй кадджындæр у. Нæ экономикæ уый æккойы æвæрд æрцыди, æмæ нæ хынджылæг кæны, куыддæриддæр æй фæнды, афтæ.

Партитæй чи цал хъæлæсы райсдзæн, уый-иу æвзæрстыты агъоммæ мыхуыры куы фæзынди, æмæ-иу уый фæстæ процентты уыдоны хуызæн куы рауадысты, уæд-иу æз дисы бафтыдтæн, эксперттæ адæмы хъуыдытæ куыд хорз ахсынц, зæгъгæ. Фæстæдæр æй куыд бамбæрстон, афтæмæй уый у хуымæтæджы цæстфæлдахæн ми. Хицауад регионтæм арвиты мæнæ ахæм бардзырд: мах уын цы бæрæггæнæнтæ дæттæм, уыдонæй иуварс куы ахизат, уæд уæ бынæттæй фæхаудзыстут! Æмæ сæ алчидæр йæ къæлæтджын хъахъхъæны. Хицауы бынат æмæ æнæнымæц æхцатæ тынг адджын сты, фæхицæн уæвын дзы никæй фæнды æмæ коммæ кæсынц. Регионты сæ бын куы фесафынц, уæд нæ сæйраг горæты стырдæр бынæттæ 'рцахсынц. Фамусовы загъдау: «Как не порадеть родному человечку». Афтæмæй цавæр демократийыл и дзурæн?

Не стырдæр бæллæх цæй мидæг и, уый Лермонтов тынг раст загъта. Нæ бæстæ раджы дæр уыди æмæ ныр дæр у «страна рабов, страна господ». Уый цардарæзтæй нæ цæуы, фæлæ адæмы миддунейæ. Фыццаджы бынат цæхæрадоны тæрсынгæнæн быдыргъ куы 'рцахса, уæддæр æм цагъайрæгтæ Хуыцаумæ кувæгау кувдзысты, гени дзы сараздзысты, йæхимæ стыр лæг æркæсдзæн æмæ иунæгæй милуанты хъысмæтлыггæнæг суыдзæн. Нæ хицæуттæ сæ къæлæтджынты куы 'рфидар вæййынц, уæд никæмæуал фæхъусынц, сæ хъахъхъæнджыты фæрцы никæмæйуал фæтæрсынц, æмæ дзы чи бæстæ мæгуыры бынатмæ 'ртæры, чи йæ бынтон фехалы, чи та танктæй хицауады хæдзар æхсыныл балæууы. Цæмæй адæм сæ бартыл тох кæнын фæразой, уый тыххæй хъуамæ цагъайраджы зондахастæй суæгъд уой æмæ хуымæтæг фæлитойтæй сæхицæн «куырыхон фæтæгтæ» мауал аразой.

**Эльзæ:** Дæ уацмысты хъæйтартæ экономикон зын уавæрты арæх бахауынц, æмæ ма мын æххæст уый тыххæй дæр дæ хъуыды куы зæгъис.

**Изæтбег:** Университеты ахуыр кæнгæйæ, фондз азы дæргъы 'рмæстдæр иу «æртæ» райстон.

**Эльзæ:** Цæмæй?

**Изæтбег:** Капитализмы экономикæйæ.

**Эльзæ:** Ахæм зын предмет уыди?

**Изæтбег:** Зын нæ уыди, фæлæ нын æрыгон ахуыргæнæг чиныгæй цыдæр терминтæ касти, æмæ дзы ницы бамбæрстон. Ныр та йын æппындæр ницыуал æмбарын. Мыздыл азæй-азмæ куы ницы 'фты, газ, бензин, электрон тых, дон, хойрæгтæ æмæ дзаумæттæ хæрзхъæддæр куынæ кæнынц, машинæты цæугæйæ мын хуыздæр уавæртæ куынæ аразынц, уæд се 'ргътæ хæрдмæ цæмæн тæхынц? Нæ бæстæйы бирæ хъуыддæгтæн æхца куынæ и, уæд давд миллиардтæ фæсарæнтæм ласын цæмæн уадзынц? Æрдзон хæзнатæ махæй фылдæр куы никæмæ ис, уæд нæ адæмæн сæ фылдæр мæгуыргуры бынаты цæмæн сты? Иннæ адæмты дæр ма газæй мах куы 'фсадæм, уæд нæхимæ афтæ зынаргъ цæмæн у? Йе сæфт дæ чи уыны æмæ дын дæ мæлæтмæ чи бæллы, уыцы паддзахады афтид гæххæттын æхцайыл, нефтыл æмæ газыл егъау бæстæйы экономикæ æрцауындзæн куыд и?

Нæ сæрыл бирæ губернатортæ, министртæ, мэртæ æмæ администратортæ цæмæн сæвæрдтам? Цæмæй нын нæ мулк сæ рæбынтæм ссивой æмæ сæхицæн галуантæ, рестотрантæ æмæ дуканитæ аразой, уый тыххæй? Культурæ нæ рæзы, промышленность йæ мидбынаты цоппай кæны, хъæууон хæдзарад сæфты бынатмæ цæуы, базарады цæвæг марæджы не 'мбары, фыдракæндтæ æмæ фæндаггон бæллæхтæ нæ къаддæр кæнынц. Иууылдæр бæхы мардмæ лæбурынц æмæ дзы, чи куыд æдзæсгомдæр у, афтæ стырдæр хай рæдувы. Æнахуыр закъæттæ нæм æрфидар и. Æхцатæ дæттынц куыстуаты хицаумæ. Уый дзы йæхицæн исы, цас æй хъæуы, уыйас, кæй уарзы, уыдонæн дзы хай кæны, куыд æй фæнды, афтæ, бынæй цы лыстæг сырдтæ и, уыдонæн та – чи ма дзы аззайы, уыцы зыгуымы муртæ. Нæ уæлдæр скъолатæй, дам, иуы ректор дыууæсæдæ фæндзай мины исы, ахуыргæнджытæ та – дæсгай минтæ. Дæ республикæйы кæркдон куы аразай, уæддæр хъуамæ мæскуыйаг чиновниктæн сæдæгай минтæ гæртам раттай. Æмæ, дам, коррупцийы ныхмæ тох кæнæм...

Бынтон диссаг та мæм кæсы, нæ рынчын сывæллæтты сдзæбæх кæнынæн телеуынæны амонджытæ адæмæй капеччытæ кæй курынц, уый. Уыцы сывæллæттæ паддзахады æххæстбарджын хъæбултæ сты æмæ сæ паддзахад хъуамæ йæхи хардзæй дзæбæх

кӕна. Ӕхцайы бын чи фӕци, уыдонӕн ма бонусты ӕмӕ премиты хуызы милуантӕ дӕттын цӕмӕн хъӕуы? Фӕлтау дзы, лӕджы зӕрдӕ кӕй тӕригъӕдӕй скъуыны, уыцы мӕгуыр сахъат сывӕллӕттӕй иуы уӕддӕр фервӕзын кӕ…

Нӕ фӕлдурӕдждджын царды бирӕ цыдӕртӕ не 'мбарын, фӕлӕ иу хъуыддагыл дызӕрдыг нӕ кӕнын – ахуыргӕнджыты, дохтырты, культурӕйы кусджыты ӕмӕ пенсиисджыты къӕбиц афтид куы уа ӕмӕ сӕ фӕстаг капеччытӕ зыр-зыргӕнгӕйӕ куы нымайой, уӕд сӕ бӕстӕйы политикӕ ӕмӕ экономикӕ заууаты бынаты сты ӕмӕ сӕ баивын хъӕуы. Фӕлӕ сӕ чи хъуамӕ баива? Йӕ бон сӕ баивын кӕмӕн у, уыдоны фӕндгӕ нӕ кӕны, кӕй фӕнды, уыдонӕн та сӕ бон ницы у.

**Эльзӕ:** Разӕй нӕм цы 'нхъӕлмӕ кӕсы уӕдӕ?

**Изӕтбег:** Хорзӕй ницы. Ахуырмӕ дӕр зонгӕйы фӕрцы цӕуӕм, куыстмӕ дӕр зонгӕйы фӕрцы цӕуӕм. Тагъд уӕлдӕф дӕр зонгӕйы фӕрцы улӕфын райдайдзыстӕм. Иугӕр ӕз фӕлмӕн къӕлӕтджыныл фӕхӕст дӕн, уӕд хъуамӕ мӕ алыварс мӕ хӕстӕджыты, мӕ хӕлӕртты ӕмӕ уыдоны 'фсымӕрты ӕмӕ хоты ӕрӕмбырд кӕнон. Искӕй хорзы бӕсты – нӕхи 'взӕр. Нӕ иу хицау нын ӕй комкоммӕ куы загъта: «Я высокому профессионализму предпочитаю личную преданность». Зондджын кусӕджы бӕсты дӕ фарсмӕ коммӕгӕс ӕдылыйы сӕвӕр, ӕнувыд дыл кӕй у, ӕрмӕстдӕр уый тыххӕй! Ахӕм зондимӕ цавӕр цард саразӕн ис? Хъӕздгуытӕ хъӕздыгдӕр кӕндзысты, мӕгуыртӕ – мӕгуырдӕр. Цомахъы загъдау, адӕм цагъайраджы цардӕй куы стыхсой, уӕд та хъуыддаг революцимӕ 'рцӕудзӕн.

**Эльзӕ:** Фӕстаг азты нӕ хицӕуттӕ ӕмӕ сӕ фӕсдзӕуинтӕй арӕх хъусӕм: «Ӕгъгъӕд фӕуӕд революцитӕн!» Ды та куыд хъуыды кӕныс уый тыххӕй? «Революцию подготавливают гении, совершают её фанатики, а плодами её пользуются подонки». Ацы ныхӕстӕ раст не сты?

**Изӕтбег:** Тынг раст кӕй сты, уый дӕсгай азты дӕргъы нӕхи цӕстытӕй уыдтам.

**Эльзӕ:** Ды юрист дӕр нӕ дӕ, барадхъахъхъӕнӕг дӕр, фӕлӕ дӕ райгуырӕн хъӕу пысылмон у, ӕмӕ мӕ базонын фӕнды иу хъуыддаг. Уе 'мдин адӕм терактты кӕй аразынц, уымӕ цавӕр цӕстӕй кӕсыс?

**Изӕтбег:** Ӕз иу диныл хӕст дӕр нӕ дӕн, фӕлӕ мӕ дисы 'фтауы, чырыстон адӕм терактты иууылдӕр пысылмон динимӕ

кæй бæттынц, уый. Хæстæндзарджытæ Наполеон æмæ Гитлер дæр пысылмон уыдысты? Уæрæсейы паддзахы æмæ Америкæйы президенты марджытæ дæр пысылмон уыдысты?

Террористтæ цы зондæй архайынц, ууыл æз арæх фæхъуыды кæнын æмæ сæ не 'мбарын. Исты хъуыддаг куы аразай, уæд дæ размæ хъуамæ бæлвырд нысан сæвæрай. Терроræн та цы нысан и? Зæгъæм, Кеннеди æмæ Раджив Гандийы марджытæ сæ размæ цы хæс сæвæрдтой, уый бæрæг у. Сæ бæстæты сæргълæуджытæ уой, уый кæйдæрты нæ фæндыди æмæ сæ айстой. Фæлæ 1999 азы мæ хæрæфырты, ме 'мхъæуккаджы æмæ мæ хæлар поэты усы та базары цæй тыххæй срæмыгътой? Уыцы æртæ мæгуыр сылгоймаджы æмæ сæ Бесланы сывæллæттæ та цы бахъыгдардтой? Фыдгæнджытæ сæ ракттæй цы равдыстой? Арф хъуыдытыл дзы кæй бафтыдтой? Хицæутты? Куыннæ стæй! Фырæфсæрмæй дзы чи кæм схид и? Адæмы 'хсæн сæхи хъыгзæрдæйæ равдыстой, стæй сæ хъæздыг хæдзæрттæм ацыдысты æмæ дзаджджын фынгтыл æрбадтысты. Иуы зæрдæ дæр дзы нæ сæнкъуысти. Иуæн дæр дзы йæ царды уавæртæ нæ февзæрдæр сты. Иу дæр дзы масты хай нæ баци. Терактты мæгуыр адæмæй цасфæнды куы фæцагъды уа, уæддæр хицæуттæм сæ рис нæ бахъардзæн. Уæдæ цæй тыххæй арæзт цæуынц?

Теракттæ кæйдæр хъæуынц æмæ адæмы уымæн джыбы-джыбы кæнынц. Теракт у адæймагæн йæ лæмæгъдзинады бæрæггæнæн. Къуыммæ йæ куы батæрай, æмæ йæ бон куы ницыуал уа, уæд цынæ бакæндзæн, ахæм нæй. Уымæ гæсгæ, теракттæн сæ сæйрагдæр аххос пысылмон дин нæу, фæлæ домбай бæстæты æнæсæр сæргълæуджыты маргхæссæг политикæ. Хъуыддаг дæ кæм нæй, уырдæм дæ фындз ма тъысс. Адæмты кæрæдзиуыл ма ардау. Алкæй дæр йæхи бар уадз æмæ йæ цард йæхæдæг араза, йæ фыдæлтæ йын цы закъæттæ ныууагътой, уыдоныл æнцайгæйæ. Дæхицæй æппæт хъуыддæгтæ лыггæнæг ма кæ æмæ йын дæ хæцæнгæрзты фæрцы дæ «зонд» йæ сæры тыххæй ма тъысс.

**Эльзæ:** Уæддæр дæ зæрдæ ницæмæй барухс вæййы? Ницы цæуы дæ зæрдæмæ?

**Изæтбег:** Бæгуыдæр цæуы. Дыууæ мины æстæм азы нæ хуссайраг æфсымæртæ Гуырдзыйы къæлæтæй куы суæгъд сты, уæд тынг бацин кодтон. Иууылдæр Советон Цæдисы куы уыдыстæм, уæд уыцы хъуыддаг æнцон саразæн уыди, фæлæ никæй бафæндыди. Германи баиу кодтой, фæлæ сæ Ирыстон баиу кæнын нæ

бафæндыди. Уымæ гæсгæ, нæ хицæуттæй тынг фæбузныг дæн. Адæм дзы куынæ фæмард уыдаиккой бæргæ, фæлæ уый стыр политикæ у, стыр политикæ та денджызы ленкгæнæг их-хохы хуызæн у – йæ фылдæр хай бынæй ис æмæ хуымæтæг адæймагмæ нæ зыны... Дыккаг хорздзинад та мæм кæсы, фæстаг азты сылгоймæгтæ сывæллæттæ арын кæй райдыдтой, уый.

**Эльзæ:** Ногæй та уыцы «фæлæ...»?

**Изæтбег:** Доны ʻртæхтæ тæвд къæйыл куыд айсысой, ныййарджытæн цы ʻхцатæ дæттынц, уыдон дæр афтæ айсысдзысты, æмæ дарддæр та? Уыцы сабитæ цы фæуыдзысты? Фæсивæд цы уавæры сты, уый нæ уыныс? Мæ хæстæджытæ, мæ зонгæтæ æмæ мæ сыхæгтæ искуы иуæй фæстæмæ иууылдæр сæ хæдзæртты бадынц, кæнæ уынгты æнæсæрфат цоппай кæнынц æмæ арвæй сызгъæринтæ ʻрхауынмæ ʻнхъæлмæ кæсынц. Чызджытæй йæ сæрæн чи у, уыдон фæсарæнтæм цæуынц æмæ зæронд рынчын устытæм зилынц, сæ пенситæй сын хорз мыздтæ исынц, æмæ дзы сæ бинонты дарынц. О, о, сæ пенситæй хорз мыздтæ! Нæ бæстæйæн ма уымæй худинагдæр цы уа! Хуымæтæджы рынчынмæкæсæг дæ дæсны дохтырæй фылдæр исæд фæсарæнты! Гъа, Германи, Швейцари æмæ Сæудаг Аравийы кой нал кæнын, фæлæ та Испани дæр махæй хъæздыгдæр у?

Æрыгон домбай куыстхъом лæппуйы уæлдæр скъолайы дипломимæ кашолкæйы хæррæгъау уынгмæ куы рарæцугъай, уæд цы хъуамæ фæуа? Кæнæ давыныл фæцалх уыдзæн, кæнæ хъылма дымдзæн, кæнæ арахъхъ нуаздзæн. Фæстаг азты чи рахъомыл и, уыдонæй манкурттæ сарæзтой, æмæ сæ æппындæр ницыуал хъæуы. Кæд уыцы хъуыддаг барæй конд нæу, уæд ын куыд бамбарæн и? Иу чындзæн йæ къаба дыууадæс милуаны аргъ у, иннæ чызджытæм та чындзæхсæв скæныны фаг дæр нæй æмæ лæппуты фæдыл æгадхуызæй лидзынц, кæнæ сæхимæ бадынц æмæ сагъæс кæнынц. Куыд дæм кæсы, цалынмæ ныры сабитæ хъомыл кæной, уæдмæ сæ кæуинаг уавæр фæхуыздæр уыдзæн?

**Эльзæ:** Фæллойаг у.

**Изæтбег:** Æз дæр ууыл хъæрзын уæдæ. Искæй сывæллæттæ дæр куыд адджын сты, уый диссаг у. Уыдонмæ кæсгæйæ мæм цæрын æрцæуы, фæлæ сын сæ фидæныл куы ахъуыды кæнын, уæд мæ зæрдæ ныккæрзы. Алцыдæр туджы аргъ куы сси, цард æвзæрæй-æвзæрдæр куы кæны, æмæ лæг йæхи ауындзынмæ куы ʻрцæуы, уæд уыдон цы фæуыдзысты? Цагъайрæгтæ суыдзы-

сты ӕмӕ бонджынты къӕхты бын удхар кӕндзысты, ӕндӕр цы.

Ноггуырд сабиты 'лхӕнын нӕ хъӕуы, фӕлӕ сын сӕ ныййарджытӕн хорз фадӕттӕ аразын хъӕуы, цӕмӕй сывӕллӕттӕ сӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн арой, раст фӕндагыл сӕ ӕвӕрой ӕмӕ сын сӕ фидӕныл ма сагъӕс кӕной. Мах рынчын бӕласӕн йӕ уидӕгтӕ нӕ дзӕбӕх кӕнӕм, фӕлӕ – йӕ сыфтӕртӕ. Кӕд дӕ дӕ бӕстӕйы адӕмӕн исты хорздзинад фӕуын фӕнды, уӕд хъуамӕ дӕ фындзы бынӕй дарддӕр уынай ӕмӕ сӕ бон дыууӕ цармы ма стигъай. Брежневы рӕстӕгӕй мӕ зӕрдыл иу анекдот бадардтон ӕмӕ дын йӕ фӕстаг хъуыдыйад зӕгъон.

– Леонид Ильич, ауындзгӕ нӕ кӕй кӕныс, уый зонӕм ӕмӕ демӕ разы стӕм, фӕлӕ иу хъуыддаг не 'мбарӕм, ауындзӕн бӕндӕнтӕ нын дӕхӕдӕг ратдзынӕ, ӕви сӕ немӕ ӕрбахӕссӕм?

Мӕнмӕ гӕсгӕ, уыцы ныхӕстӕ уӕды рӕстӕгӕй абонмӕ тынгдӕр хауынц. Нӕ хъӕздыг бӕстӕйы алы цардарӕзты дӕр фӕллойгӕнӕг адӕмы цай ӕмӕ хус къӕбӕрыл цӕмӕ сбадын кӕнынц, уый мӕм диссаг кӕсы. Уымӕй диссагдӕр та мӕм кӕсы, уыцы адӕммӕ ныфс ӕмӕ хиуарзондзинад ӕппындӕр куыд нӕ ис, уый.

**Эльзӕ:** Цӕмӕй нӕ ныхас уыцы зӕрдӕсӕттӕн ныхӕстӕй ма фӕуа, уый тыххӕй ма дӕм мӕ зӕрды ахӕм фарст раттын и. Исты уацмысыл ма кусыс?

**Изӕтбег:** Нагъ. Ницытӕ ӕмӕ мацытыл фыдӕбонгӕнгӕйӕ, къӕбӕрамал бирӕ фӕкодтон ӕмӕ бафӕлладтӕн. Къуыбырыл хӕрдмӕ цӕугӕйӕ, уӕрдоныл сыдзылбӕттӕн куы бафтауай, уымӕй уӕлдай нӕ бӕстӕйы фыссӕг ницӕмӕн хъӕуы, фӕлӕ йын уӕддӕр йӕ уацмыстыл кусынӕн хъуамӕ фылдӕр рӕстӕг уа ӕмӕ дзы йӕхи дарын фӕраза. Къоста, Секъа, Арсен, Елбыздыхъо ӕмӕ иннӕтӕ сӕ сыгъдӕг фӕллойӕ сӕ гуыбынтӕ никуы бафсӕстой, ныры фысджытӕ дӕр хуыздӕр уавӕры не сты. «Мах дуг» ӕмӕ чиныгуадзӕн «Ир» куы сӕхгӕной, уӕд та бынтон зауыаты бынатмӕ 'рцӕудзысты. Мӕ радзырдтӕй мӕ фӕстӕ ныууадзынмӕ кӕй хъавын, уыдон равзӕрстон, рауагъдадмӕ сӕ бахастон, ӕмӕ ныр цалдӕр азы уым лӕзӕрынц. Айфыццаг мын сӕйраг редактор афтӕ:

– Мӕ цӕсгом дӕм кӕсын дӕр нал хъӕцы, фӕлӕ дын мӕ бон ницы у: ӕхца нӕм нӕй...

Уый хурхгонд рауагъдад у, уӕдӕ циу?

**Эльзӕ:** Дӕ къамтӕ ӕрӕвӕрдтай, уӕдӕ? Ницыуал бӕллиц дӕм ис?

**Изæтбег:** Иу бæллиц ма мæм ис, фæлæ мæ къухы нæ бафтдзæн, æмæ йæ хъæрæй цы дзурон? Уæддæр, æхца йеддæмæ чи ницыуал уыны, уыдонæй никæмæ бахъардзæн.

**Эльзæ:** Мæнæн æй сусæгæй зæгъ. Цавæр у?

**Изæтбег:** Фыссыныл чи ‘рбады, уый æрмæст йæ хъайтартыл нæ фæхъуыды кæны, фæлæ йæ чиныгкæсджытыл дæр. Фæфæнды йæ, цæмæй йын йæ уацмыстæ йæ амæлæты фæстæ дæр кæсой æмæ, цы дуджы царди, уый хуыздæр зоной. Æз фæндзай азы уæхскуæзæй кæуыл фæкуыстон, уыдоны æнæсайдæй æвдыстон, цы цард уыдтон, уый. Фæстаг дыууæ азы сæ ногæй средакци кодтон æмæ дзы бирæ цыдæртæ аивтон. Ныр куыд сты, афтæмæй сæ фондз томæй куы рауадзин æмæ сæ библиотекæтæн куы балæвар кæнин, уæд мæ адæмы раз мæ хæсæн йæ кæцыдæр хай æххæстгондыл банымаин.

**Эльзæ:** Бантысæд дын.

**Изæтбег:** Бузныг.

# ТЪЕХТЫ ВАЛЕНТИН: 75 АЗЫ



*Дыууæ ныхасы нæ юбиляры тыххæй. Райгуырди Гуырдзыстоны. Се скъолайы ирон æвзагæн йæ кой дæр нæ уыд. Валентин æй йæхи хъæппæрисæй афтæ сахуыр кодта, æмæ ма йыл аивадон уацмыстæ фыссын дæр райдыдта.*

*Йе сфæлдыстады рæгъмæ хæссинагдæр миниуджытæ сты дзырдæн аккаг аргъ кæнын, æнкъарæнты æцæгдзинад æмæ æнæхин уды тырнæнтæ.*

*ТЪЕХТЫ Валентин*

## ЦÆСТЫСЫДЖЫ ÆРТÆХТÆ

*Новеллæ*

Хуыссы диваныл уæлгоммæ Иртаг. Йæ цæстытыл хицæн нывгай уайы йæ ивгъуыд цард. Цард цард у, кæм дзы къуыппытæ вæййы, кæм – дзыхъхъытæ, кæм та фынгау æмлæгъз дæр ахæссы.

Иу хъуыддаджы æргом разы у йæхицæй – йæ азтæн се ‘рдæг кæй аппæрста йе ‘ккойæ, уымæй. Уый кæсгæ бакодта иуахæмы – адæймаг, дам, афтæ æмæ уфтæ куы куса йæхиуыл, уæд йæ буары мидахаст февзонгдæр кæны. Æмæ йæ зæрдæ дæр уымæй рухс у, уымæй!

Æнæуи та йе ‘вдай фондз азы боныл дæр зыбыты иунæгæй сæмбæлд. Фæхъавы бинонты кой бакæнынмæ, ныфс дзы бацæуы, фæлæ та æнæнхъæлæджы ныддæлæ-уæлæ кæны цард, æмæ та иунæгæй аззайы.

Уæвгæ та хъуыстгонд лæг у Иртаг, хъуыст та уымæй у, æмæ рæстуд адæмы сæрыл йæхи кæй хæры... Æмæ йын районы

газеты дæр сфæнд кодтой йæ царды хабæрттæ мыхуыры рауадзын.

Æвæндонæй сæ фæфыста йæ мысинæгтæ, æрцæттæ сæ кодта. Ныр æнхъæлмæ кæсы редакцийы дзæнгæрæгмæ. Мæнæ скуыста йæ телефон. Иртаг хætæл систа.

– Дæ бон хорз! – дзуры йæм чидæр.

– Арфæгонд у.

– Цæттæ сты дæ мысинæгтæ?

– Сты.

– Уæдæ нæм сæ, табуафси, фæхæццæ кæн.

– Хорз, фæцæуын уæм.

Фестад диванæй, йæ риуы дзыппы нывæрдта йæ къам, йæ сæрмагонд æвдисæндар, 35-аздзыдæй фыст кæм у, уый, стæй, иунæгæй куыд æмæ цæмæн баззад, уыдон кæм фæфыста, уыцы гæххæттытæ æмæ араст редакцимæ.

Раст стыр хидыл йæ комкоммæ саг-сæгуытау сиргæ æрбацæйцыд чызг. Иртагмæ йæ фыццаг уарзоны хуызæн фæкаст. Чызг æм йæ мидбылты уæздан худт бакодта æмæ йæ иувæрсты ахызт. Иртаг дæр йæ цыды кой кодта, æрмæст-иу хаттæн бар-æнæбары йæ фæдыл разылд. Иуахæмы йæ хъустыл ауад чызджы удаист хъæр.

Иртаг фæстæмæ фæкаст æмæ ауыдта: дыууæ лæппуйы чызгыл ныххæцыдысты æмæ йæ рог машинæйы тыххæй тъыссынц. Сæ уæлхъус февзæрд, тыхгæнджытыл йæхи андзæрста. Иуæн дыууæ æфсад у, фæзæгъынц, æмæ кæд чызг аирвæзти, уæддæр иргъæвæг дæргъæй баззади асфальтыл. Йæ сæры туг лæсæнтæ кодта. Уæдмæ чидæр адзырдта тагъд æххуысы машинæмæ, дохтыртæ йæм æрбахæццæ сты.

Хуыссы Иртаг рынчындоны. Цыппæрæм бон йæ зонд йæхимæ нæма 'рцыд, цæстæй нæма ракаст, хъусæй нæ хъусы, дзыхæй нæ дзуры.

Чызг йæ уæлхъус бады. Æртæ боны æмæ æртæ 'хсæвы хуыссæджы цъыртт нæ федта, æрмæст-иу гыццыл арæдзæ-мæдзæ кодта... Стæй уыцы гæххæттытæ, уыцы, – Иртаг редакцимæ кæй фæцæйхаста, уыдон!

Чызг сæ раздæр кæсинаг нæ уыди – аив нæу искæй къухфыстытæ кæсын, ай-гъайдæр, фæлæ йыл йæ цымыдис фæтых, æмæ йæ бон ницуал баци.

«...Цыппæрдæс азы мыл сæххæст, афтæ Изæимæ нæ цæстытæ

кæрæдзиуыл æрхæцыдысты. Æз ын зæгъын ницы бауæндыдтæн, фæлæ йæм фыстæг ныффыстон, хъуамæ йæм æй радтаин. Скъоламæ куы фæцæйцыдыстæм, уæд мын æй мæ дзыппæй нæ сыхæгты лæппу Парел фелвæста. Уый мæнæй бирæ хистæр уыд. Изæры йæ, гадза усау, чырчыргæнгæ лæппулæгтæн хъæрæй бакасти. Уыдонæй чи худгæ кодта, чи та сæ мæсты кодта Парелмæ. Мæнæн фырæфсæрмæй мæ цæсгом арт уагъта, мæ зæрдæ мæстæй тыдта.

Уыцы бонæй фæстæмæ Изæмæ æввахс нал æрлæууыдтæн...

Парелæн мæ тæригъæд нæ батад. Йæ иунæг фырт фæмард и, йæ ус дæр амарди, йæхицæн та йæ иу цæст систой, æмæ ныр иунæгæй хæры йæ хъиутæ.

Æвддæс азы мыл куы сæххæст, уæд Тамрийы бауарзтон. Уый тынг рæсугъд чызг уыди. Куы-иу рацæйцыд, уæд-иу хуры рухс йемæ рацæйхаста. Фæлæ йæ ‘ндæр чидæр уарзта, мæнæй хистæр чи уыд, адæмы ‘хсæн нымад чи уыд, ахæм, æмæ мæ уарзт мæ зæрдæйы ныххурх кодтон.

35 азы мыл куы сæххæст, уæд, æстдæс азы кæуыл цыд, уыцы Натайы судзгæ уарзтæй бауарзтон. Уымæй та мæ мæ хо фенæхай кодта. Уынгæ дæр æй никуы фæкодта, афтæмæй мæ фæсайдта, нæ, дам, разы кæны, æмæ, дам, дæхи ма худинаг кæн. Цæмæн афтæ бакодта мæ хо – нæ зонын».

Касти сæ чызг, ферох дзы ис, искæй фыстытæ кæсын кæй не ‘мбæлы, уый. Ферох дзы и, кæм ис æмæ цы ми кæны, уый дæр.

Иуварсæй кæсгæйæ уадиссагæй ницы уыди фыстыты, фæлæ дзы чызг уыдта æргом зæрдæ, æргом ныхас, æргом уды сагъæс. Æмæ йæм бахъардтой. Афтæ йæм бахъардтой, æмæ йæм хуыссæг уыйадыл æмгæрæтты нал цыди.

Сæрæндæр хъуаг æм касти Иртаг, æндæр уæдæ – акæс, æмæ та гыццыл ницæй тыххæй дæр фæхицæн чызгæй. Фæлæ уый дæр, йæ зæрдæ сыгъдæг кæй у, раст ууыл дзурæг уыди. Æмæ чызг хъуыды кодта: ацы дунейы рухс ахæм сыгъдæг зæрдæтыл лæууы. Ахæм сыгъдæгзæрдæ адæм дзы нæй, зæгъгæ, уæд раджы ныххуыссыдаид дунейы рухс.

Чызг гæххæттытæ иуварс авæрдта æмæ йæ армытъæпæнтæ Иртаджы уæхсчытыл æрхаста, афтæмæй йæм дзуры, цыма йæхицæн дзырдта, уый хуызæн:

– Уый æз дæн, æз, ды кæмæ цыдтæ бирæ азты дæргъы, уыцы чызг æз дæн. Æмæ-иу иннæ чызджытæй дæр уымæн фæхицæн дæ, цæмæй... Хуыцау нæ кæрæдзийæн саккаг кодта. Уарзтæй та

æрæджиау нæ вæййы. Ды хъуамæ адзæбæх уай æмæ цæрай, хъуамæ мæн тыххæй цæрай, æз нырæй фæстæмæ дæу тыххæй куыд цæрдзынæн, афтæ. – Чызг дзырдта æмæ йæ йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, афтæмæй лæппуйы ныхыл æрхаудысты йæ цалдæр хъарм цæстысыджы.

Иртаджы ных бауымæл, хурсыгъд хуымы риу уалдзыгон æнæнтыст уарынæй куыд бауымæл уа, афтæ. Иуафон йе ‘рфгуытæ базмæлыдысты, йæ цæстытæ байгом кодта, йæ былтæ кæрæдзийæ фæхицæн сты, æмæ лæппу тыххæйты-куыддæрты сфæрæзта сдзурын:

– Кæм дæн?

Чызг исдуг цавддурау лæугæйæ аззад, стæй фырцинæй йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр ласта:

– Дохтыр, дохтыр!..

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

# ÆМБÆХСТ ЗÆЛТÆ

## ЦЫ УАИД НЫР

Цы уаид ныр, куы фæлидзин æз Ирæй,
Куы нал цæуид йæ ног уынгты мæ фæд?
Хæрзаг, мæныл нæ хъыг кæнид уый бирæ...
Æниу, бынтондæр не 'ркæнид мæ мæт.

Нæ уарзы мæн – уый рагбонтæй æмбарын,
Фæлæ мæ сагъæс искæй уарзтыл нæу.
Æнцон у ныр мæ зæрдæйæн ныббарын,
Æмæ мæ уарзтыл нал кæнын быцæу.

Фæлæ, мæ бон, куы баййафон æз тарды,
Уæд ма мын зæгъ, кæдæм цæудзæн мæ фæд?
Цы у дæ фæнд мæ рæстæгмæйы царды,
Мæ хъысмæт дæм Хуыцау куы радта, уæд?

Цæмæй зонын, фыдвæндтæ ис дæ риуы?
Цæмæй зонын, кæндзынæ та мæнгæхст?
Ды бауагътай дæ зæрдæмæ æвдиуы,
Цыма дæуæн дæн а зæххыл фæдзæхст...

Ныууадз, мæ хур, æцæгæлоны зондæй
Ды ма самай нæ фыдæлты мæсыг.
Нæма сты рох нæ адæмы фыдбонтæ,
Нæма байсыст нæ адæмы цæссыг...

## НАЛ ТЫХСЫН

Нал тыхсын, нал кæуын, нал риссын.
Царды уæз ме уæхскмæ нал исын.
Амонд – йæхæдæг мæм дзурдзæни,
Уарзт мæ фæстейæ дæр сурдзæни.

Размæ мæ рохтæ æз нал тонын.
Кадмæ фæндæгтæ дæр нал зонын.
Уарзтæн йæ арæнтæ нал арын,
Ивгъуыд мæ зæрдæйы нал дарын.

Зарæг мæхинымæр базарын.
Мастæй ныфсы ныхас равзарын.
Амонды чи ‘ййафы сургæйæ!
Амонд – лæгъстæ æмæ кургæйæ.

А чызгыл бахудæнт барджынтæ,
Уайæнт уæлæты сæ барджытæ,
Фистæгæй уайæнт мæ дæлæты,
Уадзæнт сæхицæн сæ тæлæты.

Нал риссын, нал тыхсын, нал кæуын.
Уарзтмæ фыдвæндæгтыл нал цæуын.
Размæ мын иу фæндаг – зонын æй.
Мемæ ма чи цæуа – хонын æй!

## ЦЫНÆ ФÆРИССЫ
## А ЗÆХХЫЛ ЛÆГÆЙ

Цынæ фæриссы а зæххыл лæгæй! –
Кæддæры маст, кæй бакæнæм мах сусæг.
Нæ цард кæнæм фыдрох æмæ мæнгæй.
Нæ зæрдæмæ та чи фæуыдзæн хъусæг,
Æмæ нæ удмæ равдæлдзæни кæй?

Æмæ цæры æнæрхъуыдыйау лæг,
Фæлæ нæ ног æнусон рыст ысдары.
Нæ фидæнæй нæ зоны уый бæрæг,
Йæ ивгъуыдæн мæнг æфсæнттæ ыссары,
Æмæ фæкæны амондмæ хæлæг.

Цымæ цæмæн йæ рыстæй мах тæрсæм,
Нæ рыстуд нæм куы хъæр кæны фæдисы?
Фæлтау æй хъуамæ афоныл фæрсæм –
Æнусон уд цæуыл тыхсы ‘мæ риссы,
Æмæ йæ хурмæ афоныл хæссæм.

## НÆ ЗÆРДÆ

Нæ зæрдæ алыхатт дæр – дзаг,
Фæлæ цæмæй вæййы мæтаг?
Хæссæм дзы уарзт æмæ зæрдæрис,
Æви фыдæх æмæ фыд уаг?

Нæ зæрдæ – арфæйы къæбиц.
Кæцæй дзы райгуыры бæллиц?
Мыййаг дзы кæд цæры мæнгвæдис,
Æмæ йæм тас дæр у æмхиц...

Лæгыл тыхгæнаг у æлгъыст –
Бæргæ, куы дзы уаикkам хызт,
Фæлæ нæ иувæрсты цæудзæнис,
Цæмæй хæсса нæ удæн рыст.

Нæ царды кадавар æмгъуыд,
Нæхи дзы бахиздзыстæм – куыд?
Куыд уыдзæн зæрдæ дæр æнæниз,
Кæд махæй ферох ис нæ куывд?

## ЧИ БАЗОНДЗÆН ЗАРÆГÆН ЙÆ РАВЗÆРД

Чи базондзæн зарæгæн йæ равзæрд,
А зæххыл йæ айзæлыны дуг –
Искуы уый ныррухс кæндзæн нæ развæд,
Æви риуы бауыдзæн хуыдуг.

О мæ хæлар, зарынæй мæм ма хат.
Уадз, фæлтау йæ зæлтæ сусæг уæнт.
Зæрдæ риуы мауал судза уал хатт,
Раргом кæнай цал хатты йæ фæнд.

Науæд та мæ рагбонтæн сæ бæллын
Райхъал уыдзæн йе 'нусон фынæй.
Райгондæй цы фидæныл æмбæлын,
Судздзæн уый мæ ивгъуыды зынæй.

Зонын æз, мæ зарæг дын зынаргъ у,
Зонын æз дæ рагбонты бæллиц,
Фæлæ зарын а зæххыл зын уаргъ у,
Уыцы фарнæй дардмæ ды фæлидз...

Ма йæм бабæлл, зараг зæрдæ арт у –
Судздзæн дын цæрæнбонты дæ риу.
Фæлæ, кæд дæ риуы зарæг мард у,
Уæд зæххыл дæ уднывонд дæр циу!

## ЗАРЫДТÆН ДЫН

Зарыдтæн дын уыцы азтыл, уыцы...
Зарыдтæн дын, зæрдæ хоста риу.
Æз уыдтон – мæ зарæг дæм нæ хъуысы –
Хъалтæн та мæгуыры зарæг циу.

Æз дзырдтон мæ зарæджы цыдæртæ...
Фæлæ ды тæрхон кæнынмæ – цырд.
Зарæгæн æмбæхстон уæд йæ зæлтæ,
Фæндырмæ дæр нал кодтон тыхдзырд.

Зарыдтæн нæ дзыллæйæн йæ рисыл.
Дунетыл æххæссыди мæ уарзт.
Ахæм зæрдæ дæу æфтыдта дисы,
Уымæй тынг дæ мæгуыр уд фæтарст.

Рацыдтæн сæргуыбырæй, æнкъардæй.
Фæндагыл дæр заргæйæ куыдтон.
Иунæг Хуыцау буц уыди мæ зардæй,
Æмæ уый мæ алыварс уыдтон...

*ОТАРТЫ Гиуæрги*

# УÆНЫКÆСÆГ

*(Æцæг цаутæ)*

Нары зылды цы бирæ зæдбадæн кувæндæттæ ис, уыдоны ‘хсæн сæ кадджындæр æмæ табуйагдæртæй у Хохы Зæды дзуар. Ис Гуыркъуымты комы тæккæ рæбын Тербаты рæсугъд фæзы. Йæ бæрæгбон вæййы сусæны мæйы.

1946 азы кувæн бон æрæййæфта 25-æм июлы. Уыцы бонмæ йын йæ табугæнджытæ цæттæ кодтой сæ кувинæгтæ. Мæ фыд дæр йæ нывондаг тохъхъыл аргæвста, æрхуыдта сыхбæсты. Фæкуывтой, фæзарыдысты фæсахсæвæртæм, стæй уазджытæй алчи йæ фæрныг хæдзар бацагуырдта...

Дыккаг бон хъуыддаг афтæ рауад. Къостайыхъæуы колхозы ревизион къамисы сæрдарæй куыста дзырддзæугæ лæг Дзапарты Никъала, мæ фыд та уыди хъæуы хъахъхъæнæг къорды хистæр. Никъала хъуамæ бабæрæг кодтаид, Терчы фале сын цы фосдарæнтæ уыд, уыдон, æмæ йын йемæ арвыстой мæ фыды дæр.

Сæ фæндаг нæхиуыл ракодтой, къæбæр уал бахæрæм, зæгъгæ. Сæ бацыдмæ фынг сцæттæ: сæр, бæрзæй, уæлибæхтæ. Æз сын дзагдаримæ уырдыг лæууыдтæн. Мæ фыд – хистæр – ракуывта, кувæггаг авæрдта, стæй расидт æмæ дыууæйæ дæр сæ нуазæнтæ банызтой. Уыдысты бæрæгбонхуыз хъæлдзæг.

Мæ фыд кусарты уæны кæсын уарзта æмæ-иу, уæны акæсгæйæ, цы загъта, уымæн æнæрцæугæ нæ уыди. Ныр дæр та нал фæлæууыд, уæн райста, асыгъдæг æй кодта, фæлæ дзы куы акаст, уæд æвиппайды фæсонт, йæ хъæлдзæг цæсгом мæрдон фæлурс аци, уæн иуварс æрæвæрдта. Исдуг æдзæмæй алæууыд æмæ та йæ фæстæмæ систа, фæлæ та дзы куы акаст, уæд æй, цыма йын йæ къухтæ зынг басыгъта, афтæ йæ фырмæстæй иуварс аппæрста æмæ йæ мадмæ дзуры: «Сынцалон (афтæ йæ хуыдта), ам хæдзары хицау нал ис».

Фыд ма гаджидау рауадзинаг уыд, фæлæ Никъала сидт йæхимæ райста æмæ бæркад загъта. Фынгмæ нал æрæвнæлдтой, сыстадысты, уазæг арфæ ракодта. Мæ фыд иуцасдæр æгуып-

пæгæй алæууыд, уæззау хъуыдыты аныгъуылд æмæ афтæмæй, æнæ исты сдзургæйæ, къæсæрæй ахызт. Сæ фæдыл акастæн. Фыд мæм йе 'ргом разылдта, æмæ цыма дард балцы цыд, афтæ мын афæдзæхста: «Лæппу, хæдзармæ-иу дæ цæст фæдар». Фæстæмæ дæр нал ракаст, афтæмæй аивгъуыдтой.

Мах дæр, бинонтæ, сихор скæнæм, зæгъгæ, фынгыл æрбадтыстæм. Уалынмæ дын, бадгæ ма кодтам, афтæмæй нæ рудзгуыты раз нæ фыды бæхыл æнæ саргъæй иу лæппу куы алæууид. Æз æй бамбæрстон, фыдохы хабар ныл кæй сæмбæлди, уый. Мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, афтæмæй уынгмæ разгъордтон, адæргæй лæппуйы афарстон: «Йæ бæрæг та кæм и?»

Уымæй схауди зæрдæхалæн дзуапп: «Дон æй фæласы».

Афтæ æвирхъау рауади бинонты дарæг æртиссæдзаздзыд лæджы хъысмæт. Кусарты уæны куы бакаст, уымæй дыууæ сахаты дæр нæма рацыд.

Хабар та рауадис афтæ. Терк уыдис йæ тæккæ ивылдыл. Мæ фыд йе 'мбæлццоны фæурæдта, æз уал фæндаг асгарон, зæгъгæ. Йæ бæх донмæ куыддæр ныххызт, афтæ фæкалди. Барæг бæхæй асхъиудта, æмæ йæ уадидæгæн знæт доны уылæнтæ аскъæфтой. Ленк кæнын та хохæгтæ кæм базыдтаиккой…

Гъе афтæ мæ фыд кусарты уæны рагацау федта йæ адзал.

Иу ахæм цауы тыххæй та мын Гусалты Барис радзырдта – æрцыд, дам, 1929 азы. Йæ фыды фыды фыд Данел-Хадзы нымад æмæ агуырд лæг уыд. Гъемæ йæм Елхотæй сæрмагондæй Зилгæмæ ссыдысты, цæмæй уым туджджынты бафидауын кæна, уый тыххæй.

Нырæм йæ сыхаг Болиаты хæдзарæй дæр куывдмæ хонæг уыд. Йæ линейкæйы куыд рараст йæ дард фæндагыл, афтæ йæм уыдон дæр æрхатыдысты, уæд та ма, дам, нын нæ кусарты уæны акæс – дæсны куы дæ ацы хъуыддагмæ.

Акасти дзы æмæ йæ сæр додойгæнæгау банкъуыста:

– Уæхæдæг, Болиатæ, æнæ фыдбылыз уыдзыстут, фæлæ уæ сыхæгтæй кæуылдæр мæнæ хæсгæ-ласгæ мард æрцæудзæн…

Диссагæй цы кæныс: Æрджынарæгмæ куы ныххæццæ, уæд йæ дыууæ ифтыгъд бæхы машинæйы дзæгъ-дзæгъæй фæтарстысты, ахастой йæ. Линейкæ фæфæлдæхт, къæдзæхы йас лæг асхъиудта æмæ…

Кæрдзынмæ ма йæ йæ мадырвадæлтæ Хосонтæм удæгасæй баластой, фæлæ йæ астæуыстæджы саст мæлæтдзаг разынд…

Куыд нæ уыд алцызонæг адæм фыдæлтæм, куыд нæ!

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*«Сылгоймаг у табуйаг. Кæй уарзыс, уыцы сылгоймаг та – дыуужæ хатты табуйаг». Афтæ загъта Александр Дюма-хистæр. Нæ равдысты фендзыстут ирон нывгæнджыты куыстытæ сылгоймаджы хуызтимæ.*

*Тугъанты Махарбег. Сатана.*



*Калманты Батыр. Мад.*



*Калманты Батыр. Чындзыл дзаумæттæ кæныны æгъдау.*

*Дзиуаты Батрадз. Хуры тын.*





*Дзиуаты Батрадз. Мад.*



*Дзанæгаты Чермен.*
*Дударты Вероникæйы сурæт.*



*Дзанæгаты Чермен. Кафт.*

*Есенаты Æхсар. Бæркад.*





*Каджаты Вадим. Мад.*



*Байцаты Людмилæ. Чызг дурынимæ.*



*Байцаты Людмилæ.*

Цоциты Мæхæмæт.





Гаппуаты Наталья.
Горæтаг мадоннæ.

*Цорæты Дауырбег. Мад.*





*Цорæты Дауырбег. Боныцъæхтæ.*



*Тауаситы Сослан. Мад.*



*Тауаситы Руслан.*
*Авдæны зарæг.*



*Тугъанты Махарбег. Чындз.*



*Цæллагты Фатимæ. Чындз.*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## ЗИАНХÆССÆГ ЧИНЫГ[1]

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Паддзахадон рауагъдады мыхуырæй рацыд ирон литературæйы чиныг студенттæн æмæ скъолаты ахуыргæнджытæн[2]. Уыцы чиныджы тынгдæр æвдыст цæуы советон рæстæджы агъоммæйы ирон литературæ. Ныронг Цæгат Ирыстоны литературæйы истори ахуыргæнæн чиныг арæзт кæй нæма æрцыд, уый бахынцгæйæ, бæлвырд у ахæм чиныг рауадзыны ахадындзинад. Уымæн йæ нысан у национ литературæйæ марксистон пособи уæвын. Уæдæ уыцы чиныджы куыд æвдыст цæуынц ирон литературæйы рæзындзинады ахсджиаг фарстатæ?

Зындгонд куыд у, афтæмæй ирон литературæ рæзыдис раззагдæр уырыссаг культурæйы хорз ахадындзинады фæрцы. Уырыссаг литературæ ахъаз уыди прогрессивон ирон фысджыты идейон æмæ аивадон рæзындзинадæн. Хрестомати саразæджы хæс уыди уый мидæг, цæмæй ахуыргæнинаг фæсивæдæн раргом кодтаид ирон æмæ уырыссаг литературæйы бастдзинæдты мидис æмæ хуызтæ. Раттын хъуыди уыцы темæйыл раздзырды сæрмагонд статья.

Фæлæ чиныджы аразæг нæ сарæхст, цытджын уырыссаг адæмы культурæ Ирыстоныл хорзырдæм куыд фæзынд, уый раст раргом кæнынмæ. Чиныджы мидæг фысджытæ æвдыст сты кæрæдзийæ иппæрдæй, социалон-æхсæнадон æууæлтæй иппæрдæй. Чиныджы аразæг не ‘ргом кæны, цыфæнды æндæр литературæйы æмрæнхъ ирон литературæйы дæр цы мидбастдзинад ис, уый. Революцийы агъоммæйы Ирыстоны æхсæнадонполитикон æмæ культурон царды прогрессивон æмæ реакцион

---

[1] Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не ‘рцыд.

[2] Ирон литературæ, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон педагогон институты ирон факультеты студенттæн æмæ ирон скъолаты литературæйы ахуыргæнджытæн, 1-æм хай. Сарæзта йæ Ардасенты Х., редактор Епхиты Т. Дзæуджыхъæу, 1951 аз, 338 фарсы.

тыхты æхсæн цы æнауæрдон тох цыдис, уый равдисыны бæсты Ардасенты Х. биноныгæй æмбæрзы къорд фысджыты тырнындзинæдты ныхмæвæрддзинад. Реакцийы минæвæрттæ æвдыст цæуынц революционерты хуызы. Ирон культурæйы, сæрмагондæй та литературæйы, рæзындзинад æвдыст цæуы иугонд процессы хуызы, классон дихдзинад æмæ тох не 'вдисгæйæ. Хрестоматийы саразæг нæ архайы классон æхсæнады культурæйы тыххæй ахуырады бындурыл. Уый ирон литературæйы рæзындзинадмæ кæсы буржуазон-националистон теорийы цæстæнгасæй.

Хрестоматийы саразæг ирон литературæйы истори æвдисы, фысджытæ кæд цардысты, уыцы рæстæджы литературон хъуыддæгтæм гæсгæ. Уый нæ фæлвары ахуырадон быдурыл литературæйы рæзындзинады замантæ раст равдисыныл.

Литературæйы хрестомати у ахуырадон чиныг. Уым мыхуыргæнæн нæй цыфæнды авторы цыфæнды уацмысæн. Хрестоматийы мыхуыргонд цæуынц хуыздæр уацмыстæ, раззагдæр национ культурæйы рæзындзинад чи æвдисы, ахæмтæ. Чиныгаразæгæй домд цæуы æрмæг иттæг бæлвырд равзарын. Уæлдай ахсджиагдæр у фыссæджы сфæлдыстадæн æмæ литературæйы рæзындзинады йæ ахадындзинадæн аргъ кæнгæйæ бæлвырддзинад.

Ардасенты Х. хъуыддагмæ акаст æндæр цæстæй: иу кæнæ иннæ фыссæджы сфæлдыстад прогрессивоныл кæнæ та суанг революцион-демократоныл банымайынмæ тырнгæйæ, уый ницы фыссы фысджыты царды ахсджиаг хъуыддæгты тыххæй, нæ бæрæг кæны уыдонæн сæ политикон æмæ литературон архайды æхсæн бастдзинæдтæ. Афтæ, чиныгкæсæгæй сусæггонд цæуы, Хъороты Дауыт (1890–1924) къорд азы дæргъы эсерты партийы кæй уыди æмæ 1917 азы, газет «Хæххон царды» кусгæйæ, большевикты ныхмæ активонæй кæй тох кодта, уый. Кæсджытæй æмбæхст цæуы, советон хицаудзинад сæвæрыны фæстæ литературæйы мидæг Хъоройы-фырт йæхи кæй ницæмæй равдыста, уый дæр.

Чиныгаразæг æппæлы Токаты Алиханы сфæлдыстадæй, бирæ сахъат фыстытæ кæмæ ис, уымæй, ницы фыссы, Кочысаты Розæ «Нæ Иры чызджытæм», зæгъгæ, уыцы статьяйы цы националистон рæдыдтæ æруагъта, уыдоны тыххæй; уыцы статья æххæстæй мыхуыргонд æрцыд хрестоматийы.

Ардасены-фырты сахъат идеологи уый кæны къорд фысджыты сфæлдыстадæн æмæ цæстæнгасæн раст аргъ нæ раттынмæ.

Афтæ, чиныджы аразæг æппæт мадзæлттæй æппæлы Хъаныхъуаты Иналæй (1851–1889). Уый фыссы: «Стыр у Хъаныхъуаты Иналы уацмысты ахадындзинад канд ирон литературæйы историйы нæ, фæлæ ирон адæмы æхсæнадон хъуыды æмæ культурæйы историйы дæр» (56 фарс). Фæлæ уыцы ныхæстæ ницæмæй фидаргонд цæуынц æмæ сын бафидаргæнæн дæр нæй. Цæйаг сты уыцы афтид ныхæстæ, хъуыддæгтимæ сæ куы абарæм, уæд? Хъаныхъуаты И. фыста уырыссаг æвзагыл, уымæ гæсгæ йæ бон нæ уыди ирон литературон æвзаг рæзын кæнын. Уымæ ис хорз уацмыстæ, хохæгты зын цард бæлвырд чи æвдисы, ахæмтæ.

Фæлæ уый бар нæ дæтты Хъаныхъуаты Иналы классик, ирон адæмы æхсæнадон хъуыдыйы стыр архайæг схонынæн, Ардасены-фырт куыд кæны, афтæ.

Ардасенты Х. Хъаныхъуайы-фырты поэзийы бындурон мотивтыл нымайы «социалон хъулондзинады ныхмæ тох, цагъардзинады ныхмæ тохмæ сидын, адæймаджы бæрзонд æвæрын, рæстдзинад æмæ райгуырæн бæстæ уарзын». Чиныджы саразæг дзуры, зæгъгæ, Хъаныхъуайы-фырты æмдзæвгæтæ «хæстæг лæууынц Некрасовы æмдзæвгæтæм». Уыцы ныхæстæ раст кæй не сты, уый бæрæг у Хъаныхъуаты Иналы сфæлдыстадмæ æркæсгæйæ.

Хъаныхъуайы-фырты цæстæнгастæ æмбарынæн æмæ, кæй нысантæ хъаггæдта, уый сбæрæг кæнынæн чысыл ахсджиаг нæу Хъаныхъуаты Иналы писмо, калакаг газет «Кавказы» мыхуыргонд чи æрцыд, уый (№ 267 – 1878 аз). Уыцы писмойы уый радзырдта Хъарсы æлдæртты æмæ бадилаты фарс, 1859–1861 азты Туркмæ чи алыгъд, 1877–1878 азты хæсты фæстæ, Хъарсы облæст Уæрæсеимæ куы баиу, уæд ногæй уæрæсейагыл нымад чи æрцыд, уыцы æлдæртты æмæ бадилаты фарс. Уыдон куырдтой, цæмæй уæгъдгонд ма 'рцыдаиккой сæ цагъайрæгтæ, æмæ къаддæргонд æрцыдаиккой æлдæртты хъалонтæ. Хъаныхъуаты И. радзырдта уыдоны курдиаты фарс.

«Александрополæй Эрзеруммæ», зæгъгæ, уыцы фыстыты, газет «Кавказы» мыхуыргонд чи 'рцыд (№№ 267, 275 – 1878 аз), уым Хъаныхъуаты И. æппæлы туркаг агент Куындыхаты Муссæйæ, ирæтты Туркмæ чи алидзын кодта, уымæй. «Хохаджы фыстыты» (1875 аз), чи фесæфт, уыцы «хорз» зæронд рæстæгыл хъыг кæнгæйæ, Хъаныхъуаты Инал сиды æлдæрттæм æмæ бадилатæм, цæмæй сфæлтæрой царды ног æууæлты. Уыцы

статьяйы уый фыссы Пушкины æмæ Лермонтовы сфæлдыстады ныхмæ, уыдон поэттæ – сæнттæ цæгъдджытæ хонгæйæ.

70-æм азты Хъаныхъуаты И. архайы куыд либералон æлдар. Æлдæрттæ «зæронд хуызы» кæй нал цæрынц, уый бамбаргæйæ, уыдонмæ сиды царды ног хуызтæ ссарыны тыххæй.

Хъаныхъуайы-фырты владивостокаг æмдзæвгæтæ (1893–1896 азты) æвдисынц, фыссæг иу цасдæр либералон народникты 'рдæм кæй рацыд, уый. Зындгонд у, либералон народниктæ 90-æм азты кæй дзырдтой Уæрæсейы капитализмы рæзындзинады ныхмæ. Уыцы хуызы æркæсын хъæуы Хъаныхъуаты Иналы æмдзæвгæтæм, уæлдайдæр та «Сагъæсгæнæг музæмæ».

1893–1896 азты Владивостокы кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæтæн сæ дзæвгар фылдæр хай у зæрдæсастдзинады хъуыдытæ æвдисæг. Хъаныхъуайы-фырты поэзийы æвдыст нæ цæуы адæмон цард, нæй дзы адæмон дзыллæты нысантыл тохы мотивтæ. Æмæ уый бынтон бæлвырд у, уымæн æмæ Хъаныхъуаты Инал либералон народниктæм æрбацыд куыд, йæ классæй чи фæиппæрд, ахæм æлдар. Уый тарстис адæмон дзыллæтæй æмæ сæм йе 'ргом не здæхта.

Хрестомати саразæг хорз зоны, Цæгат Ирыстоны ахуырадон-иртасæг институты цы æрмæг ис, уый Хъаныхъуаты Иналы реакцион цæстæнгастæ чи æргом кæны, уый, фæлæ йæ кой нæ кæны æмæ йæ æвдисы зыгъуыммæгондæй. Ардасенты Х. тырны Хъаныхъуайы-фырты реакцион идеологи революцион демократизмы хуызы равдисынмæ, реакционер Хъаныхъуаты Иналы революционеры хуызы равдисынмæ.

Ардасенты Х. ахæм цæстæнгасæй аргъ кæны драматург Брытъиаты Елбыздыхъойæн дæр (1881–1923).

Драматург Брытъиаты Елбыздыхъо зындгонд у куыд драмон аивады мастер. Октябры революцийы агъоммæ кæй ныффыста, йæ уыцы пьесæ «Дыууæ хойы», зæгъгæ, уым мæстджынæй дзуры рагон-феодалон царды уаджы тæккæ тардæр баззайæггæгты ныхмæ – чызгскъæфты ныхмæ. Пьесæйы реалистон хуызы æвдыст цæуы хæххон сылгоймаджы æбардзинад. Елбыздыхъо сарæзта дыууæ хойы – сидзæртæ Асиат æмæ Ханысиаты, сæ цагъардзинады уавæры ныхмæ карзæй чи сыстад, уыдоны æнæферохгæнгæ обрæзтæ.

Кæд пьесæ «Дыууæ хойы» хъæндзинæдтæ ис, уæддæр зынгæ бынат æрцахста ирон драматургийы.

Брытъиайы-фырт йæ драматикон этюд «Маймули – рухсаг, æгас цæуæд ирон театр», зæгъгæ, уым дзуры ирон театры æмæ драмæйы райгуырды тыххæй, фыссæгмæ гæсгæ, дзыллæты идейон хъомылады тыхджын хотых чи хъуамæ уа, уыдоны райгуырды тыххæй.

Фæлæ Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстадæн аргъ кæнгæйæ, æнæ зæгъгæ нæй, фыссæджы, куыд драматург, афтæ чи æвдисы, йæ уыцы уацмыстæй бирæ пропагандæ кæй кæнынц буржуазон-националистон идеологи.

Историон фактты ныхмæ дзургæйæ, хрестоматийы мидæг Брытъиайы-фырты сфæлдыстадæн лæвæрд цæуы, раст чи нæу, ахæм аргъ.

Брытъиаты Елбыздыхъо 1905 азы революцийы агъоммæ уыди ирон буржуазон национализмы идеолог. Йæ фыццаг пьесæ «Уæрæседзауы» (1904 аз) Брытъиайы-фырт тæккæ тардæр хуызы æвдисы ирон лæг Муссæйы, Уæрæседзауы. Брытъиайы-фырт фыссы, зæгъгæ, Муссæ Уæрæсейы ныууагъта йæ ирон æфсарм æмæ æгъдæуттæ æмæ уыдоны бæсты æрбаласта... кæрц æмæ цырыхъытæ. Автор дзуры, уырыссаг культурæ чи ахуыр кæны, уыцы ирæтты ныхмæ, худы сын сæ ныхасыл, уырыссаг дзырдтæ кæмæ хæссынц, уыцы ныхасыл, æвдисы сæ сæ адæмыл гадзырахатæй рацæуджыты хуызы.

Уырыссаг культурæйы ныхмæ кæй у, уый бæлвырддæр сбæрæг кæныны тыххæй æмæ йын йæ ныхмæ ирон æгъдæуттæ сæвæрыны тыххæй Брытъиайы-фырт комедийы æвдисы иунæг уырыссаджы – расыггæнаг Микъитты. Микъитт æмæ Муссæ сты лымæнтæ. Автор уыдоны æвдисы, йæ комедийы «рæстмæ адæм» былысчъилтæ кæуыл кæнынц, ахæм ахуыргæнæджы æмæ ахуыргæнинаджы хуызы.

Брытъиайы-фырт уыцы комедийы мидæг домдта ирæттæй, цæмæй уыдон нынныхсой сæ национ агъуды мидæг, сæхи раиуварс кæной уырыссаг культурæйæ.

Ахæм реакцион цæстæнгастæ æргом кæнгæйæ, И. В. Сталин фыста: «Национ фарстайæн Кавказы алыг кæнæн ис, чи бафæстиат, уыцы нациты æмæ адæмы хаттыты æрмæст уæлдæр культурæйы иумæйаг фæндагмæ æрбакæныны уагыл» *(Уацмыстæ, 2 том, 351 фарс)*. Ахæм уæлдæр культурæ уыди Ломоносовы æмæ Радищевы, Пушкины æмæ Толстойы, Чернышевскийы æмæ Плехановы, Желябовы æмæ Халтурины[1] культурæ. Уыцы культурæйæ

[1] Андрей Желябов æмæ Степан Халтурин уыдысты зындгонд террористтæ. – (*Ред.)*

ирон адæмы фæиппæрд кæныныл архайдтой Брытъиаты Е. æмæ кавказаг иннæ националисттæ, меньшевиктæ.

Реакцийы рæстæджы Уæрæсейы политикон царды хъуыддæгтæм кæсгæйæ, æмбал Сталин генион уацмыс «Марксизм æмæ национ фарстайы» амыдта: «сæрибарадон змæлд цас къаддæрæйкъаддæр кодта, уый бæрц тынгдæр рæзыдисты национализмы дидинджытæ» (Уацмыстæ, 2 том, 291 фарс).

Буржуазон национализмы ахæм дидинджытæй иу у Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Хазби», кæцы сценæйы æвæрд æрцыд 1908 азы.

Адæмы ныхмæ цæуæг феодалон архайджытæ Уæрæсейы ныхмæ кæй тох кодтой, уыцы хъуыддагæй æппæлгæйæ, Брытъиайы-фырт дзуры æппæт ирæтты тырнындзинады иудзинады фарс, сæ классон дихдзинадыл разы нæ уæвгæйæ. Йæ драмæйы герой Хазби дзуры, зæгъгæ, хъуамæ ирæттæ уарзой кæрæдзи... «Æфсымæртæ стæм, уый уæ рох ма уæд» *(Брытъиаты Е., уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1948 аз, 102 фарс).* Уыцы драмæйы бындурон сахъатдзинад канд уый мидæг нæй, æмæ автор истори кæй сзыгъуыммæ кодта, æлдæртты бунт адæмон змæлды хуызы кæй равдыста, фæлæ ноджы ис уый мидæг, æмæ дзы æппæт ирæттæ æвдыст цæуынц Уæрæсейы, æппæт уырыссаг хъуыддæгты знæгты хуызы.

Пьесæ «Худинаджы бæсты мæлæты» дæр Брытъиайы-фырт дзуры æппæт ирæтты тырнындзинæдты иудзинады идеяйы фарс.

Цытджын Октябры революцийы агъоммæ Брытъиаты Е. арф лæууыд контрреволюцион «Иугонд хæххон адæмы цæдисы» архайды, Дзæуджыхъæуы арæзт чи æрцыд, уый архайды.

Уыцы «цæдисы» реакцион нысантæ бæрæг кæнгæйæ, æмбал Сталин фыста: «Суанг 1917 азы цæгат-кавказаг инæлæртты къорд – Филимоновтæ, Карауловтæ, Чермоевтæ æмæ Бамматовтæ, сæхи хæххонты цæдис схонгæйæ, сæхиуыл сæвæрдтой Цæгат Кавказы хицауады ном Сау денджызæй Каспийы денджызы онг æмæ сусæгæй цæттæ кодтой Калединимæ иумæ сыстынмæ» *(Уацмыстæ, 4 том, 97 фарс).*

Урсгвардион-националистон контрреволюцион – «Иугонд хæххон адæмы цæдисы центрон комитет» кæй хуыдтой, уый – 1917–1918 азты уагъта газет «Хæххон цард», редактор та йын уыди Брытъиаты Е.

Уыцы газеты фæрстыл Брытъиайы-фырт цъыфкалæн ныхæстæ

фыста большевизмы æмæ кусæг классы ныхмæ, дарддæр пропагандæ кодта «ирæтты æхсæн классон фидыддзинады» идея.

Граждайнаг хæст куы ахицæн, уый фæстæ Брытъиайы фырт ныффыста (1922 азы) йæ фæстаг пьесæ «Амыран», кæцы ран сусæг хуызы дарддæр тох кодта советон хицаудзинады ныхмæ.

Уыцы пьесæйы Брытъиайы-фырт Прометейы тыххæй незаманон таурæгъæй спайда кæнгæйæ, дзуры лæгæты рæхысæй баст Амыраны тыххæй, кæцыйы хъуамæ фервæзын кодтаид Бесæ, æцæгдзинад чи базыдта, уый. Брытъиайы-фырт Амыраны æвдисы адæмон сæрибардзинады нысаны хуызы, кæцы сæххæст уыдзæн, адæм «сыгъдæг суадонæй куы баназой, уæд», ома, зонындзинæдтæ куы райсой, уæд. Бесæйæн нæ бантыст Амыраны суæгъд кæнын. Уыцы хъуыддаджы йæ бахъыгдардтой талынг зæхкусджытæ, «хæйрæджытæ» кæй фæсайдтой. Бесæ фæмард, Амыран баззади рæхысæй бастæй.

Октябры фæуæлахизыл 4 азы рацæуыны фæстæ фыст чи æрцыд, уыцы пьесæйы цъыфкалæнты нысан у бынтон бæлвырд. Адæм сæхицæн сæрибардзинад байстой помещиктæ æмæ капиталистты ныхмæ тохы, Брытъиайы-фырт та фыссы, зæгъгæ, сæрибардзинад райсыны фæлтæрæн фæсыкк, уый у рæхысбаст, зæгъгæ.

Æмæ уыцы антисоветон пьесæ æппæтæй дæр мыхуыргонд æрцыди чиныджы!

Куыд аргъгонд цæуы уæдæ Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстадæн, Ардасенты Х. цы чиныг барæвдз кодта, уым? Бæлвырд хъуыддæгты ныхмæ дзургæйæ, уый æвдыст цæуы революционеры æмæ суанг коммунисты хуызы.

Афтæ, буржуазон националист Брытъиаты Елбыздыхъойы равдыстой пролетариаты диктатурæйы фарслæууæджы хуызы, йæ пьесæ «Амыраны» та йын хонынц фæллойгæнджыты тохы тыххæй «раст уацмыс».

Сæ ахадындзинадмæ сын нæ кæсгæйæ, бирæ фысджыты классиктыл нымайгæйæ, Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадæн чиныджы мидæг лæвæрд æрцыд, цы æмбæлы, уымæй дзæвгар къаддæр бынат. Фæлæ дзы тынг æппæлд цæуы Гуырджыбегты Блашкайы, Хъайтмазты Аслæмырзæйы, Тугъанты Батырбеджы æмæ æндæрты уацмыстæй.

Литературæйы мидæг сахъат цæстæнгасы æмрæнхъ хрестоматийы бынат ссардтой æвзаг зонынады фæдыл Н.Я. Марры мæнг теоритæ дæр...

Æмæ уыцы ныхæстæ мыхуыры цæуынц, æмбал Сталины уац мыхуыргонд куы æрцыд æмæ æвзæгты баиудзинады тыххæй Марры антимарксистон теори æргомгонд куы æрцыд, уымæй афæдз æмæ æрдæг фæстæдæр!

Ирон литературæйы ахæм хрестомати у сахъат чиныг. Æвдисы хицæн литературоведты тырнындзинад реакцион литературон фæлтæрæнты фарс дзурынмæ, пропагандæ кæны Марры æмбыд «идеятæ».

Нæ фæсивæдæн хъуамæ арæзт æрцæуа ахуыр кæныны ахæм чиныг ирон литературæйæ, кæцы раст æвдисдзæн ирон литературæйы истори, ахъаз кæндзæн æрыгон фæсивæды коммунистон уагыл хъомыл кæныны хъуыддагæн, ахæм чиныг, кæцы фæсивæдмæ хъомыл кæндзæн Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад, советон бæстæйы æппæт адæмтæм æфсымæрдзинады æмæ хæлардзинады æнкъарæнтæ.

***«Æрыгон большевик»,***
*1952 азы 13 апрель.*

# СЫЛГОЙМАГ. УАРЗОНДЗИНАД

*Никола БУАЛО-ДЕПРЕО*

## ОДÆ

*Сафойæ*

Дæ хæдфарсмæ æрцæр – бæллын, кæнын тæхуды,
Дæ ныхæстæм дын хъус зæрдæрухсæй, æмырæй!
Æнæсыбырттæй ахс дæ сусæг цин, дæ худын,
Æрвон дуне у уый, уым бафсис нæй цæрынæй...

Ныр сæххæст и мæ фæнд – æмбисонд у дæ уацар.
Кæдæм лидза мæ уд, куы бахауди бæллæхы? –
Æваст мыл сирвæзт арт, цæвиттон, азар, азар...
Кæм агурон бынат, цы арвыл йе цы зæххыл?

Мæ алывæрсты – тар, мылазон тар, æгæрон.
Нæ хъусын ницы æз, нæ ахсын дзырдтæн се 'взаг.
Куы не 'мбарын мæхи дæр, цы хос и уæд, цы кæнон?
Мæ уавæры куы фæуид дæ балгъитæг, йе де знаг!

*ВОЛЬТЕР*

## ФЫН

Мæныл хæрзæрæджы хæрзфынæй сайд æрцыди:
Уыдтæн цытджын паддзах, коронæ мыл æрчынди.

Æмæ дæу уарзынæй дзæгъæлтæ кодта зæрдæ,
Дæ уындæй тахтысты уæларвбæсты мæ сæнттæ.

Мæ сæр дæ къæхты цур: йæ монцтæ дын фæдзырдта...
Фæлæ цы 'рбаци фын, цы хæйрæг æй фæсырдта?

Куы уыдтæн хызт мæ кæнæджы фыдæхæй,
Куыд фæдæн уæд мæ бæстæйæ æнæхай?

# АФОРИЗМТÆ

* * *

Уарзгæ чи нæ кодта, уый Хуыцауы дæр нæ бамбардзæн, уымæн æмæ Хуыцау у уарзондзинад.

***Апостол Иоанн Богослов***

* * *

Уарзондзинад у нæ дыккаг райгуырд.

***О. де Бальзак***

* * *

Уарзондзинад у низ, сдзæбæхгæнæн кæмæн нæй, ахæм.

***А. Пушкин***

* * *

Уарзондзинад амарут – æмæ нæ зæхх ингæн фестдзæни.

***Р. Браунинг***

* * *

Уарзондзинад æмæ стонг сты дунейы хицæуттæ.

***Ф. Шиллер***

* * *

Æгас у, æрмæстдæр уарзгæ чи кæны, уый.

***Л. Толстой***

* * *

Фыдызнæгты басæттынæй уарзондзинад зындæр басæттæн у.

***Ж. Расин***

* * *

Уарзондзинад ахæм тыхджын у, æмæ махæн нæхи дæр рацаразы.

***Ф. Достоевский***

* * *

Уарзондзинад мæлæты тасæй тыхджындæр у.

* * *

Уарзондзинадæн цæстытæ нæй.

***В. Шекспир***

* * *

Уарзондзинад фæрнджындæр у, чи уарзы, уымæй.

***И. Бродский***

* * *

О, зонын æз, æрмынæг вæййы уарзт,
Дыууæ уды куы фæцух кæны денджыз.

***Лопе де Вега***

* * *

Уарзын куы райдайай, уæд бакуырм уыдзынæ.

***Лопе де Вега***

* * *

Нæлгоймаг сылгоймаджы куы бауарзы, уæд ыл дæлимон сырх кæсæнцæстытæ бакæны.

***Б. Прус***

* * *

Уарзондзинад куырм у, æвзæр чи уыны, уыдонæн.

***Г. Гитюшов***

* * *

Уарзондзинад бакуырм кæны, уарзондзинад цæстæй ракæсын кæны.

***И. Шевелев***

* * *

Уарзондзинад нæлгоймаджы куырм бакæны, сылгоймаджы та цæстæй хуыздæр ракæсын кæны.

***Э.-М. Ремарк***

* * *

Кæй бауарзæм, уыцы адæймаг нæм хуыздæр фæкæсы, цы у, уымæй.

***М. Монтень***

* * *

Уарзондзинад у арт ӕнӕ ӕндзарӕнтӕй.

***М. Лермонтов***

* * *

Уарзондзинад суанг хуыцӕутты дӕр фӕцӕф кӕны.

***Петроний***

* * *

Цӕрӕн ис, ӕрмӕстдӕр уарзгӕ куы кӕнай, уӕд.

***К. Гельвеций***

* * *

Уарзондзинад у зӕрдӕйы дӕндагниз.

***Г. Гейне***

* * *

Уарзондзинад у рӕхыс – ӕппӕты уӕззаудӕр.

***И. Тургенев***

# ДУНЕЙЫ НОМДЗЫД СЫЛГОЙМӔГТӔ

## Мад Терезӕ



Мад Терезӕ дзырдта: «Уӕ зӕрдыл дарут, а дунемӕ кӕй рантыстыстут, цӕмӕй ӕнӕбон мӕгуыртӕн ӕххуыс кӕнат». Ӕмӕ йӕ ныхӕстӕн уыди хицау. Ацы диссаджы сылгоймаджы хонынц мӕгуырты апостол. Апостол – ома уӕлӕрвтӕй ӕрвыст. Уый не 'рхӕндӕг дунемӕ ӕрвыст уыди, цӕмӕй ӕххуысгӕнӕг уа рынчынтӕн, ӕфсада мӕгуырты, ныфс дӕтта ӕфхӕрд адӕмӕн, йе 'цӕг дунемӕ фӕндараст кӕна, мӕлыны къахыл чи ныллӕууыд, уыдоны. Ноджы ма уый тыххӕй, цӕмӕй ахуыр кӕна мах ӕмӕ, нӕ фӕстӕ чи уа, уыдоны, цӕмӕй, Хуыцау адӕмӕн цы



уарзондзинад радта, уымæн дзуапп дæттынмæ арæхсæм. Терезæ рай-гуырди Албанийы горæт Скопьейы 1910 азы 27 августы. Æртæ сывæллоны хъомыл кодтой бинонтæ. Сæ фыд амарди, фидæны хæрзгæнæг Гонджайыл (афтæ хуыдтой чызджы, йæ англисаг ном та хуынди Агнес) фараст азы куы цыди, уæд, сæ мад та амарди 1968 азы.

Гонджайыл 18 азы куы сæххæст, уæд ацыд Ирландимæ. Уым, Дублины, уыдис Удыбæстæйы Орден «Лореттойы хотæ» (Орденæн уыцы ном лæвæрд æрцыд итайлаг горæт Лореттомæ гæсгæ, уымæн æмæ уырдæм, таурæгъмæ гæсгæ, ргзаманты хаст æрцыди, Хуыцауы Мад кæй хуыдтой, уыцы хæдзар.), æмæ Гонджайы суазæг кодтой уыцы Ордены. Уырдыгæй йæ дыууæ мæйы фæстæ арвыстой, Орденæн Индийы цы мисси уыдис, уырдæм. Уым, «Лореттойы хотæ», зæгъгæ, уыцы моладзандоны йæхицæн райста ног ном – Терезæ (XIX æнусы францаг моладзан Сыгъдæг Терезæйы ном). Сыгъдæг Аннæйы номыл скъолайы куыста ахуыргæнæгæй, лæвæрдта истори æмæ географи, фæстæдæр та скъолайæн сси йæ директор.

1946 азы, Дарджилингмæ æрвылазон мархо бадарынмæ цæугæйæ,



йæ зæрдæйы райгуырди ног бæллиц: Калькуттæйы мæгуыртæн æххуыс кæнын. Йе 'мбæлттæ сразы сты уыцы фарны хъуыдыйыл.
Мад Терезæ æрцарди, мæгуыртæ кæм цардысты, уыцы сыхы æмæ сын сæ сывæллæтты ахуыр кæнын байдыдта, амал сын кодта хæринаг æмæ дарæс. Йæхи æппæрста, зындæр кæм уыдис, йе 'ххуыс тынгдæр кæм хъуыд, уырдæм. 1952 азы та Терезæ байгом кодта фыццаг хоспис мæлæтдзаг рынчынтæн. Терезæйы хъазуатон куыстæн скодтой стыр аргъ: 1979 азы уый сси Нобелы премийы лауреат.

Рæстæг цыд, æмæ Хуыцауы Уарзондзинады Миллионерон æхсæнад рапарахат æгас дунейыл. 126 бæстæйы байгом кодтой лæвар фысымуæттæ. Ахæмтæ ис Уæрæсейы дæр, кусынц дзы удыбæстæджын хотæ.

ССР Цæдисмæ Мад Терезæ цæуынмæ хъавыди бирæ хæттыты. Æрмæстдæр ын М.С. Горбачевы заман бантыст æрбацæуын. Сомихстоны æвирхъау зæххæнкъуыст куы 'рцыд, уæд уырдæм дæр æрбатахт уыцы намысджын сылгоймаг. Спитакы ныр дæр æнæхъæнæй лæууы, Мад Терезæ кæм цард, уыцы хæдзар.

Мад Терезæ æмæ йæ чи фæзмы, уыдоны удуæлдай куыст у Рæстдзинады уæлахиз. Уый уыди, Хуыцауысконд адæймаг кæй фæхонынц, ахæм. Йæ ном æнустæм баззайдзæн историйы.

## Фаинæ Раневскаяйы хабæрттæй



✦ Мæскуыйы мыл мæ иу зонгæ нæлгоймаг амбæлди.

– Фаинæ Георгиевна, – фæхъæр кодта лæг, – дæ бакаст ахæм диссаг у æмæ!

– Уый æз æнæниз æфсон скодтон.

– Цытæ дзурыс! Дæ уадултæ диссаджы сырх сты!..

– Цæй сырхы кой кæныс, цæй, – загътон ын дарддæр. – Уыдон наукæ æмæ техникæйы сгуыхтытæ сты – парижаг сырх уадултæ.

✦ Мæ хо Изабеллæ Парижæй Мæскуымæ ралидзынвæнд куы скодта, уæд æм æз фыстæг арвыстон, хъуамæ



дæ фæзы сæвæрон (ома «прописка» дын скæнон). Минæварады кусæг ын хъуамæ визæ радтаид æмæ мын ахæм хабар ракодта. Дæ хо, дам, мæм визæ райсынмæ куы 'рбацыд, уæд, дам, мын афтæ зæгъы: «Нал цæуын, мæ фæнд аивтон».

– Цæмæн? – афарстон æй æз.

– Мæ хойæн йæ зонд фæцыди. Кæс-ма, цытæ фыссы, уымæ. Ма, дам, тыхс, рацу, бынат дын ис æнæхъæн фæзы йас. Мæн фæз цæмæн хъæуы? Исты цыртдзæвæн дæн? Цæвиттон, мæ хо сæрæй æххæст нæу.

## ИСТОРИОН АНЕКДОТТÆ

* * *

Иухатт Александры номыл театры фæссценæмæ бацыдис император Николай I æмæ номдзыд актер Васили Каратыгинмæ дзуры: «Ды, дам, Каратыгин, искæй фæзмынмæ хорз арæхсыс. Æз та дæм цы хуызæнæй зынын?» «Мæ ныфс нæ хæссын императоры афæзмынмæ». «Æз дын бардзырд дæттын, бардзырд!» Каратыгин æмраст слæууыд, йæ сæр хæрдмæ схъил кодта, йæ цæстытæ цыма къалайæ уыдысты, уыйау сæ иу ранмæ сарæзта æмæ паддзахы хъæлæсæй адьютантыл фæхъæр кодта: «Мæ зæрдæмæ цæуы актергонд Каратыгин. Гъемæ йын иу чыргъæды дзаг шампайнаг арвит!»

Паддзах ныххудт æмæ загъта: «Иттæг хорз! Дæ фæндон дын сæххæст кæндзыстæм».

Дыккаг райсом актерæн йæ хæдзармæ баластой, паддзахы ныккæндæй кæй систой, ахæм ахъаззаджы шампайнаг сæн.

* * *

Иухатт император Александр III Гатчинæйы цады был бадти. Уыцы сахат æм йæ дæлбартæ бацыдысты æмæ йын загътой, Стырбританийы минæвар дæм æрбацыди, зæгъгæ. Император,

æнгуыры къæбæлæй йæ цæст нæ иста, афтæмæй бахъуыр-хъуыр кодта: «Уырысы паддзах цалынмæ кæсаг ахса, уæдмæ уал Европæ банхъæлмæ кæсæд».

* * *

Иухатт Александр Дюмайæ куырдтой 25 франчы, тæрхондоны пъырыстыфæн æхца æмбырд кæнæм, зæгъгæ. Дюма 300 франчы систа æмæ загъта: «Æхцайы мыггагæй мæм цыдæриддæр ис, уый уын дæттын æмæ дзы тæрхондоны пъырыстыфтæй дыууадæсы баныгæнут».

* * *

Жорж Сандмæ уыди гыццыл куыдз æмæ-иу æдзухдæр йемæ хъазыд. Иу ахæм афон фыссæг Шопены цур сдзырдта: «Курдиат мæм куы уаид, уæд мæ куыдзы тыххæй исты ныффыссин». Шопен æй фехъуыста æмæ ныффыста æмбисонды вальс (64-æм опус). Шопенæн йæ хæлæрттæ хорз зыдтой, вальс куыд райгуырд, уый, æмæ йæ схуыдтой «Чысыл куыдзы вальс».

* * *

Иухатт Ампер фæцæйцыд уынджы. Йæ сæры зилдух кодтой алыхуызон хынцинæгтæ. Уалынмæ дын йæ размæ фæци диссаджы рæсугъд сау фæйнæг. Ампер хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй йæ къандзолы дзыппæй систа, иудадзыг йемæ кæй хаста, ахæм мел æмæ йæ хынцинаг фыссын райдыдта фæйнæгыл. Фæйнæг размæ цæуын куы райдыдта, уæд дæр нæ бадис кодта ахуыргонд, афтæмæй йæ фæдыл цæуын райдыдта, стæй та згъорынтæ.

Фæйнæг разынди къареты фæстаг фарс.

* * *

Цыргъзонд æмæ къæйных адæймаг хуыдтой поэт Генрих Гейнейы. Æмæ раст дзырдтой... Иу рæстæджы поэт куыста газеты уацхæссæгæй. Иухатт цавæрдæр политикон кусæг газеты йæ ныхас бакаст, Гейне йæ куыд ныффыста, афтæмæй. Æмæ дын ыл уыцы политикон кусæг куы амбæлд, уæд фæхъæр ласта: «Æз афтæ нæ ныффыстон!» «Бузныг зæгъ, бузныг, – æнцад-æнцойæ дзуапп радта поэт-журналист, – дæ бырынкъыл дын цалдæр зонджын ныхасы кæй бавæрдтой, уый тыххæй».

* * *

Гейне уæззау рынчын фæцис. Йæ хæлар æм рынчындонмæ бацыди. Тæккæ уыцы сахат дыууæ санитаркæйы поэты фæцæйластой ног хуыссæнуатмæ. Гейнейы йе 'мбал фæрсы, куыд дæ, зæгъгæ. Гейне дзуапп радта: «Иттæг дзæбæх. Дæхæдæг æй уыныс: сылгоймæгтæ мæ сæ къухтыл хæссынц».

* * *

Иухатт Дантесмæ уазæгуаты бацыди парижаг коллекционер-пушкинист æмæ йæ фæрсы: «Æмæ дын гениимæ цы дуэль уыд, уый та... Куыд æм систай дæ къух? Ау, нæ йæ зыдтай, чи у, уый?» Дантесæн уый фæхъыг: «Æмæ мын æндæр цы гæнгæ уыд? Куы мæ амардтаид, уæд та! Уый фæстæ сенатор кæй сдæн, уый дæ цæмæн ферох?»

# ÆМБИСÆНДТÆ

## Хъысмæтæн ивæн нæй

Карз хæсты рæстæг номдзыд япойнаг разамонæг Нобунага сфæнд кодта йе знæгты ныхмæ ныббырсын, афтæмæй та Нобунагайы æфсæдтæй уыдысты дæс хатты фылдæр. Фæлæ Нобунагайы фидарæй уырныдта, кæй фæуæлахиз уыдзæн, уый. Йе 'фсæдтæ та тынг гуырысхо кодтой.

Фæндагыл хæстон разамонæг æрлæууыд кувæндоны цур æмæ йæ хæстонтæн загъта:

Фыццаг уал æз ныллæг æркувдзынæн кувæндонæн, стæй суари суилдзынæн, æмæ кæд цыг абада, уæд састы бынаты баззайдзыстæм, кæд цæргæс абада, уæд та уæлахиз фæуыдзыстæм. Мах иууылдæр хъысмæты дæлбар стæм. Нобунага бацыд кувæндонмæ æмæ æнæдзургæйæ скуывта. Куы рацыд, уæд суари суылдта æмæ йе 'фсæддонтæн равдыста, суари цæргæс кæй абадт, уый. Салдæтты уайсахат ныфс бацыд æмæ абырстой знаджы ныхмæ. Æнцонæй сæ къухы бафтыди знæгты басæттын. Цæвиттон, цыбыр рæстæгмæ фæуæлахиз сты.

– Хъысмæтæн ивæн нæй, цыфæнды куы уа, уæддæр, – загъта хæстон разамонæджы фæсдзæуин, хæст куы фæци, уæд.

– Ай-гъай йын нæй ивæн, – дзуапп радта Нобунага æмæ йæ фæсдзæуинмæ равдыста, йæ дыууæ фарсыл дæр цæргæсы ныв кæмæн уыд, уыцы суари.

## Дæуыл та цæстытæ ис

Зæронд моладзан йæ ахуыргæнинагимæ фæцæйцыди куырм мæгуыргуры рæзты. Мæгуыргур бадти тротуарыл.

– Исты йын ратт, – загъта моладзан.

Ахуыргæнинаг мæгуыргуры худы ныппæрста лыстæг æхца.

– Хъуамæ дæ худ систаис, аргъ ын кæй кæныс, уымæ гæсгæ.

– Цæмæн?

– Афтæ хъуамæ кæнай кæддæриддæр, мæгуыргурæн исты куы дæттай, уæд.

– Æмæ куырм куы у, – загъта ахуыргæнинаг.

– О, фæлæ дæуыл та цæстытæ ис, – дзуапп ын радта моладзан.

*Цъары фæрстыл:*

*2. Джыккайты Мурат. Амазонкæ.*
*3. Соскъиты Владимир. Мады сурæт.*

* * *


| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Зам. гл. редактора, проза | *Б. М. ГУСАЛОВ* |
| Ред. отдела поэзии и драматургии | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |


* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель и *издатель*:
Министерство культуры РСО-Алания.
362040. г. *Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 10.03.17. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 114. Цена свободная.
Выход из печати 30 марта 2017 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247